Tindak menjang Sedajoe⁹¹ didèrèkaké Tw. Soekatja lan Diakon⁹² Poedja. Tekan Sedajoe R.D. Padmasepoetra wis njedijakaké sakabèhé. Djam 7.30 R.K. ngoendjoekaké Mis, bandjoer maringaké Sakramen Kasantosan marang sadoeloer loewih saka 60. Noeli dahar sarapan karo para oemat Kath. lan para tamoe Penewoe Pedes, Penewoe Ngidjon, Penewoe Sentolo, wakil Masjoemi 2 panggonan, wakil politie, laskar ra'jat, tentara, pengairan, social, persindo⁹³ lan lija-lijané. Pahargjan rampoeng djam 12,30. R.K. noeli dahar. Bakda dahar nitih montor toewa menjang Sentolo⁹⁴, kebak barang + R.D. Padma, Diakon Poedja, Br. Servaas. Toeroet dalan deg-degan. Tekan wetan kretek Praga band ngarep sisih kiwa gembos, bakda momba teroes menjang Assisten⁹⁵ Sentolo, perloe ganti band lan R.K. noeweni Penewoe. R.K. Sentolo. ± Djam 4 Boediman, Soekatja + Boediman junior metoek R.K. ngagem montor lan didèrèkaké menjang Bara. Diakon Poedja, Br. Servaas lan barang-barang ngagem montor rosokan maoe. ± Djam 5 R.K. rawoeh ing Bara. Para oemat R.K. wis ander ngentèni wiwit djam 12. Sarawoehé R.K. teroes ditampa kanti oepatjara ana ing gredja. Bakda astoeti lenggah ing pendapa pastoeran disowani para panitija.

13 April 1947. Ngahad.

Oedan. Djam 7,30 R.K. ngoendjoekaké Mis lan nampakaké Sakramen Kasantosan marang ± sadoeloer 180. Bakda Mis dahar

sarapan ana ing pastoeran. Djam 10 tekan 12 pahargjan ana ing djoglo Bara. Sadoeloer kang sowan akèh banget, senadjan pada klotjot. Pendapa kebak djedjel rijel. Selingan perangé Dawoed lan Goliath⁹⁶. Kang djogèd botjah lola Broederan. Mengkono oega kang ndalang lan naboech oega Broeder lan botjah lola. Soréné djam 5 R.K. ngoendjoekaké astoeti semoea. Rembagan karo Br. Servaas.

14 April 1947. Senèn.

R.K. ngoendjoekaké Mis djam 6 ana ing gredja Bara. Bakda sarapan para *groot seminarist*⁹⁷, R.D Padma lan Diakon Poedja koendoeran. R.K. nampi tamoe. Soréné djam 5,30 R.K. nampi pahargjané para botjah lola ing Broederan. disegah petilan Dawoed lan Jonathan⁹⁸. R.K. paring pangandikan.

15 April 1947. Selasa.

Mis kaja wingi. R.K. nampi tamoe. Djam 5,30 tindak menjang Soesteran, ditampi botjah lola lan disegahi tembang, noeli lenggahan ing Soesteran. R.K. ngrembag prekara ngamping-ampingi wewenaning misi lan rochanining oemat Kath.

16 April 1947. Rebo.

Mis kaja wingi. Djam 10 panggihan karo pamong pradja ana ing Broederan. Kang rawoeh Regent Sentolo, Penewoe Sentolo, Penewoe Nanggoelan, Kenteng, Kalibawang, Mantri Poelisi, loerah-loerah, l.l.⁹⁹ Disegah tingalan: perangé Dawoed lan Abner¹⁰⁰, kesanggoepané Jonathan lan Dawoed, panembrama lan dolanané botjah wadon Soesteran. Regent lan para penewoe

+ polisi loro medar sabda, ngatoeraken soegeng rawoeh, nglairké gambira lan pangadjab widada. Djam 12.30 boebaran. Nampi Br. Petrus Claver.

17 April 1947. Kemis.

Mis kaja wingi. Rembagan karo Br. P. Claver. Nampi Br. Basoeki. Djam 10 tindak Soesteran, djam 12 tindak Broederan. Soréné nampi tamoe. Rama Poerwadi sowan.

18 April 1947. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. R.K. nampi Rama Danoe, mriksa boekoe, nampi tamoe. Djam 1 dipetoek motoré Hadisoetjipta + Marwata, Soekatja, Singgih, Semeroe. Djam 1,45 djengkar saka Bara, dioentapaké botjah lola lan para Broeder + panitija. Djam 2,15 rawoeh ing Nanggoelan, dibagèkaké para sadoeloer saka ing Nanggoelan, Kenteng lan lija-lijané. Noeli lenggahan ing pastoeran Nanggoelan, maringi pitedah warna-warna. Djam 3,30 ngladjengaké lampah. Djam 3,50 rawoeh ing kapanewon Sentolo, tinampi sadoeloer Kath. Sentolo lan para wewakiling djawatan kang doeroeng tindak menjang Bara, kang woes pada samekta lenggah ing pendapa. Bakda pada ngendikan djam 5 koendoer menjang Kota-baroe, metoe Godean kesasar tekan Sleman. Djam 6,10 rawoeh ing St. Ignatius College, disowani para siswa seminari Ambarawa. Para siswa moendoer, R.M.¹⁰¹ Soerjaparwata sowan ngrembag bab pahargjan perkenalan. R.K. paring igoeh bab oelem-oelem kang njetakaké menawa kang ada-ada sadoe (loe)r Kath. Mataram: Sarana tetemboengan: oemat

Kath Mataram mempersembahkan kesempatan terhadap Mgr. oentoek mengenal diri, etc.¹⁰² Papan tjalon ana ing Bintaran, bladah tembok.

19 April 1947. Setoe.

Djam 9,30 R.K. rawoeh ing dalemé dr. Sentral perloe moendoet katerangan menjang Bintaran bab oepatjara ing Wates. Nalika samana Soemitra sowan, nggawa toekang potrèt lan motret R.K. Awan lan soré tampi tamoe.

20 April 1947. Ngahad.

Djam 6,15 ésoek R.K. djengkar menjang Wates ngagem motore Hadisoetjipta, diderekaké Diakon Soerabaja, Hadisoetjipta, Singgih, Semeroe. Djam 7,30 ngoendjoekaké Mis, maringaké Sakr. kasantosan. Dahar sarapan ana dalemé Soemandar. Djam 11 pahargjan ana ing gedong oemoem, sadoeloer Kath. pamong pradja wakil djawatan lan bebadan. Kangdjeng Boepati sesorah nglairaké atoer panoewoen, bingah, neda pangestoe, paring pitedah marang parepatan. Djam 12,20 R.K. koendoer kaderekaké R.P. Martawerdaja, Diakon Soerabaja, Hadisoetjipta, Singgih, Semeroe. Ana ing koeta ndjoedjoeg Bintaran teroes lenggah ing kana.

21 April 1947. Senèn.

R.K. ngoendjoekaké Mis djam 6,30 ing gredja Bintaran. Nampi tamoe. Awan nampi tamoe oega.

22 April 1947. Selasa.

Mis kaja wingi. Rembagan bab Gandjoeran lan ndjoepoek mobil karo R.P. Djajasepoetra. Djam 12, R.K. didèrèkaké R.P. Mertawerdaja tindak menjang Broederan Kidoel Lodji Lenggah lan dahar ana ing kana ngantos djam 13,30. Soré tampi tamoe.

23 April 1947. Rebo.

R.K. ngoendjoekaké Mis semoea ana ing gredja beneri riaja pangajoman St. Joseph. Bakda sarapan disowani R.P. G. Vriens, R.P. Superior de Quay sowan rembagan. R.J. Djajaatmadja sowan rembagan bab ngrawoehaké Rama Holthuizen, Ruding, v. Busch, Bouwens, Kunkels atas namané Kantor agama. R.K. nampi pisowané wong djedjodohan kang tansah regedjegan.

24 April 1947. Kemis.

R.K. ngoendjoekaké Mis ing gredja djam 6,30. Bakda sarapan nampi Broto saka kantor agama, njaosake lajang katerangan menawa R.K. nanggal, bilih rama lan frater Londo lelima kaseboet doewoer ora bakal tjampoer tangan karo prakara politiek. Botjah 6 klas 6 Soesteran sowan njoewoen berkah. Djam 10 R.K. tindak menjang Soesteran, + kang ngatoerake kepengin nampi sewan oetawa baliné omah-omah kang dienggo negara. Djam 5 R.K. mirengaké sjarane taman kanak-kanak Broederan. Tampi tamoe kaja déné R.P. Soetapanitra etc.

25 Apr. 1947. Djoemoewah.

R.K. Mis kaja wingi, litani¹⁰³ sangarepaké Mis. (Kalimat ini dicoret: *Bakda sarapan djam 9 paring pimoelang marang S.K.P. gantine*

Rama Martaverdaja.) Nampi R.P. Schoonhoff, Djajasepoetra, R.D. Padmasepoetra; Dwidjasoesanta; R.P. Superior de Quay + tamoe.

27 Apr. 1947. Setoe.

Mis kaja wingi. Nampi tamoe. Soré ngebihi.

28 April 1947. Ngahad.

Djam 6,20 djèngkar menjang Wonosari didèrèkaké Diakon + Singgih lan Soemeroe ngagem mobil saka Angkatan oedara. Tekan Wonosari djam 8 teroes ngoendjoekaké Mis. Bakda Mis nampekaké Sakr. kasantosan noeli dahar sarapan ing omahé sd.¹⁰⁴ Noer, ngampiri omahé Soepa, lenggah pahargjan ana ing penda(pa)né Boepati Airén.

29 April 47. Selasa.

Djam 6 ngoendjoekaké Mis ing Bintaran noeli tata-tata. Mis kanggo panitija Mataram. Djam \pm 3 R.K. dipetoek mobil kanti resmi kang ndèrèk metoek Pangarsa panitija + Hardja tjarik pastoeran Klaten. Tekan Brambanan¹⁰⁵ dipetoek mobil isi tentara + truc isi polisi. Ana ing Gondang winangoen para sadoeloer Kath. ing sakiwa tengené pada ngadang ana ing ngarep omahé Hadi pinggir dalan gedé, pada djèngkeng njoewoen berkah. Ing ngarep roemah sakit Klaten, para sedoeloer R.K. pada mapak noenggang sepeda, kreta lan dokar noeli arak-arakan menjang pastoeran Klaten. R.K. ditampi ngagem oepatjara ana ing gredja, noeli disowani para sadoeloer saka Klaten lan sakiwa tengené

kang djedjel rijel ngadep ana ing plataran pastoeran. Bakda dibagekaké R.K. paring wangsoelan jèn rena marga mriksani sadoeloer Klaten pada ma'moer lan soeboer.

30 April 47. Rebo.

Djam 6 Mis gedé ing gredja Klaten. Djam 7,30 dahar sarapan. Djam 8 tindak menjang Soran. Karangangka, didèrèkaké R.D. Poerwadihardja lan Hardja Tjarik. Tekan Soran dipahargja lan dipasoegatani. Djam 2 rawoeh ing Klaten. Soréné nampi tamoe.

1 Mei -47. Kemis.

Djam 6 Mis loemrah djam 8 tindak menjang Bajat dipahargja lan disoegata dahar. Djam 3 koendoer ing Klaten. Soréné ngoendjoekaké astoeti lan paring piwoelang ana ing gredja. Noeli tindak toewi Soesteran Klaten. Tekan Wedi kepeksa mèloe arak-arakan kaoem boeroeh. Bareng para oemat Kath. pada weroeh titihan R.K. noeli djengkeng ing pinggir dalam bebarengan njoewoen berkah. Sarehné tanggoelé dadal lan dadi kali ngrosak sawah R.K. dipanggoel wong 4 lenggah ana ing koersi. Djam 10 rawoeh ing Bajat dipahargja betjik banget, loewih-loewih sandiwara dolanan botjah-botjah lan sesorahé pangarsa lan wakil oemat Kath. Bakda dahar disowani para oemat Kath. miroenggan. Koendoeré kegrimisan setitik. Sorené astoeti mawa woelangan, bandjoer noewèni para soester.

2 Mei 47 Djoemoewah.

Mis djam 6 mawa siniwakan ana ing Klaten. Djam 8 tindak menjang Bon Aroem ndèrèk R.D. Poer dipahargja lan disoegata

dahar. Djam 1 koendoer. Sorené astoeti dioendjoekake Rama Poerwadi. Djam 4,30 Rama Kandjèng maringi conferentie para Iboe ana ing S.M.K. Sorené djam 7 conferentie kanggo P.K.R.I. ana ing pamoelangan pertoe kangan. Djam 8 koendoer disowani Marjati + Soetadi.

3 Mei 47. Setoe.

Mis djam 6 nganggo woelangan bab para imam mbeneri Saptoe imam¹⁰⁶. Djam 8 nitih kreta menjang Saidan, didèrèkaké R.P. Poer. Pahargjan regeng pepak, ramé nanging rada demokratisch kang koerang djedjeg. R.K. ora dahar, nanging teroes koendoer menjang Klaten. Djam 4 soré moelang Marjati lan Soetadi, ngebihi, ngidjabaké, maringi kasantosan marang Soetadi, baptis botjah kembar, keponakané Marjati, ngebihi manèh nganti djam 7,30.

4 Mei 47. Ngahad.

Djam 6 Mis loemrah maringaké Sakramén kasantosan mara ing sadoeloer + 200. Bakda sarapan tindak menjang Djagalan ing omahé Soetanta kang dipadjang-padjang ngengreng minangka nampi pahargjan binaroeng ing gangsa. Kabèh toemindak semoea, tata, apik. Kang ngrahapi Najaka moeda Pengadilan Mr. Hadi Boepati Patih¹⁰⁷ lan para panggedé lijané, wakil-wakil ra'jat, Djawatan, badan bebadan. Kang sesorah pangarsa panitija, Wakil oemat Kath., Mr. Hadi Menteri Moeda Kehakiman, Boepati, R.K. Djam 5 soré astoeti kanti semoea ana

ing gredja Klaten. Bakda astoeti diarak menjang Wedi, ana ing Wedi disowani panitija lan njaré ing kana.

5 Mei 47. Senèn,

Djam 6 Mis gedé. Bakda Mis dahar sarapan, teroes pisowanan, paring pangandikan dateng para bapa, para iboe, para djaka toewin prawan. Djam 7 sonten pahargian wonten ing besaran. Inggang ditekani sadoeloer ± 2000. Bakda sesoerah R.K. teroes koendoer menjang Klaten.

6 Mei 47. Selasa.

Djam 6 Mis loemrah ing gredja Klaten. Djam 8 tindak Poetak didèrèkaké Br. Tirta + tilas cathechist¹⁰⁸ Salatiga ing Soran. Dipahargja lan dipasoegata kanti resep lan eklasing ati. Kang ngregengaké botjah-botjah saka Djatinom, sing mimpin Soekati lan adiné. Djam 2,30 rawoeh ing Klaten. Djam 4 conferentie kagem para pemoedi, djam 6 kagem para pemoeda. Djam 7 kagem para bapa ing pamoelangan pertoeckangan.

7 Mei 47. Rebo.

Djam 6 Mis ing gredja Klaten, djam 8 tindak menjang Garoetan. Didèrèkaké R.D. Poerwadi + Hardja Tjarik. Djam 3 rawoeh ing Klaten. Soré nampi tamoe.

8 Mei 47. Kemis.

Djam 6 Mis ing Klaten, djam 9 dipahargja para moerid ana ing ngarep pastoeran. Djam 4 tindak Djombor. Djam 8

koendoer sing dèrèkaké R.D. Poer lan Br. Tirta. Pahargjan semoea. Wirong¹⁰⁹ X 2, srimpi¹¹⁰ X 1.

9 Mei 47. Djoemoewah.

Djam 5,45 tindak menjang Wedi, Mis, dahar sarapan, mriksani omah, nampi pisowanan, dahar bebarengan karo panitija. Djam 6 koendoer menjang Klaten, mampir roemah sakit. Sadoeroengé koendoer disowani para sadoeloer ngoempoel ana ing ngarep pastoeran Wedi. Djam 7 disowani panitija Klaten ana ing pendapa pastoeran.

10-5-47. Setoe.

Djam 6 ngoendjoekaké Mis ing gredja Klaten. Bakda dahar sarapan, djengkar saka Klaten, koendoer marang Ngajogja, didèrèkaké R.D. Poer lan Hardja Tjarik ndjoedjoek Bintaran. Djam 10 dipetoek R.D. Sandjaja tindak menjang Magelang, sopire Linie, tekan Moentilan band nggembos. Djam 1 tekan Magelang mampir panggonané Oe(i) Kok Tien, noeli teroes menjang Pastoeran. Djam 7 diprokohi ana ing nggone Oei Kok Tien. Kang rawoeh Goepernoer Wongsonegara sekalijan, Residen¹¹¹ Mr. Soejoedi sekalijan, Walikota sekalijan, regent¹¹² sekalijan. Djam 10 brokohan rampoeng.

11-5-47. Ngahad.

Djam 6 ngebihi ana ing gredja. Djam 8 Mis lan paring piwoelang. Bakda Mis tampa tamoe. Djam 5,30 astoeti. Djam 7 ngrawoehi fm. Setia lan dahar ana ing kono. Djam 8,30

koendoer.

12-5-47. Senèn.

Djam 6,15 Mis. Djam 7,30 koendoer menjang Ngajogja, didèrèkaké R.D. Sandjaja lan Setijasa, njaré ing Pastoeran Bintaran.

13-5-47. Selasa.

Djam 6,30 Mis ing Bintaran. Djam 2 tindak Solo didèrèkaké Partana lan Singgih, ndjoedjoeg lan njaré ing Pastoeran Poerbajan, dibagèkaké panitija + kepandoean Tiong Hwa.

14-5-47. Rebo.

Djam 6 Mis ing Poerbajan. Akèh kang nderèk. Nampi tamoe lan njerat.

15-5-47. Kemis.

Mekrad dalem S. Kr.¹¹³ Mis semoea djam 6 ing Poerbajan. Paing piwoelang ing Mis djam 6 lan djam 8. Bakda astoeti medjang Amkri kang ngoempoel ing S.M.K.

15 Mei. Kemis 1947.

Djam 6 R.K. ngoendjoekaké Mis semoea ana ing gredja Poerbajan diladosi R.P. Poespa + Tjakra, paring piwoelang sadjroné Mis. Sadjroné Mis djam 8 oega paring piwoelang. Bakda Mis tindak toewi fm. Soerjamoersandi + Sasragahana didèrèkaké R.P. Poespa. Djam 4 disowani pangrèh Amkri. Djam 5 ngoendjoekaké diladosi R.P. Poespa Bakda astoeti paring

pangandikan marang warga Amkri.

16 Mei Djoemoewah 1947.

Djam 5,20 tindak menjang Batoeretna didèrèkaké Kapten Roesmin, noenggal samotor; didèrèkaké Soebandi lan Karna nganggo *reserve auto*¹¹⁴. Djam 7,30 ngoendjoekaké Mis lan paring piwoelang. Bakda Mis pahargian ana ing sekolahan, diombjongi *divissi commandant*¹¹⁵ lan wakil-wakil bebadan. Djam 11,30 dahar sarapan. Djam 12 tindak menjang Wonogiri, didèrèkaké R.D. Tjakra, Kapten Roesmin noenggal samotor, apa manèh Medi lan Soekarna ana ing *reserve auto*. R.K. manggèn lan njaré ana ing dalemé pak Djeksa¹¹⁶. Djam 2 dahar sijang karo panitija, Pak Djeksa lan Boe Djeksa, diladosi para wanita Kath. kang ngolah olahaké R.K. Djam 4 wiwit nampi tamoe pakempalan pemoeda, peladjar lan botjah-botjah R.K. lan para sepoeh. Djam 7 dahar kaja awané. Djam 8 pepanggihan semoea ing (pen)dapa kaboepaten, kang kebak tamoe saka pakoempoelan, golongan lan djawatan. Kang medar sabda pengarsa panitija, wakil oemat Kath. wakil Tjong Hwa, Boepati, R.K. Djam 10 boebaran.

17 Mei 1947, Setoe.

Djam 6,30 ngoendjoekaké Mis ana ing kapel Wonogiri lan paring piwoelang. Bakda Mis R.K. manggihi oemat Kath., mertamoe Bah Poa kang sakit persangkan, koendoer menjang djeksan dahar sarapan. Bakda dahar sarapan koendoer menjang Solo, menjang pastoeran Poerbajan, didèrèkaké R.D. Tjakra, Roesmin, Soebandi samotor. Soréné djam 4,30 R.K. dipetoek

R.P. Djana tindak menjang Poerwasari, ana ing kana disowani sadoeloer Poerwasari.

18 Mei 1947. Ngahad.

Djam 6,15 R.K. paring piwoelang ana ing gredja, djam 7,30 ngoendjoekaké Mis gedé paring piwoelang, disjarake Radio Solo. Bakda dahar sarapan paring wedjangan marang para Bapa lan iboe ana ing S.M.K. Soréné bakda dahar, djam 8,15 tindak menjang Sri katon¹¹⁷, mriksani sandiwara Kilonides, kang dipertontonaké oemat R.K.

19 Mei 1947. Senèn.

Djam 6 ngoendjoekaké Mis ing Poerwasari, bandjoer nampi tamoe. Soréné djam 4 toewi Panapranta, paring wedjangan pemoedi, toewi Soesteran.

Catatan:

Ada 2 lembar yang mencatat ulang dari beberapa tanggal yang sama (16 s/d 21 Mei) yang memuat beberapa informasi baru. Beberapa tanggal (20 dan 21 Mei) kemudian dicoret.

16 Mei 47. Djoemoewah.

Djam 5,30 tindak menjang Batoeretna, noempak motor didèrèkaké kapiten Roesmin T.R.I.¹¹⁸ noenggal samontor; apa manèh Soebandi lan Soekarna nganggo montor lija. Tekan Batoeretna ngoendjoekaké Mis lan paring piwoelang, noeli pahargjan ana ing pamoelangan kang toemindak gajeng. Sadoeloer saka Tirtamaja lan lija-lijané pada merlokaké teka.

Djam 11,30 pahargjan boebar, bandjoer dahar sarapan ana ing ngomahé Soetidjah. Djam 1 tekan ing Wonogiri, ndjoedjoeg ing dalemé pak Djeksa. Bakda lenggahan sadela, noeli dahar ana ing dalemé boeri. Kang olah-olah lan nglados W.K.¹¹⁹ Bakda dahar potret karo panitija, Bapak Djeksa lan Iboe djeksa. Bakda siram nampi tamoe, pemoeda lan pemoedi ora Kath, sadoeloer Kath pada sowan. Djam 7 d(a)har soré, djam 8 pahargjan ing pendapa kaboepaten, kang katon regeng. Djam 10 pahargjan rampoeng.

17 Mei 47. Setoe.

Djam 6,30 ngoendjoekaké Mis ing omahé Dirdja lan paring piwoelang. Bakda Mis potret karo oemat Kath noeli niliki T'iong Hwa kang lagi lara bandjoer dahar sarapan ana ing dalemé pak Djeksa. Djam 10 koendoer menjang koeta didèrèkaké kapiten Roesmin, Soebandi, Rama Tjakra kang pada lenggah ing boeri, R.K. djedjer sopir. Soréné djam 4,30 R.K. dipetoek montor noeli didèrèkaké R.P. Djana lan Wahjasoedibja tindak menjang Poerwasari. Ana ing kono dibagèkaké para sadoeloer Poerwasari.

18 Mei 47. Ngahad.

Sadjroné Mis djam 6 R.K. paring piwoelang marang para sadoeloer ana ing gredja Poerwasari. Djam 8 R.K. ngoendjoekaké Mis gedé, paring piwoelang lan disjarake radio. Djam 11 paring wedjangan marang para Iboe lan Bapa ana ing S.M.K. Bakda astoeti djam 7 dahar, noeli mriksani sandiwara Kilonides. Ana ing

kono dipanggihi wakil Presiden, Bapak Soedira lan R. Soetadi, directoer pamoelangan R.I. ing Semarang.

19 Mei 47. Senèn.

Djam 6 Mis ing Poerwasari. Bakda Mis tampi tamoe. Djam 11 toewi Soesteran. Soréné djam 4 toewi Ponopranata. Djam 4,30 maringi instructie marang pemoedi ana ing sekolah ra'jat Zoesteran bab timbalan.

Catatan:

Bagian berikut ini tanggal 20 dan 21 Mei yang pertama tulisannya dicoret silang.

20 Mei 47. Selasa.

Mis kaja wingi. Ésoek nampi tamoe. Soré djam 5 nitih montor tindak menjang Bojolali, didèrèkaké R.P. Hadisoedjana + Soebandi. Djoedjoek ing omahé Dirdja Achmad. Para sadoeloer saka kiwa tengen Bojolali pada merlokaké sowan. Djam 8 pahargjan ing omahé Dirdja. Kang meloe ngregengaké Boepati Wedana, asw.¹²⁰ commandant kazerne¹²¹, wakil-wakil djawatan, golongan lan pakoempoelan. Djam 10 boebar pahargjan dahar, teroes njaré ing kono.

21 Mei 47. Rebo.

Mis ing kapel Bojolali djam 6,30 lan paring piwoelang. Djam 8 sarapan, djam 8,30 koendoer menjang Solo, mampir pastoeran Poerwasari, noeli ladjèng menjang pastoeran Poerbajan. Djam

10 tindak mriksa S.M.K., S.K.P., sekolah ra'jat Tjong Hwa lan sekolah ra'jat Soesteran. Soréné nampi tamoe noeli noewèni Soekarna,, Srihadi, Rabija, Hardjasoebrata.

20 Mei 1947. Selasa.

Mis kaja wingi. Bakda dahar sarapan nampi tamoe. Djam 5,30 tindak menjang Bojolali didèrèkaké R.P. Hadisoedjana + Soebandi. Djam 6,30 tekan ing Bojolali, ndjoedjoek ing omahé Achmad Dirdja kang woes samekta minangka pahargjan. R.K. lenggah nglebet, oemat kath. pada oeroet katjang tjao pangabekti. Djam 8 pahargjan, kang ngrawoehi Boepati, patih, Divisi komandan, Wedana, asistent wedana lan wakil-wakil bebadan apa manèh djawatan lan golongan. Kang medar sabda, wakil oemat Kath.; Boepati Pengoeloe, wakil penerangan, R.K. Bakda pahargjan dahar. R.K. njaré ing kono.

21 Mei 1947. Rebo.

Ésoeke R.K. ngoendjoekaké Mis ana ing pamoelangan misi ing altaar kang sarwa prasadja. Kang ndèrèkaké akèh. Djam 8,30 R.K. koendoer menjang Solo ndjoedjoek pastoeran Poerwasari, noeli ladjèng menjang pastoeran Poerbajan ± djam 10. Djam 10 teroes ngrawoehi S.M.K., S.K.P., lan ra'jat Sempoerna lan ra'jat Tjong Hwa. Soréné djam 5 R.K. rawoeh ing S.M.K. lan paring pangandikan marang sadoeloer Tjong Hwa. Djam 6 ngrawoehi S.M.T.K.¹²² noeli noewèni Soekarna, Srihadi + Robija, Hardjasoebrata. Djam 8,30 koendoer ing pastoeran.

22 Kemis Mei 1947.

Djam 6 Mis gedé ing Poerbajan kanggo panitija. Noeli tampi tamoe. Djam 2,30 koendoer menjang Ngajogja didèrèkaké R.M. Ir. Soerjamoersandi + Soekarna. Mobielé ana ing dalan kerep réwél, ndjaloeok soeroengan. Mampir pastoeran Klaten perloe ndandani. Tekan Pastoeran Bintaran djam 6,30. Bakda dahar pendèrèk djèngkar saka Bintaran.

23 Mei 47. Djoemoewah.

Djam 6,30 R.K. ngoendjoekaké Mis ana ing Bintaran. Tata-tata tampi tamoe. Djam 5 tindak Kotabaroe didèrèkaké mobiel Boediman, ndjoedjoek dalemé dokter Sentral. Djam 7,30 nampi tamoe S.M.T. Amkri.

24 Mei 1947. Setoe.

Djam 6 Mis ana ing gredja Kotabaroe. Bakda Mis R.K. rembagan karo p(a)ra kang winadjib, kapoerih jasa oelar-olar minangka noentoen oemat Kath ing mangsa kebak soalan saiki iki. Perloe brantas bebaja ilmoe kang njamari. Soréné disowani Panitija Pasar Derma Tiong Hwa, kang njaosake keterangan bab olèh-olèhé anggoné pasaran. Bisa ndandani Pamoelangan Dagen sewoe; Panitija Mataram rong atoes sèketan, déné R.K. nampa teloeng ewoe loewih satitik. Kang sewoe loewih satitik diparingake Presiden Seminarie Agoeng. Teloeng atoes ditilarake Bintaran, minangka djagani soré pisahan.

Ngahad. 25 Mei 1947.

Rijadi Pentekostah¹²³. R.K. ngoendjoekaké Mis djam 8 lan mberkahi Rama pradja lima; 3 Vikariaat¹²⁴ Semarang; sidji

Vikariaat Soerabaja; sidjiné Vikariaat Djakarta. Bakda berkahan ngrawoehi Seminarie, mèngeti para rama kang mentas winisoeda sakoelawargané, dahar ana ing seminarie agoeng; soréné djam 5 koendoer menjang Bintaran. Djam 7 ndjenengi pahargjan kang mentas binerkahan lan paring pangandikan. Djam 6 ndèrèk astoeti. Bakda pahargjan dahar sesarengan karo para *neomist*¹²⁵ ana ing Bintaran.

26 Mei 47. Senèn.

Ngoendjoekaké Mis gedé kanggo para Amkri peladjar ana ing Bintaran. Djam 10 ndjenengi rapat Amkri peladjar lan paring pangandikan. soréné djam 5 tekan djam 6 ndjengeni rapat P.K.R.I. lan Amkri wanita lan paring wedjangan.

27 Mei 47. Selasa.

Ngoendjoekaké Mis djam 6 ing Bintaran, nampi Rama Holthouzen lan Ruding kang mentas rawoeh ing Ngajogja djam 11 bengi 26 Mei 47. bebarengan frater Bouwens lan Beeck, Kunkels. R.P. Wammes sowan. Djam 5 soré Rama Kandjeng djengkar menjang Moentilan ngagem montoré Hadisoetjipta didèrèkaké Singgih lan dipetoek R.D. Dwidjasoesanto lan sadoeloer R.K. saka Moentilan. Saantarané Tegal sari lan Dangean R.K. dipetoekaké Amkri pepitan lan loro noenggang djaran mandé gendra merah poetih lan poetih koening¹²⁶. Tekan Moentilan mijos ngarep College dibagèkaké oemat Kath. kang djèdjèr rapet toeroet pinggir dalan. Saka Broederan¹²⁷ (Noviciaat S.J.¹²⁸) Arak-

arakan menjang gredja College ditampa oepatjara resmi. Bakda oepatjara lenggahan ing pastoeran Sleko dibagèkaké Pamong pradja, wakil tentara P.T.T.¹²⁹ lan sadoeloer R.K. sawetara.

28 Mei 47. Rebo.

Djam 6 R.K. ngoendjoekaké Mis ing mandala¹³⁰. Djam 8 disowani R.P. Schoonhoff, djam 10 noewèni Br. Rasael.¹³¹ Soréné djam 4,30 tindak noewèni Zoesteran. Rebo soré disowani fm. Hardjasoesana Patosan.

29 Mei 47. Kemis.

Djam 6 Mis ing mandala, djam 7 baptis baji 2. Djam 9 tampi tamoe, djam 10 tindak djagalan, djam 11,30 toewi Parata, Partasoebrata, Soréné djam 4,30 - 6,30 lenggahan ing noviciaat S.J. paring dana saka olèh-olèhané pasar derma Jogja. Djam 7-8, djam 8-9 tampi pisowanané djoeroe rawat. Ngarepaké dahar tampi tamoe.

30 Mei 47. Djoemoewah.

Djam 7,30 tindak Mendoet didèrèkaké Br. sena lan montor ...¹³². Djam 8 ngoedjoekaké Mis gede, bakda Mis paring sakr. kasantosan. Noeli dahar sarapan ing kemantren lan ndjènengi pahargjan ing *kopschool*¹³³ Tjandi Mendoet. Tamoe pamong pradja lan désa, perwakilan djawatan lan golongan pepak. Djam 12,15 pahargjan boebar bandjoer koendoer menjang Moentilan. Djam 4-5 nampi tamoe saka Klaten. Soré nampi tamoe mantoené Tien Kim Jong.

31 Mei 1947. Setoe.

Djam 6 Mis ing Mandala. Bakda dahar sarapan manggihi seminarist tjilik kl. 6 kang mentas soedjarah marang Sendang sana. 10-1 nampi tamoe; djam 2-3 nampi tamoe. Djam 7 pahargjan ing College, ing *toneelzaal*¹³⁴, kang dipadjang-padjang memper. Pahargjan dipeng tenanan nganggo panembrama, orkest, srimpi, gara-gara¹³⁵. Djam 10,30 rampoeng.

1 Djoeni 1947. Ngahad.

Djam 6 R.K. ngoendjoekaké Mis gedé ana ing gredja College. Bakda Mis nampèkakén Sakr. kasantosan. Bakda oepatjara kang mentas tampa Sakr. kasantosan ngadep R.K. ana ing noviciaat kang sesorah pak loerah djagalan. Bakda dahar sarapan djam 10 R.K. medjang Amkri pemoeda lan pemoedi. Bakda astoeti R.K. medjang para iboe tekan djam 6,45.

2 Djoeni 1947. Senèn.

Mis ing gredja College. Bakda dahar nampi tamoe, djam 12,15 tindak noviciaat dahar ana ing kana, koendoéré djam 2, teroes nampi tamoe nganti djam 4. Djam 4,45 ndjènengi bal-balan Amkri moengsoeh P.T.T. Amkri menang 2-1. Soréné nampi tamoe.

3 Djoeni 1947. selasa.

Djam 6,30 tindak menjang Salam nitih kréta didèrèkaké Br. Brata, panegar kang ndèrèkaké rewel djarané. Djam 7,30 Mis gedé ing salam noeli nampèkaké S.K. Bakda sarapan ana ing omahé

Djaja Rapi kang senèng banget. Noeli pahargjan ing pendapa kawedanan ...¹³⁶. Wiwit djam 2, nampi tamoe, djam 4,30 nitih kréta menjang Moesoek. Djarane rewel kapeksa ganti, nganti rawoeh ing Moesoek kasep. Tekan Kadipoera dipapagake barisan pemoeda Amkri lan lijané. Tekan Moesoek teroes pahargjan ana ing panti chalwat¹³⁷ kang kebak tamoe lan penonton. Petilan lan panembrama loemajan. R.K. njaré ing Moésoek. Esoeke djam 7,30 ngoendjoekaké Mis gedé, sadoeroengé ngebihi olèh 7.

4 Djoeni 47. Rebo.

Djam 8,15 bakda Mis gedé R.K. maringaké Sakramén, noeli dahar sarapan lan disowani oemat K. R.K. paring wedjangan bab persatoean, katresnan, demokrasi sedjati, Katholik moerni. Bakda sesorah koendoer menjang Moentilan, mampir assistent Reksaatmadja, Maria Hoeve¹³⁸. Djam 1 rawoeh ing Moentilan. Bakda dahar teroes nampa tamoe. Soréné medjang para sepoeh.

5 Djoeni 47. Kemis.

Riaja Sakr. Mahasoetji¹³⁹, djam 6 ngoendjoekaké Mis semoea ing College. Bakda dahar sarapan, conferentie para Broeder Rasoel, djoeroe rawat, nampi penggedé Poelisi Mertajoedan, R.P. Djajaatmadja. Awané djam 4,30 djengkar menjang Magelang dipetoek montor Setijasa lan Wardjaja. Rawoeh ing Magelang oepatjara resmi ing gredja noeli disowani panitija.

6 Djoeni 47. Djoemoewah.

Djam 6,15 ngoendjoekaké Mis ing gredja mawa sinewakan, diladosi R.D. Sandjaja. Djam 10,30 pisowanan panitija Misi. Soré ndèrèk astoeti. Djam 5,30 - 7,45 medjang para wargané P.P.P.M. Persatoean Poetera Paroki Magelang.

7 Djoeni 47. Setoe.

Mis djam 6,15. Bakda Mis njerat. Soré djam 5,30 disowani P.K.R.I. oetoesan saka Temanggoeng Pak Koernel lan Soe trima.

8 Djoeni 1947. Ngahad.

Djam 5,45 R.K. ngebihi nganti djam 7,45. Djam 8 Mis gedé. Bakda Mis nampèkaké Sakr. kasantosan. Bakda oepatjara ing gredja potret ing ngarep gredja, noeli dahar sarapan. Ngendikan karo Wignja. Soréné pisowané oemat Kath Magelang. Pendapa kebak. Tontonan diborong Soesilawati lan moerid-moeridé. Kabèh ngresepaké. Moeng atjarané bingoeng. Djam 8 pisowanan rampoeng kang soewé. Bakda atoer semoea ditindakake R.K.

9 Djoeni 47. Senèn.

Djam 6,5 Mis loemrah. bakda sarapan nampi R.P. Padmawihardja, M.S.C.¹⁴⁰, Lambert Dirdjawanata lan anaké kang boedeg bisoe. Ésoeke nampi keloearga Oei Kok Tien, Koestinah, Soerjana. R.D.L. Dwidjasoesanta saka Moentilan rawoeh. Soréné djam 7 malam perkenalan kang disedahi para pangrèh, djawatan lan wakil-wakil pakoempoelan lan golongan. Kang sesorah

Mr. Wongsonegara Goepernoer, Mr. Soejoedi Residen, Poedja walikota, Mr. Soedjari + panggedé kantor agama. R.K. sedahané mepeng. R.K. lenggah nganti djam 10,45 karo R.D. Sandjaja + Wignja.

10 Djoeni 47. Selasa.

Djam 6,15 Mis ing gredja. Djam 9,30 nampi wartawan Antara. Soré djam 5 conferentie kanggo para goeroe R.K. Poatoesan: Magelang arep dianani ra'jat R.K. R.D. Danowidjaja rawoeh arep moendoet *faculteit*¹⁴¹ kanggo ngidjabake nganggo tjatetan djiwa ing Res. Kedoe¹⁴².

11 Djoeni 47. Rebo.

Djam 6,15 Mis ing gredja. Djam 4 boekak pasar derma, kang diwoedjoedaké dolanan warna-warna, tontonan lan makanan. Djam 10 rampoeng. Kang ada-ada pakoempoelan Kath Tiông Hwa dibantoe P.K.R.I. lan Amkri. Perhatian akèh banget. Olèh-olèhané bangsa loewih teloeng ewoe (reged).

12 Djoeni 1947. Kemis.

Mis djam 6,15 ana ing gredja. R.K. olèh sedahan saka Ahmadijah. Panitija didawoehi mangsoeli jèn ora saged rawoeh gandeng karo conferentie, kang wis ditemtokaké. Soré djam 5 conferentie kanggo pemoeda lan pemoedi maringi priksa, jèn sésoek prajoga maringi pepoelih.

13 Djoeni 1947. Djoemoewah.

Riaja Tyas Dalem¹⁴³. R.K. ngoendjoekaké Mis djam 6,15

mawa sinéwakan, nanging kedjot djer altaar ora dipadjang, ora ana kembangé sak ler-lera. Bakda Mis dawoeh marang R.D. Sandjaja menawa kang kaja mengkono ikoe ora kena toemindak manèh. Djam 9 pisowanan sadoeloer Tiong Hwa Kath Magelang. Pisowanan doeroeng rampoeng R.K. nitih montor menjang Girilaja pasaréan, perloe mriksani pasaréhané para Rama¹⁴⁴, didèrèkaké Wignjasoemarta lan Linus Parta. Ana ing kono dipanggihi kang djaga lan pak Wongso kang metak rama-rama. Bakda sembahjang R.K. neda panarima marang pak Wongso. Noeli koendoer ngladjengaken sarasèjan karo sadoeloer Tiong Hwa nganti djam 12. Soréné djam 4 conferentie karo para iboe lan wanita Kath. Sadoeroengé R.K. ngandarake tjoewaning galih déné ing Riaja Tyas Dalem gredja njenjet sepi padjangan sepi pahargjan. Noeli paring pitedah bab koewadjibané wanita Kath ing djaman samengko. Bakda conferentie ndèrèk astoeti, noeli tampi tamoe sawatara.

14 Djoeni 47. Setoe.

Mis kaja wingi. Djam 8-12 nampi tamoe. Soréné ngebihi sadela. Djam 5-7,30 conferentie kagem para Bapa lan P.K.R.I.

15 Djoeni 47. Ngahad.

Djam 6,15 tindak menjang Temanggoeng nitih montor kemakmoeran, pijambak baé. Saoentarané Kranggan Temanggoeng noetoeti Pak Siner Cornel kang noeli ndèrèk. Tekan ing Temanggoeng lenggah manggihi sadoeloer Kath sadela noeli ngebihi. Mis soetji, maringaké Sakramén kasantosan karo paring

piwoelang. Bakda oepatjara ing gredja, noeli dahar sarapan, lan djam 10 tindak menjang assistenan/Roedjita Djagalan Moentilan), nampi pahargjan oemoem. Kang sesorah Boepati, wakil djawatan, assistent, Pengoeloe, wakil oemat Kath noeli R.K. Djam 12 dipahargja oemat Kath ana ing pamoelangan, nganti djam 2. Djam 2 tindak menjang brajat Tjong Hwa Tjoen Tik dahar. Djam 3,30 koendoer mampir Kranggan, mampir Kramat, noewèni Nj.¹⁴⁵ Tjakrawardaja. Djam 6 nampi tamoe, djam 7-djam 10 dahar pamitan ing omahé Oei Kok Tien karo famili Setijasa.

16 Djoeni 47. Senèn.

Mis kaja wingi, diladosi R.D. Sandjaja. Bakda Mis tampi tamoe, dahar sarapan. Djam 9,15 disowani moerid-moerid R.K. negeri, lan pamoelangan Kath. Djam 8,30 djengkar menjang Ambarawa, nitih montor kemakmoeran didèrèkaké Setijasa. Djam 9,30 rawoeh ing Ambarawa, dibagèkaké para dwidja lan siswa Seminari. Ngendikan karo para tapa ing wihara Ambarawa: paring berkah marang para moerid pamoelangan ra'jat, ngoendjoek bebarengan para Rama. Djam 6,30 soré nampi pahargjan ana ing Soesteran. Kang sesorah Wedana, Polisi, Tentara Tri¹⁴⁶, Inspectoraat¹⁴⁷ Perdjawiraga, Moehamadijah, G.P.I.S.¹⁴⁸, Komoenis, Sosialis, wakil R.K., Rama Kandjèng.

17 Djoeni 47. Selasa.

Djam 6 ngoendjoekaké Mis ing gredja. Djam 10 rawoeh Soesteran Abdi Dalem¹⁴⁹, djam 11-12,25 ngendikan karo para

moerid seminari. Djam 6,30-8,45 mriksani sandiwara saka para siswa Seminari, kang ngatonaké greget lan grengsengé, mitjara, bisa menjanji.

18 Djoeni 47. Rebo.

Djam 6 Mis ing gredja. Djam 9 tindak Soesteran nampi para soester wiwit djam 9 doemoegi djam 12. Djam 12 nampi Sedock ing Pastoeran. Djam 4,15 - djam 5 nampi soester ing Soesteran. Djam 6-7,30 nampi pisowané djoeroe rawat lan sadoeloer lijané sawatara.

19 Kemis 47. Djoeni.

Mis kaja wingi, djam 9,30 ndjènengi gladen djoeroe laden kanggo nampèkaké Sakramén kasantosan. Djam 10,30 nampi soester ing Soesteran, djam 11 paring *conferentie*. Djam 12 nampi tamoe. Ambarawa tanpa lajang *verslag*¹⁵⁰ saka Kantor agama Salatiga 4-6-47.

- 1) Sadoeloer Kath ing daerah Klepoe, Girisonta, Karang djati isih setja toehoe marang agamané, lan wani ngetokaké anggoné Kath. Ana brajat sidji loro kang ora wani ngakoe gandeng karo tjagaking oeripé.
- 2) *Retreit buis*¹⁵¹ ndjero roesak, retja Christus Radja dienggo lès-lèsan tentara laskar ra'jat kang manggon ing kana noeli dibongkar.
- 3) Pemerintah memberi perintah kepada Alri¹⁵² jang manggon ing gedong. Tri kang manggon ing Noviciaat, Laskar Gadjah

Mada¹⁵³ kang manggon ing wisma chalwat, soepaja ngresiki lan ngroemat omah-omah maoe, lan ngoermati barang-barang soetji.

- 4) Pemerintah lan oemat Kath njoewoen soepaja dianani Mis soetji sesasi sepisan saka Ambarawa, R.K. ngombjongi.

Djam 6,30 soré ndjènengi pahargjan saka botjah djoeroe rawat ana ing Soesteran. Djam 5 tampi tamoe.

20 Djoeni 47. Djoemoewah.

Djam 6 Mis semoea, paring Sakr. kasantosan. soré djam 4,30 dipetoek dokar saka Salatiga/ Widisiswaja Talip), noeli R.K. tindak menjang Salatiga. Djam 6,15 R.K. rawoeh ing pastoeran, dibagèkaké para sadoeloer sawatara. Djam 7, Br. Woerja rawoeh ngampil barangé R.K. noempak dokar saka Ambarawa. R.K. teroes lenggahan disowani panitija.

21 Djoeni 47. Setoe.

Djam 6 R.K. ngoendjoekaké Mis. Djam 9,30 ngebihi botjah2, djam 10,30-11,45 nampi tamoe. Djam 5 gladi djoeroe ladèn. Djam 7 dipetoek panitija, didèrèkaké R.P. Djajaatmadja tindak menjang karésidènan perloe nampi pahargjan. Kang sesorah wakil résidènt/Regent, Walikota Salatiga, Walikota Semarang, Moenawar Cholid kepala kantor agama, Widisiswaja wakil sadoeloer Kath. kang negesaké lenggahing Bishop; R.K. kang ngrembag bab persatoean dalam perbédaan. Djam 9,45 koendoer didèrèkaké polisi 4, kang teroes gentenan papat-papat, rina wengi sasoewéné R.K. lenggah ing Salatiga.

22 Djoeni 47. Ngahad.

Djam 6 ngoendjoekeké Mis diladèni R.P. Djajaatmadja, bakda Mis nampèkaké Sakramén kasantosan. Djam 11,30 nampi pisowanan djedjeran kantor Badan Perdjoengan Tani. Djam 4,30 nampi tamoe. Djam 5,30 astoeti, djam 7 soré tindak menjang Balaikota perloe dipahargja oemat Kath kang toemindak tjlimèn banget. Djam 9,30 koendoer, didèrèkaké polisi lan R.P. Djaja + panitija.

23 Djoeni 47. Senèn.

Djam 6 Mis ana ing gredja. Djam 9 tindakan menjang Soesteran, toewi botjah lola. Djam 4 Soesteran. Djam 5 maringi conferentie marang para iboe ing gedong Amkri. Djam 10,30-12 nampi tamoe.

24 Djoeni 47. selasa.

Djam 6 Mis. Djam 10 paring piwoelang marang para moerid-moerid Ra'jat ana ing gredja. Djam 5 paring wedjangan marang para pemoeda pemoedi ana ing Balaikota. Djam 8 ramah-ramah karo para terpeladjar tekan djam 10,25.

25 Djoeni 47. Rebo.

Djam 6 Mis. Djam 10 (*T.N.I. ing Balaikota. Djam 4,30 - 6 kaoem laki-laki di Amkri.* Kalimat ini dicoret.) P.T. (T.) ing Pastoeran. Djam 2 baptis Elisabeth Maria Kadarsih. Djam 4 ngebihi Soesteran, djam 4,30 *conferentie* para bapa ing Amkri.

26 Djoeni 47. Kemis.

Mis djam 6. Djam 9,30 nitih motor tindak menjang Tengaran didèrèkaké Roewidi Darno. Karja, Talip, Tjipta, Doni ndokar. Ana ing Tengaran pertemoean pemimpin 150 nganti djam 2, bandjoer koendoer Salatiga. Djam 4,30-5,30 pemoeda-pemoedi Kath ing pastoeran. Djam 5,30 pisowanan. Djam 7-10,30 pertemoean perpisahan ing dalemé Roewidi darno.

27 Djoeni 47. Djoemoewah.

Djam 6 Mis, djam 7,15 baptis Albert, dahar sarapan. Noeli mbaptis Caecilia Soemarti. Djam 9,30 nitih mobil saka P.T.(I.) didèrèkaké penggedé P.T.(I.) Ambarawa, Br. Woerja, medal Banjoebiroe menjang Ambarawa. Soréné nampi tamoe, rembagan karo R.P. Djajaatmadja, ngrawoehi Seminari.

28 Djoeni 47. setoe.

Djam 6 Mis ing gredja Ambarawa. Bakda dahar sarapan nampi soester + botjah-botjah asrama Soesteran. Djam 10 tindak menjang setasioen ngagem mobil perloe djengkar marang Magelang. Ana ing Magelang dioentapaké panggedé polisi, apa manèh Adjunt com. polisi¹⁵⁴ + pak Tjakrawardaja ndèrèkaké tekan pastoeran Magelang.

29 Djoeni 47. Ngahad.

Djam 6,15 Mis ing gredja Magelang lan paring piwoelang. Djam 8 paring piwoelang ing sadjroné Mis. Tampi tamoe, paring

pitedah marang wargané Maria Congregatie. Djam 8 soré nitih montor koendoer menjang Ngajogja, didèrèkaké Paridja.

30 Djoeni 47. Senèn.

Djam 6,30 Mis ing gredja Bintaran. Djam 9 tampi tamoe. Djam 11 baptis, noeli tampi tamoe. Soréné nampi dokter Sentral lan Rama Vriens.

1 Djoeli 47. Selasa.

Djam 6,30 Mis ing gredja. Djam 8 nampi Soemitra, Presiden Seminari Agoeng, Kunkels. Soré nitih montor tindak menjang Panti Rapih didèrèkaké Rama Martawardaja, rembagan karo Moeder Cornelia sisan djampekaké sampéjané. Koendoeré mampir ing dalemé Kasima. Djam 7,30 koendoer Bintaran.

2 Djoeli 47. Rebo.

Mis kaja wingi. Nampi pisowanané Rama Djajasepoetra, lan Phin; soréné dipetoek Singgih noempak montoré Tw. Soekatja, mampir Gowongan lor 11 tindak menjang dokter Sentral. Djam 7 koendoer didèrèkaké Toewan Soekatja.

3 Djoeli 47. Kemis.

Mis kaja wingi. ésoek disowani Mr. Wijana poetri + Dr. Sentral poetri. Soréné rembangan karo pangrèh poesat Amkri.

4 Djoeli 47. Djoemoewah.

Mis mawa sinewakan. Bakda Mis disowani R.P. Vriens, Bea Riki, R.P.v. Kalken, Ir.¹⁵⁵ Soepardi. Soréné disowani C. Soegija

sekalian + Gondosoemardja, Soemitra, Moeder *Zuster dochters o.b.v. Bloed van Koetaardja* ¹⁵⁶.

5 Djoeli 47. Setoe.

Mis kaja wingi. ésoek tampi tamoe. Soré djam 7 - djam 10 dahar karo panitija bebarengan. Ésoeké nampi pawartos 4 Djoeli R.R.I. ¹⁵⁷ Jogja njarake Kabinet anjar. I Kasima Menteri Moeda Kemakmoeran ¹⁵⁸. “Hari Sabtoe jad. ¹⁵⁹ akan tiba di Djakarta Mgr. George de Jonghe D’ardoye diangkat olèh Paus di Roma sebagai Apostolis Delefaat ¹⁶⁰ di Indonesia. Hingga kini djabatan itoe dipegang olèh Mgr. Panico jang berkedoedoekan di Australia oentoek 31 negeri. Pengangkatan ini jalah meloeloe oentoek Indonesia.” ¹⁶¹

6 Djoeli 47. Ngahad.

ésoek djam 6 Mis gedé. Djam 8 ngebihi. Djam 10 - djam 12,15 djenengi rapat P.K.R.I. kang oega dirawoehi Menteri Moeda kemakmoeran dan anggota delegatie R.I. Soréné nampi tamoe.

7 Djoeli 47. Senèn.

Djam 6,30 Mis ing gredja. Esoek nampi tamoe, nampi telgram kang mengkéné soerasané: Monseigneur de Jonghe d’ardoye diangkat mendjadi delegatus apostolicus ¹⁶². Doeman. Awané nampi tamoe: Setijasa, Gondosoemardja, Martawidjaja.

8 Djoeli 47. Selasa.

Mis kaja wingi. Esoeke nampi Phien kang matoer menawa

ora kleboe anggoné *examen*¹⁶³. Djam 3,30 dadakan tindak menjang Solo diderekaké R.P. Martawerdaja + M. Soekatja. Djam 5,30 rawoeh ing Poerbajan.

9 Djoeli 47. Rebo.

Djam 5,45 ngoendjoekaké koerban Mis Soetji ana ing kapel Soesteran. Bakda dahar disowani botjah-botjah rombongané Mis. Riboe¹⁶⁴. Soré djam 5,30 dipetoek R.P. Adisoedjaja tindak menjang Poerwasari karo Tw. Hardjasiswaja. Sarawoehé noeli tampi tamoe.

10 Djoeli 47. Kemis.

Djam 6 Mis ing gredja Poerwasari. Djam 8,30 nitih kréta didèrèkaké R.P. Adisoedjana ngrawoehi pamoelangan poetri Bramakaton, S.M.K lan S.K.P. Poerbajan kang pada pahargian dina pamitan. R.K. paring pangandikan ana ing S.M.K. Awané nampi tamoe. Soréné nampi R.P. Djajasepoetra lan tamoe lijané.

11 Djoeli 47. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Djam 8,45 tindak menjang Sri katon perloe ndjenengi dina pestané para moerid Broederan lan Soesteran. R.K. paring pangandikan. Awan lan soréné nampi tamoe.

12 Djoeli. Setoe.

Djam 6 Mis ing gredja Poerwasari. Bakda Mis rembagan + Broeder2 lan Rama bab malam bapak iboe. Soré djam 6 tindak menjang Poerbajan nitih kreta diderekaké Rama lan Broeder.

Tekan Poerbajan kepanggih Rama Djajasepoetra noeli pada lenggahan nganti djam 7,30.

13 Djoeli 47. Ngahad.

Djam 6 R.K. ngoendjoekaké Mis loemrah ana ing gredja Poerbajan lan paring piwoelang. Sadjroné Mis djam 7,30 kang dioendjoekaké R.P. Poespasoepadma R.K paring piwolang lan nampèkaké Sakr. Maha Soetji¹⁶⁵. Djam 10,30 tindak menjang Soesteran nganti djam 12,15. Djam 9 paring piwoelang marang sadoeloer Tjong hwa sawatara ana ing kamar tamoe. Soréné ndèrèk astoeti, bakda astoeti rawoeh ing dalemé koelawarga Kasima.

14 Djoeli 47. Senèn.

Djam 6 ngoendjoekaké Mis ana ing gredja. Bakda Mis manggihi botjah-botjah sawatara, dahar sarapan, sembahjang lan njerat. Nampi moeder Soester. Soréné paring piwoelang para soester toewi sadoeloer Tjong Hwa lan tampi tamoe.

15 Djoeli 47. Selasa.

Djam 6 Mis Requiem gedé. Nampi tamoe. Soréné tindak toewi-toewi: George, RM Soeparman, RM Sastrasoedira, Soeparman goeroe ngetik. Soréné R.K. wiwit chalwat.

16 Djoeli 47. Rebo.

Djam 6 Mis ing gredja Poerbajan. Dina chalwat kang kapisan.

17 Djoeli 47. Kemis.

Mis kaja wingi ana ing gredja Poerbajan. Dina chalwat kang ping pindo. Soréné djam 9,30 nampi dr. Soedjita lan garwané. Djam 10 nampi lajang lan kiriman saka fm. Oei Kok Tien.

18 Djoeli 47. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Dina chalwat kang ping teloe. Djam 4 paras. Soré Rama Djana sowan ngrembag bab tindaké menjang Pati.

19 Djoeli 47. Setoe.

Mis kaja wingi. Dina chalwat kang ping pat. Tampi serat saka R.P. de Quay bab toekoe *persee*¹⁶⁶ ing kiwa tengen Kebon Dalem kanggo R.V.O.¹⁶⁷ Tampi riwajating Mgr. Apostolat delegaat lan toeroenan telgram saka Vatican bab *benomané*¹⁶⁸.

20 Djoeli 47. Ngahad.

Djam 6 R.K. ngoendjoekaké Mis ana ing gredja lan paring piwoelang. Sadjroné Mis djam 7,30 R.K. paring piwoelang lan nampèkaké Sakr. Maha Soetji. Djam 3,30 oedan deres kiriman kang ngarep-arep. Soréné semi adjar bedil-bedilan. Dina chalwat X 5.

21 Djoeli 1947. Senèn.

Djam 6 Mis ing gredja. Dina chalwat kang ping nem. Soeparti njaosi dahar. Lajang saka R.D. Hardjawarsita, manawa panjoewoenan *dispensatie*¹⁶⁹ diteroesake menjang Ngeroem, djer

Mgr. Panico ana Europa. Senimarie gedé mentas tanpa nem ewoe roepijah.

22 Djoeli 1947. Selasa.

Djam 6 Mis. Dina chalwat kang ping pitoe. soré djam 5 mireng jèn wiwit serangan Oemoem. Retret tg. 23 dioendoer. R.P. Marta ésoeke dipoerih koendoer. Jèn perloe R.P Tjakra menjang Poerwasari.

23 Djoeli 194(7). Rebo.

Djam 6 Mis ing gredja lampoe-lampoe dikrodongi. Djam 10 R.K. tampi telgram saka Setijasa, jèn ora bisa ndèrèkaké menjang Pati. R.K. dawoeh marang R.P. Poespa, soepaja neroesaké telgram menjang Pati. Rama Djana sowan lan matoer manawa ana kongkonan saka Pati kang matoer menawa R.K. dipoerih ora rawoeh ing Pati disik. Tilgram menjang Pati ora sida.

24 Djoeli 47. Kemis.

Mis djam 6 chalwat rampoeng. Bakda Mis tampi tamoe. Wis kerep sirene. Awan mriksani S.K.P. kang arep dienggo chalwat kanggo Pemoedi R.K. kersa noentoen. Soréné manggihi Proff.¹⁷⁰ Aljaskin. Bandjoer disowani Toegimin kang tjaos kabar manawa Ambarawa wis didjegi Londo. Rama Harsa doeroeng ngerti kabare. Rama-rama lan soester-soester wis kekoeroeng. Toegimin wis ora bisa mleboe. Magelang presasat kotong, ditinggal ngoengsi. Moentilan isih adjeg. R.K. dawoeh: Rama Tjakra jèn bengi ngantjani R. Djana, lan moendoet Rama kanggo

Klaten.

25 Djoeli 47. Djoemoewah.

Mis djam 6. Bakda Mis tampi tamoe, lan nota rantjangan chalwat. Soréné tampi tamoe noeli mboekak chalwat kanggo moeda wanita, kang ndèrèk 47.

26 Djoeli 47. setoe.

Djam 6 Mis ing gredja. R.K. noentoen chalwat dina kang kapisan.

27 Djoeli 47. Ngahad.

Djam 6 Mis ing wisma chalwat. Dina chalwat ping pindo.

28 Djoeli 47. Senèn.

Djam 6 Mis ing retreatan. Djam 4 moengkasi chalwat. Broeder Mardji ngabari Harsa keteteran wis metoe.

29 Djoeli 1947. Selasa.

R.K. Mis ing gredja Poerbajan. Njerat pidato sing disoewoen kementerian penerangan.

30 Djoeli 1947. Rebo.

R.K. Mis djam 6 ing gredja. Bakda Mis pinoedjoe sijam lan sesirik tampi tjatetan telpon interlocaal saka dokter Sentral ditibakake Balai kota Solo, kang ngabarake menawa, dek wingi Hadisoetjipta tiwas nindakaké koewadjibané. Manoet radio wingi soré. Hadisoetjipta njepoehi dakota saka India maboer nggawa djamoe rong ton karo wong Inggris 4, lan wong India loro,

sadoeloer Djawa 4 - tekan doewoer Magoewa diojak jager londo 2, dibedil, kena noeli kobong roentoeh, kabèh penoempang tiwas¹⁷¹. R.K. kirim telgram menjang Njonjah Hadisoetjipta nanging ora ditampa.

31 Djoeli 47. Kemis.

Riaja St. Ignatius. R.K. Mis djam 6 mawa sinewakan. Oedjoeb kanggo soekmane Hadisoetjipta sakantja. Bakda Mis tanpa Tamoe kang pada sowan tjao kasoegengan. Kabar menawa Londo wis ngedjègi ngendi-endi. Noeli kintoen lajang expres. Djam 10 tamoe-tamoe pada tjao kasoegengan. Djam 1 tamoe saka penerangan, njoewoen soepaja R.K. sesorah. Soré tanpa tamoe. Sadina moepoet tanpa sirène.

1 Aug. 1947. Djoemoewah.

R.K. Mis requiem kanggo Hadisoetjipta sakantja. Bakda Mis sembahjang pasrah djiwa raga. Nampa tamoe o.a. saka kementrian Penerangan menawa R.K. diatoeri pidato soréné djam 8, déné pidato djam 1 disoewoen. Soréné tanpa pengeroes P.K.R.I. poesat, sad.¹⁷² Bermani kang njoewoen priksa perkara manéka warna. Djam 7,45 R.K. dipetoek montor, didèrèkaké R.P. Poespa tindak menjang studio Poerwasari, perloe djam 8 sesorah tjara Indonesia lan tjara walanda toemoedjoe oemat Kath ing Indonesia lan Negara Londo, soepaja istijar bisane ngrembak bademèn kang kanggé oemat sakaroné. Djam 8,30 koendoer.

2 Aug. 1947. setoe.

Mis djam 6 nganggo menjanjian kanggo kang mentas pada

ndèrèk retreat. Djam 10 R.K. dipetoek kréta, tindak menjang Poerwasari. Soréné tindak-tindak mampir Mangkoeboemen.

3 Aug. Ngahad. 1947.

R.K. Mis djam 6 ing gredja Poerwasari, paring piwoelang. Sadjroné Mis djam 7,30 paring piwoelang oega. Bakda Mis toewi-toewi: Sri, Hardi, sad. Harto. Djam 5 ngoendjoekaké astoeti, noeli disowani sadoeloer sawatara; bandjoer koendoer ngagem mobil tentara, didèrèkaké R.P. Djana lan R.M. Sastrasoedira menjang Poerbajan. Djam 6,30 nampi pisowanan.

4 Aug. 1947. Senèn.

Djam 6, Mis ing gredja Poerbajan. Soenarja sakanntja soewan matoer anané laporan winandi marang dinas pertahanan bilih R.K. didakwa Bishop ivm¹⁷³, lan ngamalaké komplotan ing salatiga kang dipramoegareni R.P. Soetapanitra (tanpa katerangan) Djam 9,30 petoekan teka saka Klaten. Djam 2 djèngkar menjang Klaten nganggo kreta Klaten; kendel x 2, marga siréne. Rawoeh Klaten djam 6. Wis aman, djam 12 bengi ora kena tembak menembak. Djam 3-4 montor maboer nggawa telgram saka Uno¹⁷⁴ njerang Sjarifoedin.

5 Aug. Selasa 1947.

Djam 6 R.K. ngoendjoekaké Mis ing gredja Klaten. Bakda dahar nampi tamoe. Mireng menawa maoe bengi wis disijaraké bab meletakan sendjata. Sore djam 5 tindak Soesteran.

6 Aug. 1947. Rebo.

Djam 6 Mis kaja wingi. Djam 11 nampi tamoe, kajata: Soekarja, Don Soeparja, etc. Oetoesan Harsana menjang Ngajogja. Dikabaraké menawa ing Gombang lan ing Demak isih ana serangan.

7 Aug. 1947. Kemis.

Djam 5,15 nitih kréta tindak menjang Wedi, didèrèkaké R.D. Dibja. Bakda Mis para sadoeloer pada mangajubagja rawoeh dalem. Djam 12 lan djam 4 disowani para pemoeda. Djam 5,30 tindak menjang brajat Wirawihardja lenggahan mirengaké klenengan. Bakda dahar koendoer. Disowani rajine R.D. Poerwadi kang mentas saka Malang.

8 Aug. 1947.

Djam 6 Mis ing gredja Wedi. Bakda sarapan tindak nitih kréta menjang Bajat, didèrèkaké R.D. Poerwadihardja, Tjakra, Natanael Darmawasita. Tekan Bajat didèrèkaké Soema moeda saanaké lanang 2 wadon sidji, apa manèh sadoeloer lijané 2, teroes menjang pantjoeran, noeli moenggah goenoeng. Lagi olèh tengah-tengahing pèrèng R.K. kraos poejèng, ora saged riwenan ngrekaos ambegane kaja arep kapilara. Noeli lenggah leren lan moendoet petoekan tandoe. Darmawijata istijar golek tandoe kang woedjoed koersi loemrah, dipikoel sadoeloer 4. Djam 11,30 R.K. lan penderek rawoeh ing Ngawen ing Gedong, ing omahé br. Hardja kang boengah banget. Sadoeloer Kath sawatara saka Semin lan sakiwa tengené pada merlokaké sowan.

Djam 2,30 koendoeran mampir omahé tjarik èrèng-èrèng perloe toewi sadoeloer kang lara. Nalika wiwit moenggah éréng-èrèng R.K. ditandoe manèh nganti tekan pantjoeran. Noeli koendoer nitih kréta menjang Wedi, ngampiri klemah Wedi anjar, papan bidan lan asrama goeroe-goeroe. Bakda ngaso ana ing pastoeran Wedi, bandjoer koendoer menjang Klaten.

9 Aug. 1947. Setoe.

Djam 6 R.K. Mis ing gredja Klaten. Bakda Mis nampa tamoe. Soréné nampi tamoe lan disowani Moenadjat kang rembagan akèh karo R.K. Poengkasaning rembag R.K. diprajogakake lenggah ana ing Wedi, sasoewéné serangan isih genting. Perloené gampang sambet karo Jogja, Klaten lan Solo samangsa pedot dalané gedé.

10 Aug. 1947.

Djam 6 R.K. ngoendjoekaké Mis ana ing gredja Klaten, paring piwoelang. bakda Mis nampi tamoe pemoedi, fm. Dirdja. Weling marang Moenadjat, kang njoewoen pamit, moendoet imam kanggo Klaten, weling bab Bintaran lsp.¹⁷⁵ Djam 5 ngoendjoekaké astoeti, nampi tamoe, loewih-loewih pemoeda.

11 Aug. 1947. Senèn.

Djam 6 Mis ing gredja Klaten. Nampi tamoe. Bakda Mis ngebihi. Soréné petengan.

12 Aug. 1947. Selasa.

Djam 6 Mis kaja wingi. Djam 10 tindak mriksani asrama

Pandanredjo, Klaten, toewi fm Pamarka. Sore R.P. Soemarno rawoeh. Djam 4,30 paras. Djam 5 toewi fm. ipéné Pamarka didèrèkaké Pamarka lan Harsana.

13 Aug. 1947. Rebo.

Djam 6 Mis kaja wingi. Bakda dahar rembagan karo R.P. Soemarno. Djam 6 tindak menjang Wedi, nitih kréta didèrèkaké R.D. Poerwadi. Ana ing Wedi dibagèkaké para joeroe laden. R.K. lenggah ana ing Wedi karo Br. Tirta. Rina wengi pastoeran Wedi didjaga Amkri.

14 Aug. 1947. Kemis.

Djam 6 R.K. ngoendjoekaké Mis ana ing gredja Wedi. Ésoeke manggihi sadoeloer sawatara. Djam 1 Moenadjat, Singgih, Soedewa + R.D. Poerwadi moeroegi. R.K. diatoeri tindak menjang Ngajogja. R.K. soemados bésoek Senèn oetawa Selasa lan dawoeh metoek, ngiras ngentos Rama gentiné. Djam 6 R.K. ngebihi tekan djam 7.

15 Aug. 1947. Djoemowah.

Riaja Dewi Maria dipoendoet menjang swarga. Djam 6 Mis loemrah. Bakda Mis ngebihi tekan djam 8. Djam 8 Mis gedé. Bakda Mis nampi pisowanan. Bakda Mis sekaroné R.K. sembahjang pasrah djiwa raga marang Tyas dalem Dewi Maria kang dahat moerni. Djam 5 astoeti, bakda astoeti nampi pisowanan. Djam 8 dahar, bandjoer nampi pisowanan nganti djam 9,30.

16 Aug. 1947. Setoe.

Djam 6 Mis ing gredja. Bakda Mis nampi pisowanan. Soréné ngebihi. Djam 8 A.W. Mantri Poelisi lan Mantri penanggap sowan perloe ngatoerake sedahan saka Ngajogja, jèn sésoek R.K. djam 9 diatoeri rawoeh ing *receptie* ping pindo perloe ngendikan tekan djam 10.

17 Aug. 1947. Ngahad.

Djam 6 R.K. Mis loemrah lan paring piwoelang Ngarepaké Mis nampèkaké lisah soetji. Bakda Mis djam 6 ngebihi. Djam 8 Mis lan paring piwoelang. Bakda Mis mbpatis lan nampèkaké *viaticum*¹⁷⁶ awan nampi tamoe. Djam 5 astoeti, noeli nampi tamoe.

18 Aug. 1947. Senèn.

Dina bakda. Djam 6 Mis loemrah. Bakda Mis disowani para iboe. Teroes nampi tamoe Trihardini saka Salatiga, Ramélan noeli Pauline Brata lan lija-lijané. Djam 11 dokter Sentral metoek Rama Kandjèng. Djam 1 R.K. djèngkar menjang Ngajogja, mampir keloearga Sentral, noeli lenggah ing Bintaran.

19 Aug. 1947. Selasa.

Djam 6 Mis ing gredja Bintaran. Bakda dahar tampi tamoe: Wenie Iskak, R.P. Djajasepoetra, rembagan *financieel* Seminarie, pindahan Rama, perlindoengan ing Kota Baroe. R.D. Imin ngatoeri R.K. soepaja lenggah ing Kidoel lodji, R.D. Danoe kang

wadoel prekara *plakaat Spi*¹⁷⁷, Idris, etc. Iskak matoer menawa Taru Martani njaosi dana sewoe roepijah kanggo seminarie.

20 Aug. 1947. Rebo.

Mis soetji djam 6. Bakda Mis nampi: Isti, Sapardja pemimpin oemoem pertjetakan Kanisioes ngrembag bab gadjine boeroeh Pertjetakan karo kaoem boeroeh lijané, kang azas *federatief*, ngloempoekake boeroeh Kath lijané dadi sakoem boeroeh Kath. Awané Tw. Iskak njaosake sokongan saka Taroe Martani kanggo seminari kèhé sewoe roepijah. Tw. soegiri lan moerid seminari *parochie* Poegeran pada sowan, Petrus Hardjasoewarna sabrajat sowan.

21 Aug. 1947. Kemis.

Djam 6 Mis ing gredja. Djam 8,30 ana siréne. Djam 10 tindak menjang Panti Rapih, didèrèkaké R.P. Marta, dipetoek andong. Dahar ana ing Panti Rapih. Bakda dahar koendoer menjang Bintaran. Disowani brajat Marta saka Poerwadadi lan Brajat Joedanegaran.

22 Aug. 1947. Djoemoewah.

Mis gedé semoea. Djam 6, djam 7 rampoeng, riaja Tyas Dalem Dewi Maria pinoerba moeloes tanpa tjiri. Djam 9 ana pemoeda saka Magelang ngandarake keslametan R.D. Sandjaja. Pastoeran didjaga Amkri rina wengi. Sadoeloer Trijasa wiwitane ramé-ramé dadi golekan, bok menawa rada ditjurigani. Semoené ada rahasia gandeng karo pastoeran Magelang. Nampa R.D. Poedja kang arep tindak menjang Klaten, lan maringi pitedah

warna-warna. Djam 5 astoeti semoea. R.K. paring piwoelang. Bakda astoeti lenggahan noeli nampeni Jan Reineke.

23 Aug. 1947. Setoe.

Mis ing gredja djam 6,30 Bakda Mis nampi pisowanan: R.P. Djajasepoetra, Zr. Bernardia. Soréné nampi fm. Berta (Malang).

24 Aug. 1947. Ngahad.

Djam 6 Mis gedé ing gredja Bintaran, ora paring piwoelang. Tampi pisowanan: R.D. Hardjawarsia, Holthuezen. Marta Poerwadadi bab adjale wanita asmara ing Djepara, Soekarna saka Soekaredja, kang doeroeng didjègi moesoeh. sadoeloer Kath ing Kendal. (Atma) ngoengsi menjang Goenoeng Arèn, noenggal fm. Soekarna, Soegiri bab resanane wong lija prakara sadoeloer Kath. R.K. mrajogakake soepaja Soegiri ngandaraké studiné.

25 Aug. 47. Senèn.

Djam 6,30 Mis ing gredja. Nampi: R.P. Roeding, R.P. Djajasepoetra, R.D. Poespa. (*Soegiri*. dicoret)

26 Aug. 47. Selasa.

Mis djam 6,30. bakda Mis tampi tamoe. R.D. Poespa, R.D. Brata (Koemetiran); oetoesan saka Klaten, Soelardji saka Poerwadadi, R.D. Hardjawarsita. (*R.P. Djajaatmadja* dicoret)

27 Aug. 47. Rebo.

Mis djam 6,30. bakda Mis tampi tamoe. Djam 4,45 tindak menjang Gandjoeran dipetoek delman Mangoen + Tw.

Soemaatmadja. Djam 6,30 tekan Gandjoeran ndjoedjoeg dalemé fm. Soegija dibagèkaké para sadoeloer.

28 Aug. 1947. Kemis.

Djam 6 Mis ing gredja Gandjoeran. Bakda Mis nemoni Moeder Corneliana lan para sadoeloer. Bakda sarapan manggihi tamoe pemoeda. Djam 5 - djam 6,15 ana ing Soesteran. Bakda dahar soré lenggah djagongan. R.D. Sandiwan rawoeh.

29 Aug. 1947. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Bakda Mis manggihi tamoe. Bakda sarapan manggihi tamoe. Djam 10 tindak menjang fm. soemaatmadja, lan lenggah nganti djam 1. Djam 5,30 soré tindak menjang Brajat Dirdja ndjangan nitih dresi, ngampiri Brajat Padmajatwara. Ana ing Djangan disowani sadoe(loer) Kath ing Siten sakiwa tengené. Bakda dahar lan ngendikan koendoer menjang Gandjoeran nitih dresi.

30 Aug. 1947. Setoe.

Mis kaja wingi. Bakda Mis manggihi sadoeloer, bakda sarapan nampi tamoe. Djam 4 tindak menjang Nopaten lan Gesikan didèrèkaké Mangoen, dipetoek krétané Mangoen.

31 Aug. 1947. Ngahad.

Djam 6 Mis lan paring piwoelang, oega paring piwoelang sadjroné Mis djam 8. Bakda sarapan disowani para sadoeloer R.K. Gandjoeran sakiwa tengené. Djam 4 toewi besaran teroes

koendoer menjang Ngajogja, didèrèkaké Tw. C. Soegija lan Soemaatmadja, ndjoedjoeg Bintaran djam 6,45.

1 Sept. 1947. Senèn.

Djam 6,30 Mis ing gredja Bintaran. Lajang saka Bara kang awèh kabar, menawa ing Pastoeran, Broederan lan Soesteran Bara mentas ana gledahan. Kang dibeslag senter, lan doewit lawas. Soréné djam 5 R.K. tindak menjang Kota Baroe. Tekan Kota baroe, dawoeh mortal tjara Perantjis wangsoelan koendjoek Mgr. Delefaat.

2 Sept. 1947. Selasa.

Djam 7 oepatjara paring berkahan tjilik¹⁷⁸ Bakda sarapan ngrawoehi mahasiswa Seminari. Wengi soré ngrawoehi *scholasticaat*. Awan dahar ing seminari. Soré toewi fm. Sentral dahar ing Seminari.

3 Sept. 1947. Rebo.

Djam 7 oepatjara maringi *subdiaconat*¹⁷⁹. Bakda sarapan koendoer menjang Bintaran. Djam 4 soré tindak menjang pastoeran Kemetiran lan lenggah ing kana sawatara dina.

4 Sept. 47. Kemis.

Djam 6 Mis ing gredja Koemetiran. Bakda Mis disowani Soemitra. R.K. njerat bab mempertahankan(kan) Repoeblik. Soréné manggihi tamoe.

5 Sept. 47. Djoemoewah.

Djam 6 Mis mawa sinewakan, nampi tamoe. Soré djam 4,30 maringi kongregasai marang para Iboe noeli ngoendjoekaké astoeti. Bakda astoeti tampi tamoe.

6 Sept. 47. Setoe.

Djam 6 Mis. Djam 4 Rama Soerja sowan, matoer menawa tampi telpon saka karésidènan perloe ngatoeri R.K. soepaja tindak ndjènengi malam kesenian ing kepatihan katoer para *consuls generalis*¹⁸⁰. R.K. dawoeh a) matoer noewoen, b) ora saged tindak djer soréné nampi tamoe, ésoeke paring recollectie. Djam 5 nampi pisowanan.

7 Sept. 47. Ngahad.

Djam 6 Mis gedé. Djam 8 ngebihi. Djam 9,45 - 10,45 maringi recollectie marang para wreda prija. Soréné djam 4,30 maringi kongregasi marang para pemoedi, noeli ndèrèk astoeti.

8 Sept. 47. Senèn.

Djam 6 Mis gedé mawa sinewakan. Djam 8 nampi tamoe. R.D. Hardjawarsita sowan. Soré djam 4,30 maringi piwoelang marang para W.K. ing paroki Koemetiran lan kota baroe ana ing gredja Koemetiran bab njantosakake brajat. Bakda woelangan disowani para pangrèh P.K.I.¹⁸¹ wanita lan Amkri wanita. R.K. ngendikakake bab organisatie lan delegatie.

9 Sept. 1947. Selasa.

Mis loemrah djam 6. bakda dahar sarapan tampi tamoe. Soré djam 4 disowani Brajat Poerba sapoetra-poetrane. Djam 5 R.K. tampi telgram saka Boekit tinggi lantaran Kementerian penerangan menawa Rama Soeta Panitra ing Pematang Siantar ditjekel Landa lan diangkoet menjang Medan, merga ana ing dalemé ora gelem ngedoenaké Merah poetih lan njingkiraké gambaré Soekarna. R.K. nitih montor didèrèkaké Kasima menjang dokter Sentral. Ana ing kana njerat lajang marang M(gr. Bran prakara Soetapanitra lantaran palang merah kang arep menjang Singapore. R.K. ngintoenaké radio-gram marang Mgr. Delefaat Djakarta Mgr. Bran Medan gandeng karo tangkepané R.P. Soetapanitra. Ésoek lan awan akèh tamoe. Antara sowan gandèng bab Soetapanitra.

10 Sept. 1947. Rebo.

Mis kaja wingi. R.K. tampi serat saka kementerian penerangan jèn radio-gram wis disijaraké resmi djam 8 Rebo soré tjara Indonesia, djam 6 lan 9 soré tjara Inggris. Ésoek soré akèh kang sowan.

11 Sept. 1947. Kemis.

Mis kaja wingi, ésoek nampi tamoe, soré nampi dr. Sentral sekalijan.

12 Sept. 1947. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Djam 9 R.K. nampi kabar saka R.P. Martawerdaja jèn R.P. Soetapanitra wis ana ing Djakarta, pihak

Landa njiarake jèn saka panjoewoene déwé (Enggoné menjang Djakarta, apa enggoné loenga saka Pematang Siantar ?) Pater Harda wis diberkahi ana ing Djakarta, fraters lijané oega wis ana ing Djakarta, lan jèn bisa arep loemeboe Repoeblik, jèn ora kapeksa neroesaké pasinaon ana ing Maastricht. Pak Besoet sowan njoewoen priksa bab babadé R.P. Soetapanitra tekan Soematra, R.P. Ruding sowan, mengkono oega sowan anak-anaké Kasima: Rita, Tuti.

13 Sept. 1947. Setoe.

Mis kaja wingi. Bakda dahar nemoni sadoeloer saka Djoemingan. Kantor keloeur negeri tanpa tilpon saka Mgr. Delefaat kanggo R.K. ngabari, menawa R.P. Soetapanitra tindaké saka P. Siantar ora ditangkep Londo, nanging saka kersané déwé. Setijasa Magelang sakantja sowan, lan njoewoen priksa bab parane brajate, menawa kepeksa ngoengsi saka Moentilan. R.K. dawoeh menjang Patosan, Maria Hoeve Moentilan oetawa Doekoen ing brajate Reksaatmadja. Soréné akèh tamoe.

14 Sept. 1947. Ngahad.

R.K Mis djam 6, mis gedé, paring piwoelang. Djam 8 ngebihi. Djam 9,45 - djam 10,55 maringi recollectie marang para wanita Kath ± 200. Djam 11,30 manggihi tamoe. Soréné ndèrèk astoeti, bandjoer nampi pisowanan.

15 Sept. 1947. Senèn.

Mis djam 6. Bakda sarapan nampi pisowanan akèh. Djam 5 koendoer menjang Bintaran dipetoek pak Kasima karo

montor, didèrèkaké R.D. Brata. Tekan Bintaran disowani R.P.v. Kalken kang maringi advies marang kantor igama bab *desiderata Ecclesiae ratione status civilis*¹⁸². Bandjoer disowani Widyaatmaka lan Soehardjo saka Rembang, matoer menawa wis olèh gawé anggoné jasa peroesahaan garam. Rama Djajasepoetra sowan ngrembag seminarie kl. 4 + 5 pindah Moentilan¹⁸³.

16 Sept. 1947. Selasa.

Djam 6,30 R.K. Mis ing gredja. bakda Mis Widyaatmaka lan Soehardjo njaosake dana saka perosahaane marang R.K. kanggé *vikariaat* sepoeloh ewoe. R.K. maringi salib, tesbeh lan boekoe sembahjangan. Soréné R.K. tindak menjang Kidoel Lodji nitih andong, didèrèkaké R.D. Sandiwan Brata.

17 Sept. 47. Rebo.

Djam 6 R.K. Mis ing gredja Kidoel Lodji. Tilgram saka Serang, menawa Wahjasoedibja gerah djadja, njoewoen ganti, R.K. kepeksa mbajar tilpgram sepoeloh roepijah. Soréné R.K. diatoeri ngrahapi dahar ana ing istana Karésidènan, nanging R.K. njoewoen madal pasilan, soepaja adja tjampoeran karo para politici lan diplomatan. R.D. Soerja rawoeh lan njaré.

18 Sept. 47. Kemis.

R.K. mis ing gredja kaja wingi. R.D. Sandiwan tindak menjang sentolo njaré ing Sedajoe. Nampi tamoe. R.P. Marta sowan matoer menawa Rama Kadjèng diatoeri ndjènengi pembentoekan Panitija ana ing Kapatihan, nanging R.K. ragi gerah waose kang growok. Soré nampi tamoe.

19 Sept. 47. Djoemoewah.

Mis djam 6 ing gredja. ésoek lan soré nampi tamoe akèh, diantaranja Tw. Kasima, Ir. Soepardi.

20 Sept. 47. Setoe.

Mis kaja wingi. Nampi pisowanan Moenadjat, Dwidja Bedja sa-anaké. R.M. Danoewinata + Letenant Soetjipta, pemimpin tentara Koelon Progo lor, kang ngremboeg kahan(an)é Missi ing bawah Bara. Awan oega tampi tamoe.

21 Sept. 47. Ngahad.

Djam 6,30 ngoendjoekaké Mis gedé lan paring piwoelang. Djam 8 sadjroné Mis paring piwoelang; djam 10,30 paring Congregatie marang pemoeda T'iong Hwa. Djam 5,30 ndèrèk Mis. Djam 6 dipetoek montor dr. Sentral tindak menjang dr. Sentral. Djam 7,45 koendoer ing Bintaran.

22 Sept. 47. Senèn.

Djam 6,30 Mis ing gredja Bintaran. Soré nampi tamoe + seminarist T'iong Hwa.

23 Sept. 47. Selasa.

Djam 6,30 Mis ing gredja. Rama Reksaatmadja rawoeh, dipindah saka Poegeran. Djam 5 ndjènengi bentoekan W.K.

24 Sept. 47. Rebo.

R.K. Mis djam 6,30 ing gredja. Sadina njerat artikel. Soré tampi tamoe.

25 Sept. 47. Kemis.

Mis kaja wingi. Sadina moepoet njerat. Soré tampi tamoe. Paring dana rong atoes.

26 Sept. 47. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Ngladjèngaké njerat. Djam 11 disowani pangrèh W.K. R.K. maringi oeroenan teloeng atoes. Paring dana teloeng poeloh maring brajat ngoengsi saka Salatiga. Ngintoen wolong atoes marang botjah-botjah lola lanang wadon ing Bara.

27 Sept. 47. Setoe.

Djam 6,30 Mis ing gredja nganggo menjanjian botjah Soesteran. Nampi Moenadjat, Djajaatmadja, R.P. Soemarna, Soennarti saka Ambarawa, poetrané Kaslan Salatiga.

28 Sept. 47. Ngahad.

Djam 6 R.K. ngoendjoekaké Mis gedé lan paring piwoelang. Djam 7,45 ngebihi, noeli paring piwoelang lan nampèkaké Koemini sadjroné Mis djam 8. Bakda nampèkaké ngebihi, noeli manggihi tamoe. Soréné *perfect* lan *assistent*¹⁸⁴ Maria Congregatie pemoeda Tiong Hwa sowan 1 djam, ora sida rapat djer oedan wae.

29 Sept. 1947. Senèn.

Djam 6,30 Mis ing gredja. Nampi Soetama karo patjangane. R.P. Djajaatmadja sowan; R.D. Sandiwan sowan njoewoen soepaja bésoek Kemis tindak Poegeran. R.K. ngintoenake sewoe

roepijah kanggo noviciaat sJ lan Broeder Rasoel lantaran R.P. Djajasepoetra. Djam 4,30-5,20 R.K. sesoah kagem para Iboe Kath Parochi Bintaran. Noeli disowani pirang-pirang.

30 Sept. 1947. Selasa.

Djam 6,30 Mis ing gredja. Bakda dahar sarapan njediakake papan kagem nampi tamoe saka istana. R.P.v. Kalken toewi, R.D. bratawiratma sowan. Moetahar adjoedant President R.I. soewan, nerangake sebabe R.K. kerep diaoteri tindak menjang istana. R.K. nerangake prajogane *of receptie mensa, of alerlei*¹⁸⁵, ora (pi) djer andrawina.

1 Oct. 1947. Rebo.

President Seminari Agoeng sowan, ngrembag prekara warna-warna. Djam 4,30-5,45 R.K. maringi piwoelang ing rapat congregatie Moeda Wanita Bintaran.

2 Oct. 47. Kemis.

Djam 6,30 R.K. Mis ing gredja Bintaran. Djam 10 dipetoek montor, didèrèkaké Rama Marta tindak menjang Poegeran. Ana ing Poegeran tampi tilgram loemantar Kementerian Penerangan saka oemat Kath Batak kang njoewoen bali Rama Soetapanitra.

3 Oct. 47. Djoemoewah.

R.K. ngoendjoekaké Mis mawa menjanjian ana ing gredja Poegeran djam 6. Bakda Mis R.D. Sandiwan Brata dioetoes menjang Kementerian Penerangan, perloe matoer jèn R.K. wis istijar baliné R. Soetapanitra menjang Batak. 1° sarana Radiogram koendjoek Mgr. Delefaat karo Mgr. Brans ing Medan. 2° sarana

nawala koendjoek mgr. Delefaat. R.D. Darma ing Gandjoeran mampir. Djam 5,30 ngoendjoekaké astoeti. Djam 9 soré rawoeh ing markas.

4 Oct. 47. Setoe.

Mis djam 6 R.K. ngoetoes ngeposake lajang loemantar palang merah Ind koendjoek Mgr. de Jonghe d'Ardoye, Delefaat Djakarta, ditampa. Soemitra lan rajine menteri penerangan njoewoen seket kanggo mangsoeli tilgramé sadoeloer Balige. Wose R.K. wis istijar loemantar Mgr. Brans lan Mgr. Delefaat. Kirim lajang menjang delegatus soepaja rembagan bisane ngentokake Rama priboemi menjang Batak. Soréné ndèrèk astoeti.

5 Oct. 1947. Ngahad.

R.K. Mis gedé djam 6 lan paring piwoelang. Sadjroné Mis djam 8 paring piwoelang noeli nampakake. Ora sida menjang Kampemenstraat perloe paring congregatie, djer mobielé kasep sakdjam. Djam 12,30-djam 1,50 disowani Ir. Soepardi lan Soewandi, ngrembag bab P.K.R.I. Soréné sadjroné astoeti R.K. paring piwoelang bab *intentie apost des gebeds*¹⁸⁶. Djam 7,30-9 ngendikan marang para *kring leiders*¹⁸⁷, lan sesepoehing brajat.

6 Oct. 47. Senèn.

Djam 6 Mis ing gredja, ndoek Bea sowan merga liboer. Soré djam 4,30-6 disowani para iboe. Djam 6-8,30 para pemoeda.

7 Oct. 47. Selasa.

Djam 6 Mis loemrah: riaja rosario, djam 8,30 R.P. Sontoboedojo sowan. Soré djam 4,30-6 pisowanan Pemoedi Poegeran; djam 6,30 para pangrèhe pakoempoelan.

8 Oct. 47. Rebo.

Djam 6 Mis ing gredja. Djam 10 nampi tamoe. Djam 4 dipetoek R.P. Martawerdaja ngangem mobiel penerbangan kang disopiri Soedewa lan Singgih. Djam 4,30 R.K. maringi congregatie marang para Wanita Bintaran. Djam 6-7 disowani Rama Djajasepoetra, kang *verslag* bab seminari lan chalwat kagem para imam priboemi.

9 Oct. 47. Kemis.

Wiwit djam 2 ésoek R.K. kraos gerah padaran, masoek angin. Djam 5 loentak-loentak, nganti ora saged ngoendjoekaké Mis. Djam 10 dipriksa rahé, ketemoe negatif. Djam 1 dokter sentral rawoeh, mriksa, kepanggih ora apa-apa. Djam 11 Riki ngéntoenaké aspiriné. Soré gerahé wis anggong, R.P. Djajasepoetra noewèni sedela. Minggoe paring dana rong atoes sewidak.

10 Oct. 47, Djoemoewah.

R.K. ngoendjoekaké Mis djam 6,30 ing gredja. Djam 4 soré bakda siram, R.K. doemadakan dipetoek dokter Sentral digawa menjang Panti Rapih. Tekan Panti Rapih Moeder Cornelia woes tjoemawis ing gapoera. R.K. makoewoen ana ing paviljoen Maria

no. 9. R.P. Reksaatmadja oega gerah gendis dipindah ora ana ing Panti Rapih.

11 Oct. 47. Setoe.

R.K. Mis ana ing kapel. Bakda Mis teroes dipoerih sarehan. Djam 12 disoentik kalk.

12 Oct. 47. Ngahad.

Mis soetji djam 6,30 ana ing kapel. Bakda dahar sarapan Moeder Cornelia marak, rembagan sawatara. Djam 11 Soetidja comm. Politie¹⁸⁸ Poerwokerta sagarwa poetrané sowan.

13 Oct. 47. Senèn.

Mis kaja wingi djam 6,30. Sakdoeroengé sarapan ditest rahé. Bakda sarapan oega bandjoer didjoepoek rahé satitik. Djam 10 Karl tilas moerid N.S.M.¹⁸⁹sowan ngatoeraké jamoe;dadi mantri goeroe ing kana tega salana. Tilik bodjone kang babaran ing kéné. Botjahé bakda dibaptis disowanaké R.K lan disoewoenaké berkah. Djam 12 disoentik kalk manèh. Lan ngarepaké dahar loloh vitamin tablet. Doktere njaosi kabar manawa wingi soré Tin wis patjangan resmi. Sr. Angeli lan Bernardia marak. R.D. Poerwadi sowan, njaosi priksa menawa sadoeloer Klaten dililani arak-arakan Sakramén Maha Soetji metoe dalan gedé, lan makoewon ing stadion saontara, noeli teroes menjang gredja. R.K. disoewoen rawoeh lan arep dipetoek tg 24 October nganggo kréta.

14 Oct. 47. Rebo.

Mis kaja wingi. Warsinah marak. Djam 12 dokter sowan ngatoeri R.K. mangsoeli serat bab baliné Gandjoeran lan Boro. Djam 1 J.M.¹⁹⁰ Kasimo sowan nganti tekan djam 2.

15 Oct. 47. Kemis.

Mis kaja wingi. Bakda dahar disowani Soen, Soemijati, Moeder *novicen meesters*¹⁹¹; disoentik kalk. Djam 11 disowani Moenadjat, kang matoer kahananing djero pradja kang koerang beres. Bakda dahar Ir. Soepardi sowan, ngrembag bab karangane Semar gandeng karo lajang saka kehakiman, bab: pandakwane wong Anglikan marang Vatikan, oega kamot ing *kedaulatan ra'jat*¹⁹².

16 Oct. 47. Kemis.

Mis kaja wingi. Manoet kabar: Bonke lan *almoezenir*¹⁹³ 2, Kiswana, Broeder Adimoedarta ing Salatiga, Dwidja, Prawira, Woerja ing Ambarawa, Harjadi Girisonta boekak sekolah. Marak novice, Moeder Cornelia, Iboene Soemiardja.

17 Oct. 47. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Bakda Mis mertal. Bakda dahar sarapan R.P. Djajatmadja soewan toewi, ngrembag bab boekoe sembahjangan tjara Mlajoe, lan pertalan tjara mlajoe indjil lan *epistel*¹⁹⁴ saben Ngahad. Matoer menawa Danoe lan Sandjaja arep chalwat ing Kotabaroe déné wiwite Senèn ngarep iki. R.P. Djajatmadja arep nggenteni R.D. Sandjaja. Oepsir Tentara loro saka Solo sowan

njoewoen berkah. Djam 12 disoentik kalk. Dokter lan Rama Djaja njoewoen soepaja R.K. ngaso sawatara dina. The Tien Poe marak.

18 Oct. 47. Setoe.

Mis kaja wingi, mertal, sarapan; R.P. Martawerdaja rawoeh njangking ses. Djam 12 Marwata sowan, rasane menawa R.K.sardjoe arep didèrèkaké toewi Wonosobo. Soréné ana Soester lan warsinah kang pada marak.

19 Oct. 47. Ngahad.

Mis kaja wingi. Mertal. Sarapan. Disowani Moeder, singgih lan Semeroe njaosake boekoe. Doktere toewi, soentikan dioendoerake. Djoeroe rawat Maria lan Josef paviljoen njoewoen berkah. Djam 11 R.K. diatoeri tindak toewi noviciaat. Soewandi politie sowan. R.D. Tjakra saka Solo sowan.

20 Oct. Senèn.

Mis kaja wingi. Esoek dokter njoentik kalk injectie. R.D. Poerwadihardja sowan, matoer menawa arak-arakan sida. R.K. dipetoek djam 11 dina Djoemoewah. Djam 7,30 soré R.K. ngrawoehi djoeroe rawat.

21 Oct. Selasa.

Mis kaja wingi. Esoek soré akèh kang marak. Djam 8,30-8,45 ngrawoehi para soester.

22 Oct. Rebo.

Mis kaja wingi. Marak Lucia Malang. The Bing Koen, goeroe-goeroe soesteran.

23 Oct. Kemis

Mis kaja wingi. Soester Franka sowan. Djam 10 didèrkaké koendoer menjang Bintaran nganggo montoré salah sawidjining kolonel. Soré djam 4,30 marak Boe Mitra, Pak lan Boe Gija Gandjoeran matoer menawa tindak Solo, ninggal Gandjoeran. Boe Gija + botjah-botjah teroes ana ing Poerwanggan. Esoek soré ing Panti Rapih desoesan. Waloeja njoewoen ana ing ngendi prajogané anggoné arep jasa *werf*⁹⁵, Soemantri. R.K. mrajogakake ing Lampoeng, gandeng karo anane Rama lan roemah sakit Kath ing kana. R.K ing rong minggoe iki dana patang atoes roepijah lan ngoeroeni Bintaran satoes.

Djoemoewah 24 Oct. 1947.

Mis djam 6,30 ana ing gredja Bintaran. Djam 3,45 mangkat menjang Klaten nitih kréta, dipetoek R.D. Peorwadihardja. Djam 6,30 tekan ing Klaten. R.K. niti priksa sakabèhing oeba rampe arak-arakan.

Setoe 25 Oct. 1947.

Mis djam 6 ing gredja Klaten. Teroes njamboet gawe ngrakit *baldakijen*⁹⁶ maringi priksa bab oeroet-oeroetaning arak-arakan. Soréné mramoegareni mandjing *altuum*⁹⁷. Soréné para *Grootseminaristen* teka.

26 Oct. 1947. Ngahad.

Rijaja sang Kristoes Nata. R.K. ngoendjoekaké Mis gedé, diladosi R.P. Soekarta, Kalken, Wahjabawono. Kang menjanji maha siswa Seminari Agoeng. Gredja kebak senadjan djam 5 lan djam 6 wis ana Mis soetji. Sadjroné Mis ana kang motret. Bakda Mis arak-arakan Sakramén Maha Soetji toeroet dalam gedé. Kang ndèrèk akèh. Toemindake tata, semoea, pendjagane tepat, poeblik meneng, oermat. Sakr. Maha Soetji kang ngampil R.K. Djengkar saka gredja djam 9,30, altaar palerenan ana ing stadion, ing kana R.K. paring pangandikan, kabèh toemindak kanti toemata. Tekan gredja djam 11,30. Bakda oepatjara lan santoen boesana, menggihi tamoe. Pak Kasima, Boepati, Patih, Pengoeloe, tamoe sad. Kath. terkemoeka saka Ngajogja. Tamoe lijané kang akèh-akèh saka Wedi, Jogja. Soré toewi Gondang.

27 Oct. Senèn.

R.K. Mis djam 6. Bakda Mis ngliboerake pamoelangan Misi ing Klaten. Toewi Soesteran. R.K. dana rong atoes roepijah. Awan ngrewangi *impakken*¹⁹⁸. Soréné djam 7,30 disowani para panitija arak-arakan anggoné pangrèh pradja, sadoeloer lija agama pada gawok lan goemoen njawang arak-arakan, anggoné pada sembahjang loemrah, oermat, tata, roentoet. R.K. ngendika nganti djam 9,15 bab *processi* pedirenan Kath. Ind, ing samengko, lsp.

28 Oct. Selasa.

Djam 6 Mis ing gredja. Ésoek lan soré ana sing marak.

29 Oct. Rebo. 47.

Mis kaja wingi. Bakda sarapan nampakake Sakr. Kasantosan. Djam 11 tindak menjang Wedi, didèrèkaké Br. Tirta. Rebo soré disowani sadoeloer sawatara.

30 Oct. 47. Kemis

Djam 6 R.K. ngoendjeokake Mis ana ing gredja Wedi. Bakda sarapan disowani para moerid kang diliboerake. Noeli akeh kang marak. Sorene oega akeh kang sowan. Djam 7.30 R.K. koendoer menjang Klaten.

31 Oct. 1947, Djoemoewah.

Djam 6 R.K. ngoendjeokaké Mis ing gredja Klaten. Bakda sarapan kabèh moerid pamoelangan Kath pada ana ing plataran Pastoeran lan gredja perloe ngoentapaké djengkare R.K. Djamm 8,30 R. Kandjeng djengkar, nitih kréta, didèrèkaké R.D. Poerwadihardja lan hardja tjarik. Tekan ing Ngajogja ndjoedjoeg Bintaran. ± Djam 11,45. Soré disowani sadoeloer Ngasem.

1 Nov. 47. Setoe.

Djam 6 R.K. ngoendjeokake Mis gedé ana ing gredja Bintaran. Bakda Mis ana kang marak. R.K. ana ing Klaten paring dana manèh marang Soesteran lan sadoeloer sawatara nganggoer woloeng atoes rong poeloeh. setoe soré ngebihi sadela, bandjoer nampi tamoe nganti djam 8

2 Nov. 47. Ngahad.

R.K. ngoendjoekaké Mis gedé mawa sinewakan djam 6 ana ing gredja Bintaran. Ngarepaké Mis ngebihi sadela. Bakda Mis manggihi tamoe nganti djam 12.

3 Nov. 47. Senèn.

pèngetane para soekma ing geni pangresikan. R.K. ngoendjoekaké Mis soetji djam 5,30, djam 6 mis gedé lan djam 6,30. Bakda Mis disowani sadoeloer sawatara. Dana Moentilan + Djokja satoes.

4 Nov. 47. Selasa.

R.K. Mis djam 5,45 ing gredja. Bakda Mis maringi lajang katrangan kanggo koelawarga Th. Songedi Djajapoetranta kang bali menjang Malang. Baptis anaké Joh. Gerardus. Nampi pisowané goeroe-goeroe Gowongan kang manggon ing Panti Rapih. Djam 3 telpon Panti Rapih, ndoek Sentral babaran poetri. Bea sowan njoewoen kanggo toekoe teplok, matoer jèn ora saroedjoek karo rembage Mantri. Dr. Sentral ngatoeri R.K. baptis poetrane sésoek djam 11, didjènengi Carla Seraphine Christi Amidyati.

5 Nov. 1947. Rebo.

R.K. Mis djam 6,30 ing gredja Bintaran. Djam 11,30 dipetoek dr. Sentral nganggo montor, tindak menjang Panti Rapih perloe mbaptis Carla seraphine Christi Amidyati. Bakda baptis djagongan ing kamare ndoek doekter karo Iboe Baptis

R.A. Soerja, fam. Kasman plus botjah-botjah. Djam 12,30 R.K. dahar ana ing Panti Rapih karo dr. Sentral. Djam 1,45 koendoer menjang Bintaran.

6 Nov. 1947. Kemis.

R.K. ngoendjoekaké Mis Soetji ana ing gredja Bintaran, nganggo menjanjian saka moerid Soesteran, gandeng karo tingalan berkahan Biskop. Bakda Mis nampi tondjokan saka fam. Soemaamadja, Joedonegaran. Dina iki R.K. wiwit njara mlajoake *epistel* lan Injil, kang diwatja sabar. Soré nampi J.M. I. Kasima, kang didjawil secretaris *Com. 3 negara*¹⁹⁹, *tecke*²⁰⁰ bab rawoehé Mg. de Jonghe. R.K. boengah nampi, watoné diparingi priksa sadoeroengé.

7 Nov. 1947. Djoemoewah.

R.K. ngoendjoekaké Mis djam 6,30 mawa sinewakan lan menjanjian. Sadoeroengé Mis ngebihi. Soré ngoendjoekaké astoeti.

8 Nov. 47. Setoe.

Mis djam 6,30 ing gredja. Awan ngebihi, disowani goeroe 3 saka Panti Rapih.

9 Nov. 47. Ngahad.

R.K. ngoendjoekakén Mis gedé djam 6, paring piwoelang sadjroné Mis, ngebihi ngarepaké lan bakda Mis, paring piwoelang sadjroné Mis djam 8, ngebihi bakda moelang. Tampi tamoe bakda Mis; sesorah ing ngarepe para Bapa paroki Bintaran djam

4,30. Kabar saka Semarang *via* Palang Merah: Soeta, Wahjoedi, Soenarja - Gedangan; Harjadi, Kardis - Girisonta. Kiswa, Boedi, adi - Salatiga; Djaja, Prawira, Woerja - Ambarawa. Harda, Soeka, Harsa, Brata - Theologia. Schlotmann - Karang Panas. Paring dana rong atoes pitoeng poeloeh lima.

10 Nov. 47. Senèn.

R.K. Mis djam 6,30 ing gredja. Soré nampi tamoe lan noeloengi dana marang sadoeloer katjingkrangan rong atoes rong poeloeh. Soré tindak toewi keloearga Poespa Poerwanggan.

11 Nov. 47. Selasa.

Mis kaja wingi. Nampi R.P.v. Kalken, Dibjajarjana, Djajaatmadja Kementerian Agama. Wis.

12 Nov. 47. Rebo.

Mis kaja wingi. Bakda dahar tampi tamoe: Soehoed, Soester Panti Rapih loro, kang njoewoen palilah tindak menjang Djakarta, nganggo pitoeloengan pesawat *Uno*. R.K. nglilani menawa Repoeblik ora peonja keberatan. Joedjanal njoewoen soerat keterangan. R.K. nampi sedahan saka kementrian agami ngombjongi *receptie* ana ing kepatihan. R.K. sagah, arep ngedjak Rama Marta lan neda kendaraan.

13 Nov. 47. Kemis.

Mis kaja wingi, ésoek nampi tamoe, soré nampi Panbok saka Djakarta ngangsal-angsali vulpen + inkl, njangking lajang saka fm. Roesiat, saka Hadiatmadja, Soejitna O.F.M. Djam 6,45

tindak *receptie*, didèrèkaké R.P. Martawerdaja, Djajaatmadja, Dr. Sentral, ngagem montor kang disopiri Soedewa. ana ing *receptie* dilenggahake djedjer para Menteri, noeli Panglima Besar Pak soedirman + Menteri Agama MasKoer lenggah ngapit-apit R.K. Djam 9,45 koendoer.

14 Nov. Djoemoewah.

Mis loemrah. Bakda Mis akèh kang pada marak, oega R.P. Soemarna kang tjaos keterangan menawi anggoné ora ngliboerake dina iki, mbandjoer didowa R.K. ikoe ngira menawa 1 Soera ikoe dina Islam. Mangka ra'jat nganggep dina nasional, tahoen baroe Jawa. akèh tondjokan kembang lan oega lijané.

15 Nov. 47. Setoe.

Djamm 6,30 ngoendjoekaké Mis semoa diladèni R.P. Mertawerdaja lan Soemarna. Gredja kebak ngoengkoeli dina Ngahad: akèh sadoeloer saka Kotabaroe, Koemetiran, Poegeran, Kidoel lodji-sad. Tiong Hwa meh kabèh- pada merlokaké ndèrèk. Kang menjanji langen swara Kidoel Lodji. Bakda Mis lan sadina moepoet akèh kang pada sowan. Soréné pisowanan para wakili pakoempoelan. Para Rama: Kalken, Holtschuse, Soerja, Brata, Sandiwan, Santa. Br. Alojsius Soegijardja pada rawoeh dahar, pisoengsoene para iboe. Klaten, Wedi, Solo ora pada keru. Lajang-lajang lan pisoengsoeng akèh.

Ngahad, 16 Nov. 47.

Djam 6 ésoek R.K. dipetoek Soedewa lan Singgih nganggo montor didèrèkaké menjang Kidoel Lodji. Djam 6,30 R.K.

ngoendjoekaké Mis gedé lan paring piwoelang, oega sadjroné Mis djam 8. Djam 8,45 koendoer, noeli nampi pisowanan.

Senèn 17 Nov. 47.

Mis djam 6,30. Bakda sarapan nampi lajang saka ledok Prawiradirdjan saka fm. Kawroeh isi rong atoes roepijah. Soré nampi tamoe Soepana takon bab roewete pradja.

Selasa 18 Nov. 47.

Mis kaja wingi. R.P. de Quay njerat marang R.P.v. Kalken kabar-kabar betjik. Soré akèh kang marak.

Rebo 19 Nov. 47.

Mis kaja wingi. Bakda dahar oetoesan saka Solo njaosake serat. Soré akèh kang pada marak.

Kemis 20 Nov. 47.

Mis kaja wingi. Soré akèh kang sowan oega Rama Djajasepoetra. Tilpon saka Panti Rapih. Oei Kok Tien sagoeh ngihtijaraké *bakal oengoe*²⁰¹ kagem Rama Kandjèng.

21 Nov. 47. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. R.K. ngewahi rentjana amkri bab *conferentie*.

Setoe. 22 Nov. 47.

Mis djam 6,30 nganggo menjanjian. Dana kanggo Bara nem atoes seket. Ngoeroeni P.P.K.I. rong atoes Jogja. Dana brajat seket, apa manèh nragadi Riki sewidak.

Ngahad 23 Nov. 47.

R.K. tindak Kampemenstraat, ngebihi lan maringaké Koemini sadjroné Mis djam 6,30. Djam 8 ngoedjoekake Mis. Djam 9,30 maringi Kongregasi Pemoeda Tiong Hwa. Djam 10,30 maringi Kongregasi Pemoedi. Djam 11,45 ndjènengi pahargjan Langenswara St. Caecelia²⁰² ing Pastoeran Bintaran. Nampi tamoe ngarepaké astoeti. Ngintoenake sewoe roepijah kanggo para Broeder Rasoel.

24 Senèn - Nov. 47.

R.K. Mis djam 6,30 ing Bintaran. Bakda Mis nampi montor anjar ngagem katja. angsal saka Oei Tjwok Piet. R.P. Djajasepoetra, R.D. Soerja, sowan. Soréné Ir. Soepardi, Soemitra, Darja, Hadimarta, Soerti, Soekarti, gentenan sowan.

25. Selasa. Nov. 47.

Mis kaja wingi. Bakda Mis nampi pamoedji rahardja saka Kongregasi Pemoedi Tiong Hwa marga beneri tingalan wijosan. Para koelawarga Tiong Hwa akèh kang njaosi dahar koendjoek R.K. ing dina tingalan tahoen-wijosan. Soréné R.K. nampi pahargjan saka djoeroe laden Bintaran; nampi tamoe sawatara lan bandjeli moelang *catechismus*²⁰³.

Rebo 26 Nov. 47.

Mis kaja wingi. R.P hardja sowan ngrembag bab berkahan. Soré disowani warga Kongr. Wred. Wanita 4.

Kemis 27 Nov. 47.

Mis kaja wingi. Soré disowani Brajat Winatasastra sagarwa poetrane lan mantoe. Nj. Soegeng diangkat dadi penasehat delegasi.

28 Nov. 47. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Ésoek lan awan, apa manèh soré akèh kang pada sowan. Djam 9 ba(p)tis baji ana ing gredja.

29 Nov. 47. Setoe.

Mis djam 6,30 nganggo menjanjiane botjah moerid Soesteran, R.P. Marta rawoeh saka Moentilan, nggawa *referaat*²⁰⁴. R.P. Schoeten bab *Kerkmoeziek*²⁰⁵, *motu proprio*²⁰⁶ lan *Instructio Apost*²⁰⁷.

30 Nov. 47. Ngahad.

R.K Mis djam 6 ing gredja Bintaran. paring piwoelang sadjroné Mis djam 6 lan dj. 8. Ngebihi sadoeroengé Mis djam 6 lan bakda Mis djam 6 nganti wekasane Mis djam 8. akèh kang marak. Tampi pisoengsoeng taman 10 pot saka Tw. Moeradji.

1 Dec. 47. Senèn.

Mis ing gredja djam 6,30.

2 Dec. 47. Selasa.

Mis kaja wingi. Bakda sarapan, tamoe: Libert lan garwane, Congregati Pemoedi T'iong Hwa, botjah-botjah kantor laoetan, Christin Toengkak. Soré sowan Darjani, Moedjilan. ésoek R.P.

Djajasepoetra bab ngoepakara pradjoerit ing asrama. R.D. Hardjawarsita bab berkahan lan *conferentie* Amkri.

3 Dec. 47. Rebo.

Rijaja st. Fr. Xav. R.K. ngoedjoekake Mis gedé djam 6 kang ndèrèk akèh. Gandjeoran rong atoes, Indo fm. rong atoes, brajat-brajat Djawa rong atoes sepoeloeh. Tamoe saka Klaten, goeroe loro. Soré Dr. sentral sekalijan sowan ngrembag bea lan Riki.

Kemis 4 Dec. 1947.

Mis djam 6,30. Dina iki R.K. ngirim teloeng atoes roepijah marang para soester Klaten. Djam 10,30 R.K. ngrewangi ngebih. Kang sowan Nj Hadi lan Nj Mangoen, Doelkahar, Albert lei dari Djakarta siti Hadikin. Soréné Soemaatamadja karo poetrane teloe sowan. Semono oega Darsa saanaké.

Djoemoewah 5 Dec. 47.

Djam 6,30 Mis mawa sinewakan lan menjanjian. Bakda sarapan nampi Nj. Boediman apa manèh Reet karo adiné saka Tjakra, arep menjang Solo disangoni seket. Djam 4,20 R.K. dipetoek montor, tindak menjang Kidoel Lodji. Djam 5 R.D. Soerja ngoendjoekaké astoeti, R.K. paring piwoelang sadjroné astoeti. Bakda astoeti disowani Phien lan Bea. R.K. lenggah ing Kidoel Lodji.

Setoe 6 Dec. 47.

Djam 6 Mis ing gredja. Djam 5,10 astoeti lan paring piwoelang, *triduum*²⁰⁸. Senadjan rada meksa akèh kang merlokaké teka.

Ngahad 7 Dec.

Djam 5 ésoek R.K tindak menjang Bintaran noeli ngebihi tekan djam 7,45. Djam 8 ngoendjoekaké Mis gedé kanggo para pemoeda lan pemoedi ll. kang pada *recollectie* lan paring piwoelang bab idjab. Djam 10-10,55 paring sesoeloeh bab ijab. Djam 11,30-djam 1 ngladjèngake. Djam 1,30 - 2,30 maringi wangsoelan. pitakonan. Kang ndèrèk ± 800. Dipotret bola-bali. Djam 3 dahar. Djam 3,30 koendoer menjang pastoeran Kidoel Lodji, didèrèkaké R.D. Sandiwan. Djam 5,50 wiwit astoeti. R.P. soekarta sadjroné astoeti paring piwoelang lan ngladjèngake astoeti. Disowani Christine Soegeng lan patjangane.

Senèn 8 Dec. 47.

Djam 6 Mis gedé rama teloe - R.P. Soekarta, R.D. Kunkel. Bakda Mis berkahi Christine Soegeng lan patjangane, kang diterkake Tw. lan Nj. Soegeng Winatasastra, Soewadi Mr. Nj. Wijana. Riki sowan. Soré djam 5 diatoeri djènengi pahargjan Congr.²⁰⁹Tiong Hwa. Djam 5,30 koendoer menjang Bintaran dipetoek montor Soedewa. Djam 7 disowani Moenadjat lan Soedarwati njoewoen rembag bab lajang saka Djakarta lan Amkri.

Selasa 9-12-47.

R.K Mis djam 6,30 ing gredja Bintaran. Bakda sarapan siwonani Christ. Darmawardaja + Soetarmi. Djam 9,45 tindak menjang Panti Rapih dipetoek montor Dr. Sentral. Djam 1,10

didèrèkaké koendoer. Djam 6 disowani Soemitra, bandjoer ditjaosi anggoer fm. Boediman.

Rebo 10-12-47.

Mis kaja wingi.

Kemis 11-12-47.

Mis kaja wingi. R.K. diatoeri ndjenengi pègetan Soelawesi, nanging ora saged rawoeh. Djam 6 tindak menjang dokter Sentral, dipetoe montor, didèrèkaké R.P. Martawardaja kang teroes chalwat ana ing Ign College. R.K. ngoeroeni goeroe-goeroe limang atoes roepijah.

Djoemoewah 12-12-47.

Mis kaja wingi. Djam 8 Bratasoedarsana saka Kementerian agama sowan; djam 9 president seminarie agoeng sowan. Djam 11 R.P. Djajaatmadja sowan. djam 12,40 Lie njaosi sigaret saka Amerika “Phillip Morris”. Soréné Br. Parta lan R.D. Dwidjasoesastra. Djam 10-11 Moeder Ursula, kang njaosake bakal djoebah woengoe saka Djakarta pisoengsoeng saka fm. Oei Kok Tien.

Setoe 13-12-47.

Mis kaja wingi. Disowani Ong. Rama Brata kang njaosi soepaja R.K. tg. 19 Dec paring *recollectie* ing Koemetiran lan pisowanan sawatara.

Ngahad 14-12-47.

R.K. Mis gedé djam 6 lan paring piwoelang, oega ing Mis djam 8. sangarepe lan bakda Mis ngebihi. amoe: Soerata, Busch, Darmawasita Poerwadadi, Oemarni, Ramélan + Trihardini.

Senèn 15-12-47.

Mis djam 6,30. Poerwadihardja, Sandiwanbrata, Soekarta, l.l. sowan. Iboe Colleta Bara sowan bab nganakake *juvenaat*²¹⁰ kanggo para soester Franciscanes ing Bara.

16 Dec. 1947. Selasa.

Mis kaja wingi. Bakda Mis Coba Vroegop marak. Soréné kang marak goeroe-goeroe Panti Rapih + Moes. Mengkono oega *ordinandi ad diacon*²¹¹ etc.

17 Dec. 47. Rebo.

Nj. Moedji marak arep menjang Solo. Soré paring piwoelang marang Congr. M.W.²¹² R.P. Djajatmadja sowan ngrembag bab Universiteit. Samsi sowan miterang bab Boekoe *wel*²¹³.

18 Dec. 47. Kemis.

Mis kaja wingi.

19 Dec. 1947. Djoemoewah.

Esoek akèh kang sowan saka Panti Rapih, Soré djam 4 dipetoek dokar R.D. Brata + warga poeta, didèrèkaké menjang Koemetiran, maringi recollectie wiwit djam 4,30 tekan djam 6 bandjoer astoeti. Djam 6, 30 koendoer menjang Bintaran.

20 Dec. 47. Setoe.

Mis kaja wingi. Disowani bakjoene Anna Tien -Mevr. Theng + Pak besoet, Djaja. P.T. kang njaosi 2 dina bab *Kersmisan*²¹⁴ bengi. Djam 9 Rama K paring pitedah marang para moerid S.M.K poeteri.

21 Dec. 47. Ngahad.

Djam 5,30 ngebihi, djam 6 Mis gedé. bakda Mis ngebihi. Disowani Darsa lan Zr. kang njoewoen tapak asta arep dienggo ndjaloeok dana menjang Taru Martani. Nampi sewoe saka Taru Martani.

22 Dec. 47. Senèn.

Djam 6,30 berkahan *Diakon 2. Acolytb*²¹⁵ - 2, *klein minor*²¹⁶ sawatara. Bakda berkahan dahar sarapan bebarengan ± 42 rama lan Rama Moeda, pisoengsoeng saka parochie, akèh tamoe. R.K ora saged ngleksanani atoeran saka Dagen Kowani. Pisoengsoeng ses istimewa saka Taru Martani. R.K nampi rong atoes saka Ign. College diteroesake menjang Gandjoeran, lan paring seket marang Soema. Boediman lan Pak Besoet ditimbali gandeng karo atoeran bab sowan gredja ing Mis bengi.

23 Dec. 47. Selasa.

Djam 630 Mis loemrah. Prekara atoeran bab Mis bengi wis beres.

24 Dec. 47. Rebo.

*Vigili Kerstmis*²¹⁷. Wiwit akèh tamoe. R.K maringi pitedah bab pandjaga. Nimbali pemoeda Bintaran. Pak Besoet beresake bab omah. Soréné djam 4,45 - djam 7 ngebihi. Soréné altaar katon amrok kebak kembang Lenamo gedé ditebakake kanggo njamboeng lan moewoehi Sentrum. Kabèh katon regeng. Djam 11,45 wiwit oepatjara. Gredja kebak mentjep. R.K. ngoendjoekaké Mis bengi djam 12 lan Mis no. 2 Djam 2,15 Mis rampoeng.

25 Dec. 1947. Kemis.

R.K. djam 7,30 dipetoek montor Dokter Sentral, tindak menjang Kota baroe. Djam 8 Mis gedé lan paring piwoelang kang disijarake kanggo dalam negeri lan loear negeri. Bakda sarapan, ngrawoehi scholasticaat, bandjoer ndjènengi pepanggihan parochie Kota Baroe ana ing aula Sekolah Menengah Tinggi. Djam 12,5 didèrèkaké nganggo kréta koendoer menjang Bintaran. Djam 5 soré ngoendjoekaké *lof*¹⁸ semoea ana ing Bintaran lan maringi piwoelang. Bakda *lof* disowani parochie Bintaran. Kota Baroe, Bintaran kebak mentjep. Klaten baptisan 18.

26 Dec. 47. Djoemoewah.

R.K. Mis djam 8. sadjroné Mis gedé djam 6 maringaké Koemini soetji. Nemoni tamoe. Djam 11,30 dipetoek kréta pemoeda Tiong Hwa 3 tindak Dagen, manggihi para Kath Tiong Hwa kang pada ngedoem begdjan lan lotre tjara Amerika. R.K. paring pangandikan. Djam 4 disowani sadoeloer akèh.

27 Dec. 47. setoe.

R.K. Mis djam 6,30. ésoek lan soré akèh kang pada sowan.

28 Dec. 47. Ngahad.

Djam 5,45 ngebihhi maringaké Koemini Soetji sadjroné Mis djam 6. Ngoendjoekaké Mis Soetji djam 8. Ésoek lan soré akèh kang sowan. R.K. ngoendjoekaké astoeti P.K.R.I. sowan ngrembag kemoungkinan *penetratie*.

29 Dec. 47. Senèn.

Mis soetji djam 6,30 ing gredja. Djam 9 tilpon saka lapangan, jèn Kandjèng Delefaat rawoeh, didèrèkaké fr. Soenarja lan Wahjoedi. *Oorloge coir België*²¹⁹?. Djam 10,30 R.K. dipetoek motor Soenarja, lan mangajoebagja rawoeh Kandj. D.²²⁰ ana ing Kota Baroe. Pamong tamoe R.I. tjaos keterangan bab R.K.D.²²¹ noeli nata dalem ing Terban Taman kagem pandjènengane. R.K. Semarang ngadvisi soepaja R.K.D. lenggah ana ing dalem maoe, amrih katon koentjarane ana ing mripate wong akèh. Djam 11,45 R.K.D. + R.K.S.²²² + Rama Soekarta, kang kapatah dadi secretaris tindak menjang Panti Rapih. Pamong tamoe oega ndèrèk. Djam 12,15 R.K.S. + Pamong Tamoe R.I. menjang Bintaran. Mr. Ichsan rawoeh ngremboeg program kagem R.K.D. Soréné R.K.S. mriksani gredja-gredja lan dahar ing Bintaran. Rena banget merga disoegoeh dahar Tjong Hwa. Program kanggo dina Selasa. R.K.D. ngoendjoekaké Mis ing Kota Baroe djam 6. Djam 6,45 dahar ing College tindak terban Taman noeli mriksani Boen Broeder. Djam 4 pisowanan P.K.R.I. ing Terban

Taman. Djam 5,45 oepatjara nampi R.K.D. ana ing gredja. Djam 6,45 receptie ing Ching Hoa Ching Hui. Djam 8,45 dahar ing istana. Para sadoeloer disiapake.

30-12-47. Selasa.

Djam 6,30 R.K. Mis ing Bintaran. ésoek R.K. njerat pidato tjara latijn. Disowani Rm President lan Oei Tjoet Piet. Soréné djam 5,45 R.K. mengagem koorkaf²²³ + mijter²²⁴ + para Rama, djoeroe laden kang nampi R.K.D. ana ing gredja Bintaran, kang dipadjang api(k), akèh baloede, kembangé, oega krandjang boenga saka Ir. Soekarna President R.I. Gredjané kebak mentjep. Rentjana ditindakake nanging R.K.D. ngendikan tjara Perantjis kanti semangat kang didjawakake R.K. Semarang. Receptie lan dahar ing Istana toemindak bregas. Djam 12 R.K.S. metoek R.K.D. menjang Terban Taman, saka kana menjang Wakil Perdana Menteri perloe ngoeloengake lajang saka Secretariaat Vatican. Djam 12,30 saka W.P.M.²²⁵ menjang President ing Istana. Kang apik banget panampané. Saka Istana menjang Bintaran lan R.K.D. dahar ing Bintaran, disegah daharan Tjong Hwa. R.K.S. paring dana warna-werna goenggoeng 640.

31-12-47. Rebo.

Bakda sarapan R.K.S. diampiri Mr. Pringgodigdo, secretaris negara, ngagem montor kagoengane President. saka Bintaran moeroegi R.K.D. ing Terban Taman. Saka Terban Taman ndèrèkaké R.K.S. menjang lapangan terbang, nganggo montor loro. Kang ngarep R.K.D. + R.K.S. + Mr. Pringgodigdo + R.P.

Soekarta + Pamong tamoe + pradjoerit pengawal. Boeri: R.D.
Soerjamoerdjita + Kasimo, Soemitra. Saka lapangan R.K.S.
didèrèkaké Mr. Pringgodigdo koendoer menjang Bintaran.
Soréné ndèrèk astoeti.

**CATATAN HARIAN MGR. A.
SOEGIJAPRANATA, SJ
1 JANUARI 1948- 31 DESEMBER 1948**

1-1-48. Kamis.

R.K. Mis djam 8, kanggo para sadoeloer kang makarja ing Taru Martani. Akèh kang pada sowan, akèh pisoengsoeng. Soré djam 7 R.K. tindak receptie menjang Istana didèrèkaké R.P. Martawerdaja + soemitra. Mengkono oega Djoepri. Nitihardja lan dr. Sentral. Koendoéré djam 10 kliwat.

Catatan:

Antara selang waktu tanggal 2-1-1948 sampai dengan 22-1-1948 tidak ada catatan.

23-1-48. Djoemoewah.

Djam 4 dipetoek montor Semeroe lan Singgih didèrèkaké menjang Panti Rapih. Djam 5,30 astoeti, bandjoer woelangan. R.K. njaré ing Panti Rapih Maria pavilion no. 9.

24-1-48. Setoe.

Djam 4 woelangan djam 5,30 Mis ing kapel. Djam 10 woelangan ing kapel. awan djam 5 woelangan manèh ing kapel.

25-1-48. Ngahad.

Djam 4 woengoe, djam 5,30 Mis, bakda Mis nampèkaké Koemini Soetji marang para kang lara. Djam 10 woelangan. bakda woelangan, noewèni para wong lara afd.²²⁶ kang ora doewé. Soré djam 5 astoeti, djam 5,30 tekan djam 6,15 woelangan. bakda woelangan dipetoek montor pak Kasima lan Bedol, didèrèkaké toewi fm. soerjaprawata, noeli fm. Kasima, djam 8,10 koendoer

26-1-48. Senèn.

Woengoe djam 4, Mis djam 5,30. Tanpa poendjoengan sarapan saka Soerjaprawata. Djam 10 woelangan. Djam 5,30 astoeti. bakda astoeti boekak chalwat.

27-1-48. Selasa.

Woengoe 4. Mis dj. 5,30. Bakda Mis *meditatie*²²⁷, djam 10 *meditatie*, djam 5 *instructie*²²⁸, djam 6,30 *meditatie*, djam 7 astoeti, Djam 7,20 *punten meditatie*²²⁹. Dina chalwat kang kapindo. Ngirimake *vastebrief*²³⁰ basa melajoe.

28-1-48. Rebo.

Dina chalwat kang kapindo.

29-1-48. kemis.

Dina ,, ,, keteloe.

30-1-48. Djoemowah.

,, ,, ,, ping pat.

31-1-48. Setoe.

„ „ „, ping lima.

1-2-48. Ngahad.

Ngoendjoekaké Mis gedé lan paring piwoelang, gandeng karo pahargian kepjakan angkatan dadi santo Realino + de Britto. Bakda Mis noewèni scholastiek noeli koendoer menjang Panti Rapih. Djam 8-9 lenggah ing internaat Panti Rapih.

2-2-48.

Djam 7 nindakake oepatjara ing kapel Panti Rapih paring pengageme marang Soester 8 lan nampi prasetya saka soester 1, Mis gedé rampoeng djam 9. Bakda sarapan noewèni noviciaat lan para tamoe. Djam 11 koendoer menjang Bintaran didèrèkaké dr. sentral. Midanget Pak Kasima dadi Menteri Makanan ra'jat.²³¹

3-2-48. Selasa.

R.K. Mis djam 630 ing gredja Bintaran.

4-2-48. Rebo.

Mis kaja wingi. R.P. Djaja, sandiwan Brata, Ruding sowan.

5-2-48. Kemis.

Mis kaja wingi. Djam 10 ngebihi ing gredja.

6-2-48. Djoemoewah.

Mis djam 6,30 mawa sinewakan, akèh kang ndèrèk; ngebihi sadoeroengé Mis. Awan ngoendjoekaké astoeti.

7-2-48. Setoe.

Mis djam 6,30 nganggo menjanjian. Soréné ngebihi.

8-2-48. Ngahad.

Djam 6 Mis gedé. R.P. Reksa maos lajang pasa. Soréné disowani Waloeja Hardjasoekarta sekalijan kang pamit menjang Kediri. Botjah-botjah Poegeran. Kaloewarga C. Soegija.

9-2-48. Senèn.

Djam 6,30 Mis ing gredja. Soré djoepri, Groenwoed. R.K. *uitgeving*²³².

10-2-48. selasa.

R.K. Mis gedé djam 6,30 ana ing gredja Kidoel Lodji kanggo sadoeloer Tiong Hwa Kath djer pinoedjoe taheen baroe R.K. paring piwoelang sadjroné Mis.

11-2-48. Rebo.

Mis djam 6,30 ing Bintaran, akèh kang ndèrèk nedengi Rebo awoe²³³. Moeder Cornelia lan Ursula sowan ngrengbag bab woelangan agama kanggo para magang. Mgr. dawoeh, koedoe tjara Djawa.²³⁴ Djer ana kang babar pisan ora bisa tjara Landa. Déné kang wis pada prasetya lan bisa tjara Landa kena sakarepe. Botjah Panti Rapih 2 lan Kunariah Sowan.

12-2-48. Kemis.

Mis kaja wingi.

13-2-48. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Soré conferentie kanggo para pemoedi sawatara.

14-2-48. Setoe.

Mis kaja wingi.

15-2-48. Ngahad.

Djam 5,14 tindak menjang Kidoel Lodji. Mis djam 6,30 paring piwoelang oega sadjroné Mis djam 8. Bakda dahara sarapan, gendikan karo Rama Soekarta. Djam 10 dipetoek montor Menteri Kasima, karo Martama, didèrèkaké menjang Solo, mampir Klaten sadela. Djam 1,30 tekan Pastoeran Poerbajan Solo.

16-2-48. Senèn.

Djam 6,30 ngoendjoekaké Mis nganggo menjanjian ana ing gredja Poerbajan kanggo S.K.P.S.²³⁵ kang genep 12 ½ taun oemoere. Bakda (da)har disowani Radi hadisoedjono M.S.F.²³⁶ Djam 9 tindak ndjènengi S.K.P.S. pinanggih G.P.H.²³⁷ Koesoemajoeda, kang djam 10 djèngkar marga rapat, + Djam 10 Résidèn Soedira sekalijan lan Walikota sekalijan pada rawoeh. Djam 5 soré tindak menjang Poerwasari, tinampi sadoeloer RK sawatara, lenggahan nganti djam 8,30.

17-2-48. Selasa.

Djam 6 Mis ing gredja Poerwasari. Bakda dahar sarapan disowani sadoeloer sawatara. Djam 10,30 tindak menjang

Poerbajan. Djam 11 disowani sadoeloer sawatara. Djam 11,30 lenggah ing Soesteran nganti djam 12,45. awan nampi tamoe sawatara. Djam 6 didèrèkaké R.P. Poespasoeparta mertamoe marang Walikota.

18-2-48. Rebo.

Mis djam 6 ing gredja Poerbajan. Bakda dahar disowani Boe Kasima lan Soegiarsi. Djam 10 disowani Boe Menggoeng + Nj. dokter Soedjito, Djam 9,30 maringi Sakr. kasantosan marang Margaretha Maria saka Delanggoe. Djam 1045 disowani pengeroes Amkri. Djam 11,30 Nj. Soeparma, bandjoer Soetarmi. Djam 1,45 dahar. Djam 1,45 maringi Sakr kasantosan marang Soegiarsi. Djam 3,15 djengkar nitih kréta pastoeran Klaten, dipasang djaran sewan Ketada Klaten. Kang metoek Br. Tirta lan Hardja. Tekan Klaten djam 6,15.

19-2-48. Kemis.

Mis djam 6 ana ing gredja Klaten. Djam 11 disowani moerid S.M.K. Djam 4-5,30 disowani para wanita; djam 6,30-djam 8 disowani para prija.

20-2-48. Djoemoewah.

Djam 5,15 tindak menjang Wedi, djam 6 Mis ing kana, bakda Mis pisowanan déwé-déwé nganti djam 11. Djam 5 soré pisowanan bebarengan ana ing ngarep pastoeran. Djam 6-djam 8 pisowanan sadoeloer sawatara. Djam 8,30 koendoer menjang Klaten.

21-2-48. Setoe.

Djam 6 Mis ing gredja Klaten. Djam 8 moerid-moerid ngloempoek ing ngarep pastoeran perloe tjaos soegeng tindak. Djam 8,10 R.K. nitih kréta koendoer menjang Ngajogja didèrèkaké Darma Wedi lan Hardja Klaten. Djam 11 R.K. rawoeh ing Bintaran. Soréné ngebihi sadela. R.Reksa mbantoe Klaten marga Rama Poer gerah; R. Soekarta nggentosi Rama Reksa.

22-2-48. Ngahad.

Djam 5,15 R.K. tindak menjang pastoeran Kidoel Lodji. Djam 6,30 ngoendjoekaké Mis lan paring piwoelang. Sadjroné Mis djam 8 oega paring piwoelang. Djam 11 tindak menjang Koemetiran. Djam 5,30 ngoendjoekaké astoeti.

23-2-48.

Djam 6 ngoendjoekaké Mis mawa menjanjiane botjah-botjah. Bakda dahar sembahjang lan njerat. Disowani Soewandi. Soréné disowani botjah-botjah sawatara. Senèn.

24-2-48.

Djam 6 Mis, Bakda Mis disowani Das, Moenadjat lan soekahardja. Awan disowani R.A. Atmadarsana lan poetrane Threes lan To saka P.A. R.P. Canterius. Selasa.

25-2-48.

Djam 6 Mis. Bakda Mis sembahjang. Soebandijah marak. Soré Lar, Moenadjat, Marta etc. sowan. Rebo.

26-2-48. Kemis.

Djam 6 Mis ing gredja Koemetiran. Ésoek soré akèh kang sowan. soréné djam 5 disowani Rama Canterius.

27-2-48. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Awan djam 2 montoran karo Rama Brata, Bendot menjang dalemé R.M. Bardja ing Koetoe. Djam 7-7,30 Tw. Mononoetoe, Ketoea Delegatie N.I.T²³⁸ sowan.

28-2-48. Setoe.

Mis kaja wingi. Bakda sarapan disowani sadoeloer sawatara (Joh + Nata). Djam 10 ngandong menjang Bintaran didèrèkaké R.P. Brata.

29-2-48. Ngahad.

Mis djam 6,30 ing gredja Kampemenstraat paring piwoelang oga sadjroné Mis djam 8. Djam 8,45 koendoer menjang Bintaran. Tampi tamoe poetrane Eni, didèrèkaké R.A. Soegita.

1-3-48. Senèn.

Mis djam 6,30 ing gredja Bintaran. Ésoek pègetan pekik merdeka. R.K. disedahi nanging ora tindak, djer ora kangsengan kendaraan. Pemoeda 3 saka Djombang sowan. Soréné ana kang pada sowan.

2-3-48. Selasa.

Mis kaja wingi. Tamoe pemoeda 2 saka Magelang lan

Ngajogja. Serdja + Toegimin, R.K. kintoen sewoe kanggo roemah Piatoe Bara. Danoe rong atoes.

3-3-48. Rebo.

Mis kaja wingi. Secretariaat Negara nilpon menawa sésোক ana kiriman document 3 peti saka secretariaat Delefaat nganggo montor maboer. Bisa oega auto, handen kagem R.K., bisa oega daharan (*consumente*), bisa oega sandangan. R.p. Djajatmadja, R.D. Sandiwan Brata, R.D. Bratawiratma, Soekardi, Moedjilan, Soeminarti, Sie Nio Magelang, pada sowan.

4-3-48. Kemis.

mis kaja wingi. Bakda Mis tanpa boeah-boeah saka fm. Djajaprawira Kintelan. Soekadija sowan. Djam 10,30 tekan djam 11,45 ngebihi ana ing gredja.

5-3-48. Djoemoewah.

Djam 6,30 Mis mawa sinewakan, sadoeroengé ngebihi. Djam 9 soejati sowan. Djam 10 dipetoek montor dr. sentral teroes menjang Panti Rapih, nemoni panggedé Oemoem para Soester Md. Commasniet + Md. Laurentia. Djam 12,30 tilik brajat Sentral, dahar, noeli djam 2,15 didèrèkaké koendoer. Soréné djam 4,30 *cursus sosiologie*. Djam 6,15 disowani Dibja, Soemaatmadja saka Gandjoeran.

6-3-48. Setoe.

Mis mawa menjanjian, djam 6,30. Djam 10 Moeder Josef Klaten lan Emmaculata Bintaran rawoeh maboer saka Djakarta.

Djam 10,30 Moeder Josef sowan, ndjèntrehaké gangsaré tindaké direwangi saka ing ngendi-endi njangking olèh-olèh akèh. Djam 5,30 Moeder Immaculata sowan nanging ora ngampil mantel, djer doeroeng dadi. Djam 6,45 Cypriana lan Bea.

7-3-48. Ngahad.

Djam 6,30 R.K. Mis ing Kidoel Lodji lan paring piwoelang, oega sadjroné Mis djam 8. Djam 9 wis koendoer ana ing Bintaran. Ngendikan karo Rama Sonto. Djam 6,30 ndèrèk astoeti.

8-3-48. Senèn.

Djam 6,30 Mis ing gredja Bintaran. R.D. Hardjawarsita sowan.

9-3-48. Selasa.

Mis kaja wingi.

10-3-48. Rebo.

Mis kaja wingi. Rama Sandjaja sowan. Br. Parta, Soegiarsi lan Parti marak. Soen, Ninik, Coba Vroegop + James Tobiat Vroegop sowan. Geldrop.

11-3-48. Kemis.

Mis kaja wingi. Rama Kiswana, Luci Tan + Kangmas Moedjilan sowan.

12-3-48. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Pak Cornel + Oemari, Satari, Parti, Soegijarsi. R.D. Sandiwan sowan. Soré cursus.

13-3-48. Setoe.

Mis kaja wingi. Soréné dipetoek Pak Cornel menjang Panti Rapih perloe disoewoeni pamit Moeder Emmanuel + Zr. Laurentia.

14-3-48. Ngahad.

Djam 5,15 tindak menjang Kampemenstr. ngoendjoekaké Mis lan moelang djam 6,30, oega paring piwoelang sadjroné Mis djam 8. bakda moelang ngandong menjang Bintaran. Disowani Chr. Kost. Poedja, Soendari, Djajèngdri, soetarmi Moentilan, Ir. Wakidi. Bakda *lof* rembagan karo fm. Soegija Poerwanggan bab Gandjoeran. R.K. mangertos bab *corruptie* sing toemindak ing papan manéka warna. Darmasepoetra tilar.

15-3-48. Senèn.

R.K. Mis djam 6,30 ing gredja. Njerat marang para Rama bab kaloenggoehané ng(i)wati *profetien*²³⁹. Mochamad sowan matoer bab rentjana para Soester ngangslœpi oekarine ing Moentilan. Rama Brata oesoel recollectie kanggo Koemetiran.

16-3-48. Selasa.

Mis kaja wingi. Rama Poedjaandaja, sowan. R.K. ngintoenake dana kanggo goeroe-goeroe ing Klaten lan Wedi kang ngrekasa sewoe rong atoes. Bara sewoe rong atoes, Gandjoeran limang atoes, tindak Solo dana lan ragad woloeng atoes, ana ing Ngajogja limang atoes. Tampi saka Moeder Emma nem ewoe limang atoes. Anak-anaké Tjakra rong atoes. *Ind. Fam.*²⁴⁰ rong atoes. Soemitra

Penerangan sowan. Santa *Grootseminarie* sowan ngrembag bab oepatjara Kemis poetih, lan wadoel prakara kangmasé.

17-3-48. Rebo.

Mis kaja wingi. R.K. oeroen sewoe roepijah kagem Br. OO.²⁴¹ R.P Djajasepoetra sowan.

18-3-48. Kemis.

Mis kaja wingi. Soréné Rama Kiswana rawoeh, gentosi Rama Reksa kang tindak menjang Sedajoe.

19-3-48. Djoemoewah.

Pesta st. Joseph. R.K. Mis ageng djam 6, akèh kang ndèrèk. Soréné conferentie sociologie.

20-3-48. setoe.

Mis nganggo menjanjian. Ésoek Menteri Kasimo sowan bab tindaké R.K. menjang Solo. Soréné oetoesan 2 saka Solo ngatoeri R.K. kang bésoek Setoe Sepi tindak menjang Solo. Awané ngebihi sadela.

21-3-48. Ngahad.

Djam 6,30 Mis lan moelang ing gredja Kidoel Lodji. Sadjroné Mis djam 8 oega moelang. Djam 10 dipetoek Rama Brata ngandong tindak menjang Koemetiran. Djam 4,30 soré maringi recollectie²⁴². Akèh kang ndèrèk.

22-3-48. Senèn.

Djam 6 Mis ing gredja Koemetiran. Djam 10 koendoer didèrèkaké R.D. Brata. Nampi: Inspecteur politie²⁴³ Soertidja -Meester. Soedini saka Moentilan. Mitra sowan.

23-3-48. Selasa.

Mis djam 6,30 ing gredja. Soré R. Djajasepoetra sowan. Tien, ndoek Sentral, Riki, Singgih sowan.

24-3-48. Rebo.

Mis kaja wingi. Djam 4,30 ngandong menjang Kota Baroe, njaré kono manggihi para Rama.

25-3-48. Kemis poetih:

oepatjara ing gredja Kotabaroe, Mis semoea lan berkahan lenga soetji, moerid seminari agoeng ngladosi, para frater s.j. menjanji. Gredjané mentjep. Djam 10 koendoer menjang Bintaran.

26-3-48. Djoemoewah Adi.

R.K. nindakake oepatjara ing gredja wiwit djam 6, gredja mentjep, djedjel rijel.

27-3-48. Setoe Sepi.

R.K. nindakake oepatjara ing gredja, dibantoe mahasiwa 2 saka seminari agoeng. Wiwite djam 6. Akèh kang ndèrèk. Djam 3,15 tindak menjang Solo, noenoet Menteri Kasimo, dipetoek Soeharno didèrèkaké P.T.2. saka Ngajogja gandeng karo

pembersihan ing Soerakarta. Ana ing dalan akèh wong mlakoe lang mengoengsi, oega gandeng karo pembersihan. Tekan koeta ngroengoe jèn benggolé 4 kang gawe onar wis katjekel. Ana ing Poerbajan ditampa panitija perajaan Paskah saka Poerbajan lan Poerwasari. R.K. noeli ngewangi ngebihi.

28-3-48. Ngahad Paskah.

Djam 6 Mis gedé. Sadjroné djam 8, R.K. ngebihi. Noeli nampi tamoe sawatara. Soré djam 5 astoeti. R.K. paring piwoelang.

29-3-48. Senèn.

Paskah kang kapindo. Djam 6 R.K. Mis mawa menjanjian lan sinewakan. Sadjroné Mis djam 8 R.K. ngebihi. Djam 9 paring pangandikan ana ing rapat Amkri ing gedong S.K.P.S. Kang teka akèh. Djam 12,30 tindak menjang Soesteran nganti djam 1-30. Djam 5 R.K. medar sabda ana ing ngarepe botjah loewih saka 1000 kang ngloempoek ing Harmonie perloe nonton sandiwara. R.K. noeli koendoer, ndèrèk astoeti, nampi tamoe. Bakda dahar tindak menjang *harmonie* dipetoek montor. R.K. ana ing kana medar sabda bab persatoean. Ing *eerstebuig Harmonie*²⁴⁴ R.K. ditampi *eerwacht militaire*²⁴⁵ + 20an kepandoean Tiong Hwa, lan politie. Balai kesehatan asoeng pitoeloengan. Para panggedé sami ora saged rawoeh marga kapeksa rapat. Wakil Kraton lenggah djédjér R.K. Djam 11,45 koendoer ing Pastoeran Poerbajan.

30-3-48. selasa.

Djam 5,45 R.K. Mis king kapel Soesteran. Bakda dahar disowani Tw. Pamoedji, Mr. Hassan, P.K.R.I. lan A.M.K.R.I.

*afd.*²⁴⁶ wanti perloe tjaos boeah + ses. R.K ngendikan nganti djam 12. Djam 12,30 nampi pisowanan moerid S.K.P.S. kang oega diparingi pangandikan. Djam 4,30 R.K. nampi poetrané Darmo. Djam 5,30 nitih montor didèrèkaké R.P. Poespa. Djam 5,45 R.K. rawoeh ing Pastoran Poerwasari, ditampi sadoeloer sawatara. R.K.lenggah ngendikan nganti djam 8.

31-3-48.

Djam 6 R.K. Mis ing gredja Poerwasari, soréné conferentie kagem para iboe.

1-4-48. Kemis.

Mis kaja wingi. Nampi tamoe, maringi conferentie. Toewi-toewi: Prawira, Soedjadi, Wrijaji.

2-4-48. Djoemoewah

kang kapisan ing sasi April. R.K. Mis djam 6 ing Poerwasari mawa sinewakan lan menjanjian. Familie Djasman sowan. Djam 11 Mr. Soetan Hamzah sowan. Djam 11,30 panitija S.M.T. sowan ngrembag tembe boeri. Djam 5 para Broeder O.O. Ngajogja rawoeh. Para sadoeloer Poerwasari ngloempoeck ngoentapaké djèngkare R.K. menjang Poerbajan.

3-4-48. Setoe.

R.K. ngoendjoekaké Mis djam 6. Djam 7 moerid-moerid Broederan Poerbajan 460 diirid menjang gredja perloe menjanji lan ndèrèk Mis atoer panoewoen lan pahargjan, djer Pamoelangan Broederan Poerbajan woes madeg 25 tahoen. Mis semoea

diondjoekaké Rama Poespasoeparta, S.j. R.D. Tjakrawardaja. sec.pr.²⁴⁷ + Groot Seminarist. Fr. ...²⁴⁸ R.K. ndèrèk Mis ana ing priesterkoor²⁴⁹. Menjanjian Missa²⁵⁰ + Angelis²⁵¹ + *veraderlijke dielen flink en goed gezongen bij*²⁵² botjah-botjah. Bakda ndèrèk Mis *met slaande tromp*²⁵³ gerak djalan metoe ngarep *Gementen huis*²⁵⁴ nengen metoe dalan gedé Poerwasari bandjoer nengen manèh metoe lodji woeroeng andljog ing djalan Poerbajan. Tekan Pamoelangan: sarapan. Djam 9,15 wiwit perajaan resmi, binoeka nganggo Indonesia Raja. Emper tjagak-tjagak dioebengi godong, tritis dipinggiri djanoer, tengah-tengah gapoera gedé + pinggir dalan gapoera tjilik, saantarané gapoera papan pertoendjoekan: *orde en vrije oefening met de moedige standen*²⁵⁵ Sesorah saka moerid. Br. Timotheus bab babade pamoelangan Poerbajan. Wakil kantor pengadjaran, Br. Penggedé oemoem Petrus, Penggedé Bara. R.P. Poespasoeparta, Mgr., diselingi menjanjian *Passieweke melodium, freesch - correct gezijn*²⁵⁶ ngoendakaké ngengrenging pahargjan.

1. *Lied: Duizendmaal dank Ins komt het lang verwachtte oogenblik om de gevoelens van onze harten te enten. Gezamenlijk alle leerlingen staan kaarsrecht eerbiedig vol preciit te zingen: duizendmaal dank, duezendmaal dank, wij herhalen het duezendmaal: aan de Missie, aan de Pastoor, aan de Broeders, aan de onderwijzers voor de lessen, opvoeding, zielenvoedsel tot het van ons een laat, van ons volk van ons vaderland geboorte-grond.*²⁵⁷
2. *Onze school 25 jaar. Komt laat ons wij allen ons verheugen en verblijden, door onze bijzondere school de leeftijd van 25 jaar heeft bereikt. Bloeind en on verkt: De goede van echte pinjke dendelijk,*

*overal in Indonesia. Hib hip hoera onze school 25 jaar oud, Hib hip hoera onze school 25 jaar oud.*²⁵⁸

3. *De roep v.d. Broedersschool. Late wij leerlingen v.d. Broedersschool Soerakarta, flink leeraan, vol geestdrift zonder verslapping en vermoeiërnis te tellen. Denkt er altijd aan, dat wij vooruit moeten, met ons werken en studeren opdat wij nuttig zijn voor land en volk. Laten wij, leerlingen v.d. Broedersschool Soerakarta een zijn van hart, trouw aan onze plichten van elken dag, ons licham te trouwen, zuiver en vredig van ziel welgevormd in karakter (beschaafd), opdat we allen gelukkig leven hiermaals.*²⁵⁹
4. *Marsh v/d Poerbajan school. Hup hip hoera zijnen allen leerlingen van de Poerbajan school Soerakarta. Leven onze school, de plaats van ons leeren en trouwen, waar we leezan wat heilig en rein is, voor ons einland, ons volk, onze geboortegrond. Wij berbakti en menjanji altijd met blijdschap in 't hart. Vergeet niet: studieren met volharding. Dan is ons ideaal niet moeilijk te bereiken wij als dappere jongens, met het hart van skatrijas: niet lui, niet trotsch, niet vervelend, niet leugenachtig, noosit hoopeloos.*²⁶⁰
5. *Missie - leerlingen. We zijn leerlingen van de missie, spannen onze gezamenlijke krachten in voor 't belang van ons land en ons volk. Wij zijn jongens van de missie, een van hart en een van zien in 't streven naar 't ware, in dienst van hart bellig is in 't belang van ons geboorte-land. Missie school is ons de bron van onze kennis. Missie school is de plaats van onze opvating. leve de missie school, dat ze groeie en bloeie, dat le gaat uw goede an ervan bekend staan moogt heben, uw verdinieten zoei, en dient dan met vreugde en vrijheid*

*uw vaderland.*²⁶¹ Soré pahargjan ana ing pendapa. K.G.P.H. Koesoemojoeda, Poetra Pakoe Boewana X perhatiane goemoenake. Para Menteri Kasima, *Résidènt en Burgermeester en hun respectievelij heer dames*²⁶², R.K. ± 1500 tamoe lenggah sarta djoememeng. Programé: Indonesia Raja, *Welkomst lied, korte geschiedenis van de Broeder school. Vleigerdans, toespraak van de Burgermeester, v.e. van de ouders. Moderne bantjak-dojok dans, Muziek, en woordji v. Mgr. Levende en sprekenen film.*²⁶³ Sedaja toemindak maremaké.

4-4-48. Ngahad.

Djam 7,45 R.K. ngoendjoekaké *plechtige Hoogmis*²⁶⁴ kanggé para tilas moerid Broederan. Bakda Mis djagongan ing plat(aran) Broederan. *Gezellig, toespraak, muziek, zang.*²⁶⁵ R.K. medar sabda: *ook in deze ellendige leversvormonissstandigheden moeten we ons voeden met het ware.*²⁶⁶

5-4-48. Senèn.

Djam 5,15 Mis mawa sinewakan ana ing Soesteran Poerbajan. Djam 7,30 mangkat menjang Klaten didèrèkaké mobil Menteri Kasima lan Djoepri. Djam 8,45 rawoeh ing Klaten. Soréné djam 8 toewi Soesteran Pandan redjo Klaten.

6-4-48. Selasa.

Djam 6 Mis ing gredja Klaten. Djam 7,15 lenggah ing pendapa, priksa menawa medjané sirna ditjolong maoe bengi. Djam 10 ana lindoe. Djam 230 disowani brajaj Kath. Klaten. Djam 7 tindak fm. Doel.

6-4-48. Rebo.

Djam 6 ngoendjoekaké Mis lan ngidjabake temanten saka Dlanggoe. Kang ndèrèk akèh. Rebo soré tindak menjang Wedi ngangge kréta. Tekan Wedi ditoetoeti rawoehe R.P. Kawi or Carm.²⁶⁷ Soré djagongan karo pemoeda pendèrèk R.P. Kawi.

7-4-48. Kemis.

Djam 6 Mis ing gredja Wedi. Djam 10,20 tindak tindak menjang Borkaki ngagem dokare Wira, koendoeré moebeng metoe Gondang Winangoen. Djam 5-6 disowani para oemat Kath Wedi. R.K. medar sabda.

8-4-48. Djoemoewah.

Djam 6 Mis kaja wingi Ésoeke disowani botjah-botjah. Djam 9,15 tindak menjang lor kidoel Wedi noewèni brajat Soegardi bandjoer koendoer menjang Klaten.

9-4-48. Setoe.

Djam 6 Mis ing Klaten. Djam 8 tindak koendoer menjang Ngajogja ngagem kréta Pastoeran Klaten. Didèrèkaké Br. Tirta, Widja lan Hardja apa manèh Prawira. Soréné R.P. Superior de Quay sowan ngrembag bab owah-owahan.

11-4-48. Ngahad.

R.K. Mis gedé djam 6 ana ing gredja Bintaran, sadoeroengé lan sawise ngebihi. Bakda sarapan nampi tamoe, mengkono oega soré bakda ndèrèk astoeti.

12-4-48. Senèn.

Mis ing gredja Bintaran djam 6,30. Djam 9-12 rembagan karo R.P. de Quay. Soré tampi tamoe.

13-4-48. Selasa.

Mis kaja wingi. Ésoek rembagan karo R.P. de Quay. R.D. Harjadi sowan.

14-4-48. Rebo.

Riaja Pangajoman St. Joseph. Djam 6,10 R.K Mis gedé. Bakda Mis disowani Martana. R.M. Soerjaprawata, R.P. Zoetmulder. Wartawan R.K. Landa lan Darmadi, Soebandi, toer Menteri Kasima kang dititipi kiriman Poedja Djakarta menjang Marta ing Solo.

15-4-48. Kemis.

Mis djam 6 ing gredja Bintaran. Bakda dahar sowan goeroe Goentoer Geni. atmo Nawoe , Si Wakidi, Br. Parta.

16-4-48. Djoemoewah.

Mis kaja wingi ing Gandjoeran. Bakda sarapan sowan R.D. Sandiwan. R.P. de quay. Djam 10 R.K. tindak menjang Panti Rapih. Soréné paring *cursus sociologie*.

17-4-48. Setoe.

Mis nganggo menjanjian. Bakda dahar Ramélan saka Djember lan Rochani sowan, Soegijarti Mdeven, Tjipta Luitenant, Widajaka sagarwa poetrane - marak. Soréné J.B. Soedjana

Commandant divissi, Raymond Herrenan wakil Consul Belgia, njaosake arta saka Mgr. Delefaat Djakarta. Wahjoedi bab izin R.P. Wammes. Menteri I.Kasima sowan ngrembag bab wangsoelane marang Maurik.

18-4-48. Ngahad.

Djam 6 R.K. Mis lan moelang ing gredja Bintaran. Sadjroné Mis djam 8 paring piwoelang. Djam 10 H.v. Maurik, wartawan Belanda sowan dengan Soemitra dari Penerangan. Kelas goeroe S.M.K Solo doea goeroe dari Klaten, Nj. Hadisoerata Gandjoeran sowan. Zoester v. Wonosari sowan. R.P. Zoetmulder njaosake boekoe 2.

19-4-48. Senèn.

R.K. Mis ing gredja, djam 6,30. Bakda sarapan manggihi R.P. Soekarta. Wahjoedi sowan ngrembag bab njoewoen idin leloengan ndjaba R.I. R.K. maringi serat marang kang arep leloengan, kang bandjoer nggawa lajang maoe marang politie Nagara lan Politie Militaire. Jèn wis R.K. njerat marang Secretariaat Negara. Djam 1 photograaf Londo teka motret R.K. lan Rama Reksaatmadja. Rm. Presiden sowan, Pak Kasman sowan ngrembag bab ngidjolake doewit.

20-4-48. Selasa.

Mis kaja wingi. R.P. Djajatmadja, Atmo Nawoe, Pak Kasman, Menteri Kasima, R.P.v. Kalken, Sonto pada sowan. Djam 4 soré tekan djam 10,30 Tentara peladjar dibantoe Politie lan P.T. njerang asrama alri, kang sok njrobot lan ora gelem diloetjoeti.

21-4-48. Rebo.

Mis kaja wingi. R.P. Superior de Quay, Kasima, R.D. Poedjahandaja sowan. R.D. Poedja njaré kene.

22-4-48. Kemis.

Mis kaja wingi. kang sowan Zoester Gandjoeran. R.P. Tarda Ord.Carm. Br. Apostl Leven²⁶⁸ Moentilan, R.D. Hardjawarsita, R.D. Harjadi. Djam 5,15 tindak menjang Sekolah Tiong Hwa Dagen, boekak perajaan Sekolah. Koendoer djam 7,15.

23-4-48. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Kang sowan: Njonjah Tiong Hwa saka Djl.²⁶⁹ Oengaran ngandarake kahanané Koedoes; R.D. Kawi Ord.Carm. Hadisoesanta poeteri; R.M. Moerdaatmadja, Soré: Moeljono Tamsoer. Djam 5-6 paring piwoelang bab ilmoe masjarakat, bandjoer disowani Phien, Bea, Riki.

24-4-48. Setoe.

Mis kaja wingi. Kang sowan Pringgapanata, Goei, Oemarni, Olaf Singgih Jacoba + R. Ng. Prawira sowan.

25-4-48. Ngahad.

Ngarepaké Mis djam 6 ngebihi sadela, moelang ing sadjroné Mis djam 6 lan nampèkaké. Mis djam 6 lan moelang, nampèkaké. Brajat Soejata sowan; Mangoensoebrata, Soeparmi lan pantjangane sowan.

26-4-48. Senèn.

R.K. Mis ing gredja Bintaran djam 6,30. Pemuda Guru Medari, Catharina, wanita², Soeti lan adiné pada marak.

27-4-48. Selasa.

Mis kaja wingi. Riaja Petrus Canisius. Kang marak para wanita ngrembag bab P.K.R.I. wanita lan w.K. Paring dana marang brajat Poerba sabotjah-botjahe, koerban perang, patang atoes.

28-4-48. Rebo.

Mis kaja wingi. R.P. Padmawidjaja rawoeh saka semarang, noeli Mis. Oetoesan saka Klaten lan lijané. R.P. Padma moendoet bantoean kanggo Poerwardja. Menteri I. Kasima sowan.

29-4-48. Kemis.

Mis kaja wingi. R.D. Hardjawarsita President remboegan bab a. berkahan imam ditetepake 8 Sept. b. bab Rama Pradja kang wis makarja, enggone koerang gandeng karo R.K. moendoet priksa apa tegesé sagoeh marang Biskope: *reverentiam et obedientiam*²⁷⁰. R.P.v. Kalken moendoet boekoe sawatara.

30-4-48. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Bakda sarapan Wahjoedi sowan ngrembag bab tindaké R.D. Poedjahandaja. R.P. de Quay, R.P. Djajasepoetra, R.D. Poerwadihardja, R.D. Poespahandaja sowan lan rembagan. Djaja ripin. Djam 5 R.K. maringi piwoelang.

1-5-48. Setoe.

Mis kaja wingi. Bakda Mis oetoesan saka Moentilan sowan. Menteri Kasima, Djoeroe rawat, Moeder Ivonne lan Ursula, Keksi, Peodjahandaja.

2-5-48. Ngahad.

R.K. Mis gedé djam 6 mawa sinewakan, ngebihi sadoeroengé lan sawise. R.P. Djajaatmadja rawoeh saka Moentilan.

3-5-48. Senèn.

R.K. Mis djam 5,45 ing gredja Bintaran. Bakda sarapan ana oetoesan saka Moentilan. Soré djam 4,50 tindak menjang Kidoel Lodji, sesorah bab perlune ngetokake harian Kath. Badan penerbit lan pengurus terus ditemtokake. Djam 10 koendoer.

4-5-48. Selasa.

Mis djam 6,30 ing gredja Bintaran, Bakda sarapan nampi Moeder Ignace lan Md. Clarissa + penggedé Umum Zr. Franciscanessen. Djam 9,35 tekan djam 11,30 ana ing Soesteran. Soréné disowani poetra-poetrine dokter Trenggana. Awané Rama Poerwadi ndèrèk dahar awan lan njoewoen palilah ngedékake kalawarti tjara Pantamar.

5-5-48. Rebo.

Mis kaja wingi. Pisowanan saka Gandjoeran, sadoeloer loemrah, Goei, fm. Vrsegop.

6-5-48. Kemis.

Djam 6 R.K. ngoendjoekaké Mis gedé ana ing gredja Bintaran, bandjur paring woelangan, ngebihi sadoeroengé lan sawise. Djam 10 tindak pahargjan 25 taoen College ana ing Broederan Kidoel Lodji. Kang rawoeh Menteri Kasima, wakil Menteri Pengadjaran dan Agama. R.K. paring pangandikan tjara melaju lan tjara Djawa. Soréné R.K. menjang Kota baru ngoendjoekaké *lofi*ing kana, lan dahar pesta ana ing kana.

Djoemoewah.7-5-48.

Djam 10,30 tekan Salam sadulur wus pada ngloempoe ing omahé Pak Djaja Ripin karo Rama Dwidjasoesanta sakan Moentilan. Djam 11,30 R.K. djèngkar nitih dokar karo R.D. Dwidja, didèrèkaké pemuda Mnt.²⁷¹ nganggo sepeda. R.P. Martawerdaja lan R.M. Bardja kondur ngagem motor menjang Ngajogja. R.K. tekan Moentilan Djam 12,30 dibagèkaké panitija. Soré djam 5 R.K. ngundjukake astuti. Bakda astuti disowani sadulur Muntilan ana ing plataran Pasturan.
8-5-48. Setu.

R.K. Mis djam 6 ana ing gredja College. Bakda dahar nampi pisowanana. Soré djam 6,30 rapat karo P.K.R.I.ana ing *convict*²⁷² No. 5.

9-5-48. Ngahad.

Djam 6 R.K. ngundjukake Mis nganggo diladosi R.P. Schoonhoff. Paring piwoelang ing sadjroné Mis djam 6 lan djam 8. Bakda sarapan nampi pisowanané sadulur saka ndjaban

Moentilan: Mungkit, Sawangan, Dukun, Ngawen, Borobudur.
Bakda astuti djam 6 rapat karo Amkri ana ing *convict* No. 5.

10-5-48.

R.K. Mis djam 6 ing Bale Mandala, bakda sarapan nampi Pak Pantjawidagdo sekalijan. Mireng kabar telpon saka Magelang menawa Soester kena nganggeni wiharane. Soréné Djagalan kabèh lan S.T.D.²⁷³ pada sowan.

11-5-48. Selasa.

R.K. Mis djam 6 ing Bale Mandala; Bakda sarapan nampi tamu saka Koplak lor lan kidul. Soréné botjah-botjah lanang wadon tjaos boeket rohani. Djam 6 tekan djam 7,45 lenggah ing seminari. Djam 8 disowani sadulur Wedi.

12-5-48. Rebo.

Mis kaja wingi. Ésoek soré pisowanan. Djam 6 tekan djam 7,30 pisowanan P.K.R.I. putri.

13-5-48. Kemis.

Mis kaja wingi. Ésoek pisowanan saka Putjang redja. Djam 10 - djam 2 ana ing Bruderaan. Djam 4 - djam 8 pisowanan.

14-5-48. Djoemoewah.

Mis kaja wingi. Bakda dahar pisowanané kang pada ngoentabake. Djam 11 djèngkar menjang Magelang, dipetoek mobiel Rama Sandjaja lan Soenarta. Ana ing Magelang dibagèkaké botjah-botjah lan sadulur sawatara.

15-5-48. Setu.

Djam 6,15 Mis ing gredja Magelang, diladosi R.D. Sandjaja.

16-5-48. Ngahad.

Pentekostah. R.K. Mis djam 615 semua, paring piwulang, oega paring piwoelang ing sadjroné Mis djam 8. Djam 6-7 pisowanan para poeta R.K. Magelang. sami mangajubagja.

17-5-48. Senèn.

Mis djam 6,15 ing gredja magelang. akèh kang ndèrèk. Djam 9-10,30 pisowanan para wanita Katholik. Seken djam 12. Djam 1 tindak menjang fm. Soetijasa nitih dokar. Djam 3,45 koendoer ing pasturan. Djam 4,30 rembagan karo pengurus lingkungan. Djam 5 astuti. Djam 5,30 ngladjèngake rembagan nganti djam 6,30. Djam 7 tindak mertamu ing dalemé Dr. Tjakra. Djam 8 kundur.

18-5-48. Selasa.

Mis ing gredja djam 6,15. Djam 10-12 pisowanan saudara Tiong Hwa. Djam 4,30-6,30 pisowanan P.K.R.I. kakung.

19-5-48. Rebo.

Mis kaja wingi. Djam 10 pisowanan partikelir nganti djam 12,15. Djam 4,30-7,30 pisowanan pemuda dan pemudi.

20-5-48. Kemis.

Mis kaja wingi. Djam 10,30-12 pisowanan warga Cong. D.M.²⁷⁴ sawatara.

21-5-48. Djoemoewah.

Mis kaja wingi djam 6,15 ana ing gredja Magelang. Bakda Mis akèh sadulur kang pada sowan, kabèh murid-murid R.K. uga sowan tjaos sugeng tindak. Prakara kendaraan rewel. Saguhe saantarané djam 10-11 arep dipetuk. Wusana djam 2 awan montor pejok lagi teka. Sarehne wis kebak, Setijasa sing pantjiné wis bisa mangkat disik, saka kumedah-kedahé arep ndèrèkaké, direwangi ngentèni ana ing pasturan, wusana ora bisa ndèrèk. Ana ing dalan konangan jèn tase R.K. ora katut. *Pech*²⁷⁵ ping pindo, djam 5 tekan ing Bintaran, terus rembagan karo R.P. Superior de Quay.

22-5-48. setu.

Mis djam 6,30 ana ing gredja Bintaran. Bakda sarapan rembagan karo R.P. Sup de Quay kang dina iki uga arep nunut Pak Kasima tindak menjang Solo, kondure Senèn. Soréné disowani dokter Sudjita putri lan Haksa. Nuli disowani Djupri + Suprija bab harian Kath.

23-5-48. Ngahad.

R.K. Mis djam 6 lan paring piwulang bab timbalan, *Dies Vocationis*²⁷⁶, sadjroné Mis djam 8 paring piwulang uga. Apa manèh awané ngundjukake astuti lan paring piwulang. Ana kang sowan sawatara. Sangarepé lan bakda Mis gebihi.

24-5-48. Senèn.

R.K. Mis djam 6,30 ing gredja Bintaran. R.D. Padmaseputra dina setu 22-5-48 njaosi tilgram déné iki ana *verslag* saka Sumadi

Metro bukittinggi menawa R.D. Padma kerdja gijat. Soré R.D. Hardjawasita sowan. Djam lima sawatara kang marak.

25-5-48. Selasa.

Mis kaja wingi. Esuk kang sowan wanita 3 saka baoesasran. Soréné R.K. tindak menjang Kidul Lodji, perlu paring sesuluh marang pangrèh W.K.

26-5-48. Rebo.

Mis kaja wingi. Wolf Tjakra sowan. Djam 5 Tw. Hovies F. *Clayr Bonicaert Secretaire de l'Ambasade di Belgique*²⁷⁷ sowan, njaosake serat saka Mgr. Delefaat, lan Mgr. Vissen, Mgr. Deloq bab kabar saka Europa menawa Amkri gandeng karo *Federation Mondiale de Jonge*²⁷⁸. Bal mesraké perajaan Vikariat Poerwokerta ing daerah Republik. Tw. Soegiri sowan.

27-5-48. Kemis,

riaja Sakr. Maha sutji. R.K. Mis gedé djam 6 ana ing gredja Bintaran. Mangunsubrata, Pambug sowan. R.D. Hardjawasita nékenaké *circulaire*²⁷⁹.

28-5-48. Djoemoewah.

Mis djam 6,30 mawa sinewakan. Serate Mgr. Vissen masrahake peprintahan missi ing kabupaten Wonosobo Poer wardja lan Keboemen marang R.K. Déné iki R.K. dawoeh ngirimake tilgram menjang Lampoeng lan Wonosobo. Kang sowan Sumaatmadja, Joni, Parja, Goei, R.P. Superior de Quay Br. Wirja njaosake *recie*²⁸⁰ telegram, Soemadi.

29-54-8. setu.

Mis djam 6,30 mawa sinewakan. Djam 2,30 padwidjaja rawoeh, rembagan karo R.K bab R.P. ing Poerwardja. Wartawan New york sowan R.K. R.P. de Quay sowan.

30-5-48. Ngahad.

R.P. Reksa gerah. R.K. Mis gedé djam 6, paring piwulang ping 2. R.P. Padmawidjaja ngoendjoekaké Mis djam 8. Djam 10,30 R.P. Padma ngepit menjang Purwardja. Djam 9,30 R.K. dipetoek montor tindak menjang dokter sentral, saka kana tindak *receptie* Dr. Yap didèrèkaké R.D. Hardjawasita. Djam 12,45 kondur ing Bintaran. Djam 2, dr Sentral noewèni R.P. Reksa. Soréné Aloysia sowan, R.K. ngoendjoekaké astuti.

31-5-48. Senèn.

Mis mawa sinewakan djam 6,30. Ka Reksa tampi koemini, kang ngladosi R.P Busch.

1-6-48. Selasa.

Mis kaja wingi. Bakda sarapan pak Karsa tilas *casier*²⁸¹ Gandjoeran sowan. Djam 10 R.K. dipetoek kréta, tindak menjang Panti Rapih. Ana ing dalan kepetoek R.D. Purwadihardja kang didawoehi ndisiki manjang Panti Rapih. Ana ing kana dibagèkaké Muder; bandjur rembagan karo R.D. Poerwadihardja, bab semangate Soester Klaten, bab kepandaian Poetri kaja kang dikersakake R.K. Bab sokongan marang goeroe-goeroe S.M.K. Klaten. Noeli disowani v. Gorich, journalist R.K. Londo, Noeli

rembagan karo Muder. Djam 1,30 R.K. rawoeh ing Bintaran nuli dahar. Awan disowani: Rahaju Setiardja, Sumitra, Mangunsubrata lan Rama Soma rawuh saka Purwardja. Poetusan: jèn R.P. Daru mlebu, Rama saka Ngajogja menjang Poerwardja, R.P. Padma tindak Poerwardja, Rama Soma menjang Ngajogja.

2-6-48. Rebo.

Mis kaja wingi. Bakda Mis R. Soma kundur menjang Puewardja. R.M. Judjanal njuwun tapak asta. sri Palupi lan Sukeni marak. Wingi awan marak uga Chr. Jujata ngrembug Wiedajaka, kang lara ana ing Panti Rapih lan bab sesupene R.K. Sirdja njuwun tapak asta. Soréné Kesti marak njaosake priksa *seniel hage*²⁸². Tri Soennarti matur bab serangan agama ana ing pamulangane. R.P.v. Kalken bab Kunkels, kang menawa ora ngowahi sikape, ora bisa diberkahi. Bardi, bab mundur saka Bd. Kongr. R.K. ngintoenake lajang marang Gupernemen Djawa Tengah, Résidèn Kedu, lan Pengurus kantor agama bab nggone kaparintah ngurus Vikariat Purwokerta kang ana ing daerah Rep. Marang Pengurus Pamulangan Polisi Mertojudan, bab Seminari tjilik, marang R.D. Sandjaja lan Dwidja bab statistiek. Kang diutus gawe lajang-lajang mau Marjana, kang ndjudjug Muntilan.

3-6-48. Kemis.

Mis kaja wingi. R.K. nampi R.M. Danawinata lan paring nasehat, menawa Canisius kudu memperhatikan kepentingan buruh. Buruh wenang meruhi lebu wetuning duwit, wadajib melu ngaggo bot repot, enak-kepenake perusahaan. R.D. sandiwan

Brata sowan. Djupri, Goei, Soeprija, Djajasupadma sowan bab harian; kapitaal durung nglumpuk Djuli kudu wis metu. Redactie: Sukadija, subijat, Martaja. Soréné disowani Berta sekaligus lan Sukadija kang ngrembug bab organitatie pakumpulan lan redactie harian, amkri.

4-6-48.

Rijaja Tyas dalem, djam 6 R.K. Mis gedé, diladèni Kunkels lan Windrich. Djam 4,30 R.K. paring recollectie, Bakda recollectie nemoni Thien, Bea, Riki.

5-6-48. Setu.

Mis djam 6,30 nganggo menjanjian. Bakda dahar disowani Soekati lan Soeti. J Soedardja sowan. R.P. de Quay, Presiden Sontobudaja sowan. Djam 11 R.K. tindak Panti Rapih dipetoeke Tama nganggo montor. Ana ing Panti Rapih, R.K. manggihi Widajaka. Saka Panti Rapih ngampiri fm. Kasman nuli kundur manggi(hi) R.P. Ruding karo R.D. Harjadi. Soré disowani Siswaja saka Pana Raga, kang keplaju saka Purwokerta, diparingi dana R.K.

6-6-48. Ngahad.

R.K. paring piwulang sadjroné Mis djam 6, ngebihi, nampèkaké Kumini. Mis djam 8 lan uga paring piwulang. Djam 11,30 tindak menjang Pugeran, nitih krétane samsuel didèrèkaké R.P. Reksa, Sumarah lan Marjana, kang njekeli rantang. R.D. Harjadi wis nusul ngepit saka Kidul Lodji. Djam 1145 tekan

Pugeran ramé. Disowani R.A. Sulastri, Pak lan Bu Leo. Djam 2 kundur. Djam 5,30 ndèrèk astuti. Djam 6,30 disowani Bu Sumrah, kang mènter seragam. Djam 8,30-10 dja(gon)gan karo pak Leo, kang mentas metek R.P. Reksa.

7-6-48. Senèn.

R.K. Mis djam 6,30 ing gredja bintaran. Bakda Mis lan sarapan: disowani Soewondo, Madiun, Djombang Tamsir dan anak-anaknja + Soen, narti, anaké Blom, Sendok.

8-6-48. Selasa.

misa kaja wingi. Djam 9,30 tindak menjang Panti Rapih, awit Muder armada saka Koeta Radja sowan, perlu ngandarake karibedane. R.K. maringi limang ewu rupijah lan paring iguh. R.K. ngrawuhi R.D. Danu, widajaka, Sutjipta. Soréné disowani Aloysia.

9-6-48. Rebo.

Mis kaja wingi. Sapardja bantoel, Djilah sowan. awan Menteri Kasima sowan, njuwun keterangan bab kabar saka maarbode, kang nggandeng keterangan Mgr. Delefaat prakara Comm. mangka De Delefaat mung ulasan statistiek. Tilgram saka Lampoeng njuwun gandum hosti + Rama. Nampa 250 G²⁸³ + 100 Mis Requiem²⁸⁴.

10-6-48. Kemis.

mis kaja wingi. Bakda dahar kang marak Nj. Sardjan bakjoené Marjati Klaten, R.D. Sandiwan bab parochi. Soréné. Sumitra.

11-6-48. Djoemoewah:

Mis kaja wingi. Florentine Surjatiningsih sowan. Cypriana tjaos dahar. Wahjudi tjaos tilgram saka Surja tjondro nglantarkake Rama Daumen: wose Romme kepengin ketemu Pak Kasima. R.K. mangsuli: ora kagungan wewenang ngutus Menteri Kasima. Menteri Kasima wis tupa *afsdrijf*²⁸⁵ telgram lan arep rembugan disik karo Wakil Presiden: Hatta, Rahaju Setijardji marak. Botjah saka elizabeth ziekhuis Semarang sowan, buku sembahjangan. Sawabi sowan ngaturi R.K. rawuh ing processie Kalasan. Pantjèn Parochi Kalasan kang nragadi, pada istijar nganakake modal sepuluh ewu, wis ana sadulur kang njilahi rong puluh ewu, supaya dilakokake lan anaké dienggo gawe modal. R.K njaosi kagem R.P. Muller. R.K. maringi cursus. Ong lan Suprija sowan. R.K. ngintunake grindan hosti marang Mr. Pringgadigda Commissaris dalam Negeri sumatra kanggo Rama Padmaseputra ing Lampung lantaran Menteri Kasima nganggo pesawat Rep. menjang Bukittinggi.

12-6-48. Setu.

R.K. Mis gedé Requiem kanggo fm. sumaatmadja Gondomanan. Florentine marak. R.P. Superior sowan rembagan. Brata kementerian Agama sowan njaosake telgram saka Balige bab panjuwunan Rama. Kementerian mangsuli menawa wis ditindakake. R.P. Purba saka Djawatan agama sowan njuwun iguh lan njaosi kabar sawatara. Sumarma sekalian sowan. Singgih lan Soes sowan diutus Rama Sandjaja. Ninik marak uga.

13-6-48. Ngahad.

R.K. Mis gedé djam 6 lan paring piwulang. sadjroné Mis djam 8 uga mulang lan ngebihi sadurung lan sawise Mis. Djam 10 R.K. tindak menjang Kota baru paring wedjangan marang sadulur R.K. Kota baru, dipetuk didèrèkaké R. Djajaatmadja kang ngrembag bab Kunkels. R.D. Hardja tjaos verslag bab processie ing Kalasan jèn tumindak kanti slamet, kang ndèrèk ± 1000. Bakda *lof* disowani fm. C. Soegija sekalian lan Pak Leo.

14-6-48. Senèn.

R.K. Mis ing gredja Bintaran djam 6,30. Kang sowan R.D. Sandiwan, ngrembag bab processie, R.P. de Quay ngrembag bab Congr. *Medische Zusters*²⁸⁶; Pangeran Purbanegara karo putrane, bab sinaune ana ing Amerika, Br. Paschalis saka Purwardja bab retraite para lan Zr. Br. Pasch. njaré ing Bintaran. Djam 5 R.K. dipetuk pak Kasman tindak menjang Kidul Lodji, rapat karo sad. ± 65 ngrembug Badan Penerbit lan Harian Kath. kang metu tg. 1 Juli. R.K. sagah ngedjogi satus ewu. Djènenge penerbit Unitas, djènenge harian dipasrahake R.K. Djam 11,30 R.K. kundur didèrèkaké Menteri Kasima. R.K. manggih djènenge jaiku Bakti (*diend*). Buah Aksi Kath Tionghwa Indonesia.

15-6-48. Selasa.

Mis kaja wingi. Bakda dahar Br. Paschalis rembagan lan njuwun pamit. R.P. Djana sowan, Br. Tjipta Moentilan kang uga ndèrèk dahar, R.P. Poespasuparta. Soréné Menteri Kasima sowan lan dipendeti tulung njangking wangsulan kagem Rama Koersen,

djer esuke pandjènengane arep mabur menjang Djakarta bareng Wakil Pres. Hatta.

16-6-48. Rebo.

Mis kaja wingi. Sowan Nj. Mangunsubrata, Mardijata, Panitija Badan Penerbit. Awan: 3 guru v. Panti Rapih.

17-6-48. Kemis.

Mis kaja wingi. Bakda dahar: Utusan saka Klaten sowan; Tn saka Palembang lan kantjane saka Bangka sowan. R.D. Sandiwan Brata sowan. Oetusan saka Solo. Soebadijah karo kantjane loro sowan, njuwun wedjangan. Bana lan Guru ing Gandjuran sowan, wadul bab Prawira diwetokake saka paguron.

18-6-48. Djumuwah.

Mis kaja wingi. Bakda sarapan Moeder Coleta bara sowan. R.P. A. Djajaseputra sowan bab Daruwedan chalwat ing Purwardja lan Kutaardja. Pengurus Penerbit sowan. Carolia Klaten karo patjangane sowan. R.K. paring cursus. Setiana mahasiswa sowan. R.K. ameng-ameng toewi fm. Budiono, didèrèkaké Soemarjana. Kondure didèrèkaké Budiono, Soemitra, Kajat, Sumarjana.

19-6-48. setu.

Djam 6,30 Mis mawa menjanjian. R.P. Holhouzen *over* K²⁸⁷. Menteri Kasima ngampil lajang-lajang lan dana saka Djakarta. Rembagan karo Kersten, Romme, Sasra. Velleneiuwe. Soetardjo, Soegiri, Tutiek, Trinil Soegiri.

20-6-48. Ngahad.

R.K. ngebihi sadurunge Mis, nampèkaké lan mulang sadjroné Mis djam 6, ngundjukake Mis djam 8 lan paring piwulang. Gandasumardja sowan. Soré djam 6 R.K. dipetuk Soelistija lan Sutrina tindak fm. Gondosumardja, kundure djam 8,10 didèrèkaké Gondo, Soelist lan Sutrina.

21-6-48. Senèn.

R.K. Mis djam 6,30 nganggo menjanjian. Bakda Mis disowani Aloysia. Rosmin karo patjangane, diombjongi putrane Pak Atmataruna Magelang kang barep lan bodjone. Mireng kabar menawa R.D. Pudjahandaja wis rawuh ing Bukit Tinggi nganggo K.L.M.²⁸⁸ ngliwati Padang. Disowani: Sutjiati, Surti, Karti, Santini, Bu Marjaan + putra matur dibaptis. R.P. Djajaseputra sowan. To pamit menjang Bangka.

22 Juni 1948. Selasa.

Mis lumrah djam 6,30. Bakda dahar Tn pamit, mulih menjang Palembang kepengin dadi Karthu(i)zer²⁸⁹. R.P. de Quay sowan, rembagan prakara warna-warna. Awan: kang sowan: Br. Pawira, R.D. Hardjasuwita, R.D. Dwidjasoesastra Kediri. Mahasiswa Munadjad, Dani Darmadi, Setiasa, Sukir barepe Adiesejana.

23 Juni 1948. Rebo.

Mis kaja wingi. Mardinah sowan. Djam 10 tindak Panti Rapih dipetoek kréta perlu maringi para suster kang arep prasetja lan tanpa boesana. R.D. Dwidjasoesastra dahar ing Bintaran.

Djam 12,45 R.K. kundur saka Panti Rapih. Tarni sowan. R.P. Djajaseputra sowan.

24 Juni 1948. Kemis.

Mis kaja wingi. Mevr. Trabels njuwun pamit.

25 Juni 1948. Djumuwah.

Djam 9 Bernardin Hardja kusuma marak, matur menawa idjabe wus absah. R.M. Sadiwinata bab Persero. Tw. soegiri bab Amkri. R.D. Danuwidjaja pamit kundur. Riki marak. sumitra njaosake kopi. Djam 5-5,45 R.K. maringi kursus.

26 Juni 1948. setu.

Mis djam 6,30 mawa menjanjian. Djam 4 tindak solo nunut Menteri Kasima. Tekan Solo djam 5,45. Djam 6,30 tindak mriksani repetitie S.M.K. lan paring pangandikan. Djam 10 kundur ing pasturan Purbajan. Pangeran Purbanegara manggihi R.K. sakedap. Kandjèng Surja Sulardja ngintuni ses K.K.

27 Juni 1948. Ngahad.

R.K. Mis lumrah djam 6 ing gredja Purbajan lan paring piwulang. Uga paring piwulang sadjroné Mis djam 8 nuli nampèkaké Kumini Sutji. Bakda sarapan na(m)pi Elias sekaligus, nuli nampi Madija Adi susanta Rahaju. R.P. Djana lan Br. Tanotho sowan. R.K. ngoreksi *Tantum*²⁹⁰ lan malere sumebare artikel bab Idjab, djer kurang tjeta. Soré Ibu Vero sowan.

28 Djuni 1948. Senèn.

Mis djam 6 ing gredja Purbajan, Suksatja sowan. P.K.R.I putri sowan. Djam 5,30 Zusteran. Pradja suto. Soré djam 7,30 kundur.

29 Djuni 1948. selasa.

Djam 6 Mis mawa sinewakan lan menjanjian. Aloysia Sutidjah Baturetna marak. Soréné ngandong karo R.P. Puspa menjang pasturan Purwasari perlu tjaos kasugengan. Djam 7,30 soré kundur Purbajan.

30 Djuni 1948. Rebo.

Djam 6,30 Mis kanggo botjah-botjah, mawa menjanjian. Djam 9 djènengi pahargjan tjlimèn karo murid-murid Sempurna Susteran. Djam 5 tindak menjang Purwasari dipetuk andong R.P. Djana + Pawira. Ana ing Purwasari dibagèkaké sadulur sawatara nuli lenggahan.

1 Djuli. Kemis.

Djam 6 Mis ing gredja Purwasari. esuk djam 8 tindak menjang Purbajan manggihi R.P. Daruwenda, kang soréné teka. Djam 9,30 tindak ndjènengi keraméjan ing S.K.P. R.K. paring pangandikan. Soréné djam 6,15 saka Purbajan tindak menjang harmonie diderekake RM Surjamursadi ndjenengi keramejané SKK kang tumindak betjik. R.K. paring pangandikan. Saka harmonie diderekake R.M. Surjamursadi kundur menjang Purwasari.

2 Djuli. Djumuwah 48.

Djam 6 Mis mawa sinewakan. Djam 5 astuti. Djam 6,30 tindak S.M.A. lan paring sesorah bab panguwasan marang murid lan guru.

3 Djuli 1948. Setu.

Djam 6 Mis. Esuke opjak menawa kamar dahar keleton maling ngangkat taplak medja, serbet, bantal. Djam 10,30 disowani murid-murid kl. 3 S.M.K.

4 Djuli 1948. Ngahad.

Djam 6 Mis gedé. Bakda Mis kang kapindo djam 9,30-12,45 maringi recollectie. Djam 5 ndèrèk astuti, nuli disowani para sadulur, djam 6,30 kundur menjang Purwasari nitih kréta didèrèkaké Rama Djana lan Br. Timotheus. Ana ing kana disowani: Marta, soegiri, Rubia, Pak Tri, Kadjad, Tjipta.

5 Djuli 1948. Senèn.

Djam 5,30 Mis ing Susteran Kusumajudan. Djam 7,30 tindak menjang Ngajogja nunut montor Menteri Kasima. Tekan Ngajogja djam 9,30 nampi rong ewu saka Wanasaba minangka tuku *sero*²⁹¹, terus diparingaké Suprija. Soréné R.P. Superior de Quay lan Ong sowan. Tanpa lajang saka R.D. Pudja ing Bukit Tinggi.

6 Djuli 1948. Selasa.

Djam 6,30 Mis ing gredja Bintaran. Sowan Wahjudi, R.P.

sukarta, R.D. Hardjawasita. Djam 4,30 maringi wulangan marang para ibu.

7 Djuli 1948. Rebo.

Mis kaja wingi. Sowan: Kait, R.P. de Quay, Sugiri, R.P. Kuit, Warsita asmara. Maringi kasantosan marang Ruminingsih. Soré: Munadjad, Sutijasa, Darmadi, Sumitra, de Gastro.

8 Djuli 1948. Kemis.

Mis mawa menjanjian. Bakda dahar ndjènengi dolanane botjah-botjah sekolah ra'jat Bruderan. Disowani para guru ra'jat susteran. Suti lan Karti marak.

9 Djuli 1948. Djumuwah.

Mis kaja wingi tanpa menjanjian. Bakda sarapan Sujana saka Malang sowan. Soré Thien, Bea, Riki marak. Nuli R.P. v.d. Putten; R.P. Djajaseputra; Setijasa, Suradji, Djupri, anaké Sena.

10 Djuli 1948. Setu.

Djam 6,30 Mis lumrah. Botjah kl. 6 ra'jat pada sowan 44 kang klebu S.M.K. 4. Soréné djam 5,15 astuti lan paring piwulang bab wewenange Pasamuwan Sutji ngupakara, minangka miwiti Congres P.K.R.I. lan A.M.K.R.I. Djam 7,30 rapat semua ing Pasturan Bintaran, boekakan Congres. Bangsal kebak, regeng. Bakda Menteri Kasima, R.K. medar sabda bab wewenang brajat lan Pradja mungguhing panggula wentah.

11 Djuli 1948. Ngahad.

R.K ngundjukake Mis djam 6 ana ing gredja; paring piwulang bab kuwadjibane umat Kath. ngupakara awake déwé ing urip pendak dinane landasan *Eschatologie*²⁹² lan *ascetis*²⁹³. Djam 10 Maria Soelarsih marak lan matur, kanti nangis enggone mentas disawijah tjaraning kewan ana ing kamare N.N.²⁹⁴ R.K. ngladjèngake prekarane marang kang winadajib. R.K. tjoba ngurus Mardjah lan Dari. Senèn isih terus pada rapat. Dari sowan ésoeké.

12 Djuli 1948. Senèn.

Mis djam 6,30 Ésuké disowani botjah Gandjuran sawatara, uga Dari. Djam 1,30 tindak menjang Klaten dipetoek Rama Pur ngagem krétané Wira. Djam 4,30 rawuh ing Klaten. Djam 5,30 disowani Siti. Djam 7 wiwit maringi chalwat marang para Bapa kèhé 52.

13 Djuli 1948. Selasa.

Mis ing gredja djam 6. Maringi chalwat dina kang kapisan. Tanpa telgram saka Rama Geise, bab missi bepaling menawa kang kena makarja mung Suster Djawa. Telgram diladjèngake marang Menteri Kasima.

14 Djuli 1948. Rebo.

Dina chalwat kang kapindo.

15 Djuli 1948. Kemis.

„ „ kang katelu. Djam 4,50 rampung, R.K tindak paring

marang kang ndèrèk chalwat, nuli manggihi Marjati sekalijan lan Darsa.

16 Djuli 1948. Djumuwah.

Tindak menjang Gedjajan tjedak Srowot, dipetuk dokar tjilik djarane tjilik tur nakal. Tekan kretek ngarep pasturan Klaten, bareng munggah, dokar ndjumplang memburi, djarané gemandul, amba pedot djaran utjul, R.K. lan Rama Pur slamet. akèh kang pada nulungi. Nuli terus ngendring, bakda stadion, merga wedi bedilan nggiwar mengiwa tekan ratan gedé. Tekan pertelon menjang Wedi rèwèl manèh. R.K. terus dawuh mundut kréta pasturan. Ngentosi ana ing omahé Sahid, ditemoni Jasadarsana. satekané titihan pasturan terus bablas menjang Gadjajan omahé Narta, kang djembar tjukup dienggo chalwat. Bakda dahar kundur menjang Wedi lan njaré kana.

17 Djuli 1948. setu.

Djam 6 Mis ing wedi. Benginé R.K. bentèr, soréné rada senggang, nanging isih setengah gerah. Djam 9 tindak menjang Klaten nitih kréta pasturan. Tekan Klaten, tata-tata nuli sarehan. Bakda dahar djam setengah papat diampiri Menteri Kasima tindak menjang solo nitih montor. Djam 7 mbikak chalwat kanggo para bapa, kèhé 47.

18 Djuli 1948. Ngahad.

R.K. Mis ing S.K.P.S. lan maringi chalwat, dina kapisan.

19 Djuli 1948. Senèn.

Dina chalwat kang kapindo. Kang ngebihi awané Rama Daruwendo lan Rama Puspasuparta.

20 Djuli 1948. Selasa.

Dinten chalwat ingkang kaping kalih. Sonten lof. Bakda lof R.K. lenggah ndjènengi anggoné pada wedangan ngiras nampi atur panuwun. Subadi lan Pudjiati saka semarang sowan. Suti Suratmi marak.

21 Djuli 1948. Rebo.

Djam 6 R.K Mis ing gredja Purbajan. Soré djam 7 mbukak retreat Ibu lan pemudi sawatara, gunggung kumpul 72.

22 Djuli 1948. Kemis.

Chalwat kang kapisan Kabar bab Mevr. Soenthiko.

23 Djuli 1948. Djumuwah,

dina retreat kang kapindo. Rama lijané Djana, Puspa, Daru ngebihi wiwit djam 4-6,30. J. Siswasubrata sowan bab nampi Pangeran Mr.Ir. K. Natakusuma.

24 Djuli 1948. Setu.

Dina chalwat kang pungkasan. esuk Mis mawa sinewakan lan wulangan. Bakda lof semua R.K. manggihi kang mentas pada chalwat. Djam 6,30 Pangeran Ir.Mr. Natakusuma sowan, didèrèkaké Jan. Siswasubrata. R.P. Puspa uga manggihi.

25 Djuli Ngahad 48.

R.K. ngundjukake Mis djam 6 ana ing gredja lan mulang X2 bab timbalan. Soréné bikak retreat ing Susteran.

26 Djuli 48 Senèn.

Dina chalwat kang sapisan kagem para Suster ing Solo. R.K. Mis ing Susteran djam 5,30 nuli nuntun chalwat.

27 Djuli 48 Selasa.

Dina chalwat kang kapindo kagem para suster ing Solo. R.K. Mis ing Susteran lan nuntun chalwat sadina muput.

28 Djuli 1948 Rebo.

Dina chalwa kang katelu kagem para suster. Mis kaja wingi. Suparja Atmasentana sowan, bab Patriot, njaosage telgram saka Sibolga, umat Kath, saka Balige, bab rawuhe Rama Pudjahandaja ing kuta-kuta kasebut. Lajang sawatara saka Magelang lan Semarang.

29 Djuli 1948. Kemis.

Dina chalwat kang kapat. R.K. Mis ing Susteran kaja wingi. Agnes Suprapti sowan saka semarang lan gawa lajang saka Panti Rapih.

30 Djuli 48. Djumuwah.

Dina chalwat kang kalima. Kang marak Mukinah Pohan sadulur saka Malang, Dwidja Karang widara semarang. R.K.

njuwunake *passage*²⁹⁵ menjang Semarang kanggo Zr. Marcella lan Laurentia.

31 Djuli 48. Setu.

Riaja St. Ignatius. R.K. Mis gedé mawa sinewakan ana ing Susteran. Mulang bab Com. sutji ngarepaké Mis. Bakda sarapan nampi Ibu Menteri Kasima lan para guru sawatara. Tanpa pisungsung saka Susteran. Awan tindak menjang Purwasari.

1 Aug. 48. Ngahad.

R.K. ngundjukake Mis gedé ana ing Purwasari djam 6. kang menjanji murid seminari sawatara. Sadulur sawatara pada sowan. Soréné djam 5 ndèrèk astuti.

2 Aug. 48. Senèn

djam 8 diampiri Menteri Kasima ngagem montor, djam 9 rawuh ing Klaten. Djam 7 soré miwiti chalwat Pemuda 51.

3 Aug. 48. Selasa.

Chalwat Pemuda dina kang kapisan. R.K Mis djam 6 ing gredja Klaten.

4 Aug. Rebo 48.

Rebo dina kang kapindo. Djam 4 ngebihi karo R.D. Purwadi lan R.D. Tjakra. Mis djam 6 nganggo menjanjian.

5 Aug. Kemis 48.

Dina kang katelu. Djam 6 Mis nganggo wulangan. Bakda Mis siniwakan, nganjarkake pradjandjian Baptis *Tantum ergo*.

esuku wulangan X2. Djam 3 wulangan kang pungkasan. 3,50 astuti gedé, pasrah djiwa raga Te Deum, Tantum ergo, berkah dalem Kandjèng paus; Gusti Pangraning buwana. Djam 4 nemoni Pemuda, Djam 7 miwiti chalwat Pemuda.

6 Aug. Djumuwah 48.

Djam 6 Mis nganggo menjanjian. Bakda Mis siniwakan lan pasrah djiwa raga, sebab Djumuwah kang kapisan. Dina chlawat Pemuda kang kapisan. Tjatjahe 108 saka Solo, Klaten, Wedi, Jogja.

7 Aug. Setu 48.

Dina chalwat kang kapindo. Soréné ngebihi karo R.D. Tjakra lan Purwadihardja.

8 Aug. Ngahad.

Dina chalwat kang katelu. R.K. Mis gedé djam 8. Bakda Mis siniwakan lan nganjarake pradjandjian baptis. Djam 3 wulangan kang pungkasan. bandjur *lof* semua. Bakda *lof* nemoni botjah-botjah. Djam 4,45 tindak Ngajogja dipetuk montor Tama. Tekan Panti Rapih (di)sowani Muder lan djam 6,30 bikak retraite kagem para Suster Djawi.

9 Aug. Senèn 48.

Chalwat kagem para Suster ing Panti Rapih. Mis djam 5,30 ing kapel, bakda Mis nampèkaké Kumini marang wong loro. Djam 10 R.p.v.Kalken sowan, nuli Mudjilan. Soréné Ju Tien lan

Dikin sowan apa manèh tjalon Bruder O.O. saka Gandjuran, Dr. Sentral.

10 Aug. Selasa. 48.

Dina chalwat kang kapindo. Mis kaja wingi. Sowan: Mr. Smits, menteri Kasima, njaosi kiriman saka Solo lan matur menawa Presiden bakal maringi Madonna marang Umat Katholik²⁹⁶. (11 Aug. Rebo. 48. *Dina chalwat ping telu*. Kalimat tersebut dicoret.) Gambar Madonna karo lajang saka Presiden Sukarna dipasrahake marang Panti Rapih. R.K. masrahake marang dokter Sentral, kang nggawa menjang Pasturan Bintaran. R.K. mangsuli lan matur nuwun sarana serat.

11 Aug. Rebo. 48.

Dina chalwat kang katelu.

12 Aug. Kemis. 48.

Dina chalwat kang ping pat.

13 Aug. Djumuwah.

Dina chalwat kang pungkasan. R.P.v.Kalken lan Muder Cornelli ngabari manawa ana tilgram bab rawuhe para rama 4 saka Djakarta. Djam 10 R.K. tampi tilpon saka lapangan: Rama 4 rawuh ora kapatjak ing daftar kudu bali. R.K. montoran karo dr Sentral menjang kantor *delegatie*, Pengurus tindakan, menjang luar negeri Mr. Maria Ulpha, kang uga tanpa tilgram. Mr. Ulpha tilpun lan ngendika menawa wis beres. R.K. karo R.P. Djajaseputra kang ngasta tilgram tindak menjang Markas Besar,

R.K. terus menjang Panti Rapih ngladjèngake maringi retret. R.Djaja metuk menjang lapangan, kalangan, dalan sepur ditutup, kasep, Rama 4 dibalekake menjang Batavia. Koran-koran ramé.

14 Aug. setu.

R.K. nutup chalwat, bakda Mis rembagan karo Mr. Smits.

15 Aug. Ngahad.

R.K. Mis ing kapel djam 7 lan nindakake upatjara maringi busana marang tjalon magang 4, prasetya langgeng 3, prasetya ora langgeng 1, diladosi R.p. Busch, rampunge djam 9,30. Djam 10 tindak Susteran bandjur manggihi keluargane para suster. Djam 11 tindak dokter Sentral, djam 12 tindak St. Ignat.²⁹⁷ College, dahar lan ndjènengi riajan Br. Parta lan Radis, kang pada prasetya langgeng. Djam 1,45 kundur Bintaran didèrèkaké montor Tama. Soréné ndèrèk astuti kanti wulangan.

16 Aug. Senèn.

Mis ing gredja djam 6,30. Bakda Mis sowan: R.P. Djajaseputra, Sudana, suprija, R.D. Purwadi, Zuster Purworedja lan Kutaardja: Darmanudjat, Sukartinah, Aloysia, nggawa pisungsung kagem R.K. Ana blek sigaret 8 peti tjilik srutu, 2 peti gedé geping persagi srutu saka Taru Martani. Suti Thien.

17 Aug. 1948. Selasa.

hari kemerdekaan Indonesia III. R.K. ngundjukake Mis gedé ing gredja Bintaran, djam 6,30, didjènengi wakil-wakil perintah, Umat Kath. akèh kang ndèrèk. Djam 9 R.K. dipetuk

Minister Kasima, Budiman lan Djupri nganggo montor lan tindak menjang Istana. Ana ing kana lenggah adep-adeban karo Presiden, djèdjèr Dewantara ana ing ngarep dwi tunggal salarik karo Mr. Asaat, ketua perwakilan ra'jat. Tengen presiden mandjing para Menteri lan wong pangrèh *Civil* karo K.T.N.²⁹⁸ Sisih kiwa pembesar militer T.N.I. karo K.T.N. Presiden sesorah 2 djam. Nalika ngerek gendera R.K. djumeneng ana ing tengah pengkeran Presiden lan wakil Presiden, Bu Karno lan Bu Hatta. Bakda ngerek gendera Presiden lan Wakil Presiden nabiki R.K. R.K. ngendikan karo Menteri Angiat ? Salim. Menteri Laoh apa manèh Delegatie Belgie. Bakda *receptie* kundur djam 1. Soréné disowani R.P.v.Thiel lan Vendel kang ésuké rawuh saka Djakarta karo v.d Berkel lan Koersen.

18 Aug. 1948. Rebo.

sowan: R.P. Koersen, Setiardja, suster saka Semarang. Sumadi saka Lampung, Wahjudi.

19 Aug. 1948. Kemis.

Mis kaja wingi. Sowan Suster Urselinen, Dwidjasusanto, Pastur Muntilan, R.P. Djajaatmadja, Mudjilan, Purba saka Kantor Agama Daerah; setijasa, frater v. Beek, Dibja, Murabi, Sunarja. Botjah Kongregasi, Sudardja.

20 Aug. 1948. Djumuwah:

Mis kaja wingi. Harsa, Subadi, Bratamartaja (suis) sowan ngrembuk dapuke Pusat Perekonomian Umat Katholik. R.P.v.d.

Berkel, Nj. Djupri saka Gandjuran. Soré v.Thiel, Munadjad, Andreas Girisonta sowan.

21 Aug. 1948. Setu.

Danawinata sowan njaosi priksa bab anggoné Pusposutjipta bakaran ? Bea sowan. R.Djajaseputra sowan bab ngrawuhake para Rama. Usul R.P. Zoetmulder Penggedé Parochi Koemetiran ora ditampa R.K. Berkel sowan uga R.D. Sandiwan Brata.

22 Aug. 1948. Ngahad.

R.K mis gedé djam 6 paring piwulang ping pindo. Marak Nj. Doel Klaten, Prana Solo, Moh Gandjuran. Soré ndèrèk astuti.

23 Aug.48. Senèn.

R.K. Mis djam 6,30 kondjuk Hjang Roh Sutji kanggo murid-murid. Narsih Temanggung sowan, Pak Atmo sowan. Br. Parta njaosi *band duke*²⁹⁹ saka Amerika, dasar kuning, mawa *streep* putih kuning. Nj. Suwadi marak bab putrane Suwarti. Wahjudi sowan, djer olèh serekan bab mlebone para suster 4 ing daerah Republik. R.K. mangsuli kuwi urusan Djakarta kang marengake Suster mabur. Soréné kang sowan Soemarti, Kambali saadi-adiné, botjah saka sedaju, Susila.

24 Aug. 48. Selasa.

Mis kaja wingi. Sowan R.P. Padmawidjaja rembagan bab Purwardja, Kutaardja, Wonosobo. Suster Melani lan Meri saka Klaten. Soré R.P.v.Thiel, Darma soedjati, R.P.Djajaseputra bab Patriot etc. Subardja + Sumitra, Susila lan adiné saka Djetis.

25 Aug. 48. Rebo.

Mis kaja wingi. Djam 8 Siswamartaja metuk R.K. nganggo kréta. Djam 10 djengkar saka Ngajogja tindak menjang Klaten. Tetang saka Klaten Djam 2,45 tindak menjang tetang perlu nuntun chalwat. Djam 5 panggihan. Djam 7 wiwit boekakan.

26 Aug. 48. Kemis.

Dina chalwat kang kapisan kagem para ibu 80 tjatjahe. Mis djam 6. Lof djam 8,45.

27 Aug. 48. Djumuwah.

Dina chalwat kang kapindo. Djam 4 soré ngebihi, dibantu R.D.Purwadihardja lan Tjakrawerdaja. Akèh kang sowan matur ribeté.

28 Aug. 48. Setu.

Dina kang katelu: kaja déné kang kapisan. Tutupan astuti djam 8,45. Berkah Kandjèng Paus. ésuké Mis mawa menjanjian. Bakda Mis siniwakan, nganjarkae pradjadjian baptis.

29 Aug. 48. Ngahad.

Mis gedé ing Tetang mawa wulangan. Djam 7 pamitan. Soréné manggihi retraitsan kakung. Djam 7 bukakan.

30 Aug. 1948. Senèn.

Chalwat kanggo para bapa ing gabajan Tetang, 46 kang ndèrèk, dina kang kapisan. Djam 6 Mis nganggo menjanjian.

Seminarist Klaten 4 nglagoni chalwat lan Br. Tirta. Soré Sonto lan Susila sowan, nginep. Djam 8,45 astuti.

31 Aug. 48. Selasa.

Dina chalwat kang kapindo. Djam 6 mis nganggo menjanjian. Soréné djam 4 ngebihi, dibantu R.D.Purwadihardja lan Tjakrawardaja; kang ngabari saka Wagisan bab Pak Atma drukkerij Canisius.

1 Sept. 48. Rebo.

Dina chalwat kang pungkasan. Djam 6 Mis mawa menjanjian lan wulangan, bakda Mis nganjarkake prasetya baptis lan sinewakan. Djam 3,30 astuti semua lan panutup. Bakda panutup para chalwat pada nembang bebarengan minangka atur panuwun. Siswadarmaja lan Darmawadaja sesorah hebat. Djam 5 R.K. kundur Klaten nitih kréta ngampil sakr. Maha sutji didierekake Br. lan murid seminari tjilik. Rawuh ing Klaten tampi tilgram lan serat saka R.P. Djajaseputra bab Canisius drukkerij kang isine kapatjak uga ing Hidup Th. I No. 49, Rebo 1 Sept. 1948. Demonstrasi contra Pak Atmosentono ana ing pertjetakan Canisius, demonstan menjerbu pertjetakan bengok-bengok akan marang *zetter*³⁰⁰ Patriot terus njambut gawe, déné lijané dikon melu demonstrasi, ana kang melu, ana kang ora. Ana kang terus mulih. Pak Atmo diseret, dipeksa njelit lajange. Pak Atmo ora gelem marga tjengkah karo kebatinane. Nuli diglandang, dionek-onekake agen *imperialist, reactioner*, diaturake Presiden, B.P.K.N.I.P.³⁰¹ Ana ing kono perkarane dirembug Mr. Asaat, Mr. Moh. Natsir, Persatuan Wartawan, Pak Atmo dan Patriot. Putusan

kanggo sawatara waktu: Canisius terus ngetjap Patriot nganti ana putusan pungkasan. Menawa ana tulisan-tulisan ing Patriot kang ora ditjotjogi Canisius - dirembug karo Persatuan Wartawan. Hidup dina iku, Selasa, ora Metu. Ing dina iku uga Dewan Pemimpin Partij Kath. Rep. Ind.³⁰² + Pengurus Pusat Angkatan Muda Rep. Ind.³⁰³ + Pengurus Persatuan Mahasiswa Kath. Rep. Ind.³⁰⁴ rapat lan mrotés marang tindaké para demonstrant. Déné protes mau kaaturake marang Pres.³⁰⁵ Wak. Pres.³⁰⁶ Mgr.A.S.³⁰⁷ Dewan Menteri, B.P.K.N.I.P. Persat. Wartawan³⁰⁸, Djaksa Agung, Polisi Negara dan Pers.

2 Sept. 48. Kemis.

R.K. Mis ing Klaten djam 6 esuk nampi tamu sawatara. Soré djam 4,30 tindak menjang Wedi. Disowani sadulur sawatara.

3 Sept. 48. Djumuwah.

Mis djam 6 ing paroki mawa siniwakan. Bakda sarapan, ngendikan bab financiil pasturan karo R.D. Tjakrawardaja. Djam 9 tindak menjang Klaten, didèrèkaké R.P. Tjakra. Djam 10 tekan djam 12 rembagan karo R.D. Purwadihardja lan Tjakrawardaja bab pisahe Wedi supaja bawa déwé. *Statie* kang bawah Klaten kabèh lor sepoor lan Delanggu, Padangan. Kidul sepur bawah Wedi. Kliniek Wedi isih diurus Klaten, lijané kabèh *financiil* lan organisasine bawa déwé. Wedi nguruni ragade kendaraan Klaten. Rama-rama kedjaba nampi dana kagem salira pribadi, *strict persoonlijk*³⁰⁹, mundut 300 rupijah koers saiki kanggo *zakgeld*³¹⁰ lan njukupi betahe pijambak ing prakara tjilik-tjilik. Djam 5 ndèrèk astuti lan nampi tamu sawatara.

4 Sept. 48. Setu.

Mis sutji djam 6 ing Klaten mawa siniwakan. Bakda Mis ngebihi. Djam 5 soré Menteri Kasima ngampiri. R.K. ora sida tindak menjang Solo.

5 Sept. 48. Ngahad.

R.K. ngundjukake Mis djam 6 mawa siniwakan lan Mis gedé, nampèkaké Sakr. Maha sutji. Bakda Mis ngebihi. Djam 10,30 tindak menjang Susteran didèrèkaké lan dipetuk Tw. Djaswadi.

6 Sept. 1948. Senèn.

Djam 6 Mis ing Klaten. Djam 9 diampiri menteri I.Kasima karo Mas Tumenggung Mr. Sumardi, kundur menjang Ngajogja, ndjudjug Bintaran. R.P. Djajaseputra rawuh ngrembag prakara sawatara. R.K. tata-tata, arep tindak Kota baru lan njaré kana. Soré djam 4 Sunardi pengurus Amkri pusat sowan, njuwun palilah anggoné arep masung galake Amkri karo para nom-noman kang pada suwita G.A. Djam 5 R.K. dipetuk montor pak Kasman, didèrèkaké menjang Kota baru. Ana ing kota baru terus rembagan karo R.P. Sumarna bab Canisius Stichting lan guru-guru ing Klaten-Wedi.

7 Sept. 1948. Selasa.

Djam 7 upatjara berkahan ana ing Kota baru, paras sutji lan berkahan tjilik marang frater s.j. loro, Partanta, Setiardja. *Acolithan* marang Winrich Blot, Rama muda Sragen. Bakda berkahan wingi soré lan sijange R.K. dahar ing Ig. College. Ngrawuhi scholasticaat

lan paters, recreatie ngarepaké dahar. Soréné djam 5 bea sowan. Djam 6 Atmasentana Pemimpin Canisius drukkerij³¹¹ sowan. R.K. pertaja marang iguhé.

8 Sept. 1948. Rebo.

Djam 7 upatjara berkahan Imam: Bawana lan Kunkels, gredja kebak padjangan ngengreng amrok *aronskelken*³¹². Rama-Rama kang numpangi asta 17, karo R.K. 18. wingi soré, Rebo esuk lan awan R.K. dahar ing seminari. Bakda upatjara pahargjan ing seminari gedé. Djam 4,15 R.K. dipetuk dokter Sentral, mampir tuwi keluarga dokter Sentral, djam 6 kundur. (*disowani Mudjimah lan Busemi sekaligus*. Kalimat ini dicoret)

9 Sept. 1948. Kamis.

Djam 6,30 Mis ing gredja Bintaran. Disowani Florentine. Awan disowani Bea, Mudjinah, Rusiono sekaligus, Bruder Parta.

10 Djumuwah. 10 Sept. 1948.

Mis kaja wingi. R.P. Djajaseputra sowan ngrembag bab ngrawuhake Rama-Rama. R.K. ngandarake radi alon-alon disik, mengkono uga ngetop bab kiriman menjang Ngajogja. Sugiri, Murni marak. Djam 10 tindak Purworedja nitih montor, didèrèkaké Sumitra Handaja. Dikon metu Wates Wadja, dalané angèl kebak rintangan. Tekan Purworedja djam 12,20. Ditampi botjah-botjah lan sadulur sawatara. Djam 5 njaosake astuti. Djam 7 tindak nuwéni rapat P.K.R.I. ing Plaosan panggoné R.M. Dirdja. Panggoné didjaga anak-anak tentara R.I. Djam 8,45 dahar.

11 Sept. 1948.

Djam 6 Mis lumrah ing gredja Purwardja. Bakda sarapan dawuh menawa montor kudu bali menjang Ngajogja, mundut petukan dina Kemis, lan mundut piranti paras kang kari utawa ilang. Djam 4 soré maringaké sakramén kasantosan, 51. Djam 7 pahargjan ing Susteran kanggo umat Kath. kundjuk R.K. nganti djam 11. Gamelan, Tembang, menjanjian, lsp.

12 Sept. 1948. Ngahad,

Djam 7 R.K. ngundjukake Mis semua ana ing gredja Purwardja. Djam 8 ngebihi, djam 7 Mis semua lan paring piwulang. Djam 10 receptie kanggo para kang diaturi. Regent pambeng, tentara ora ana, politie, djawatan lan pakumpulan partij pepak. R.K. sesorah lan paring pendjelasan. Djam 1 rampung. Bakda astuti amkri putri marak, familie Dirdja marak. Susteran kelangan sandangan akèh dienggatake botjah Menado saka Dieng, kang diopeni ing kono.

13 Sept. 1948. Senèn.

R.K Mis djam 6 ing gredja Purwardja, djam 6. Djam ± 9 tindak menjang pamulangan Susteran lan Bruderan perlu ndjènengi pahargjan saka murid-murid missie, kang tumindak regeng. Djam 11,30 kondur. Djam 12 Tuti marak ngaturake ribedé. Djam 4,30 tindak susteran didèrèkaké R.P. suma. Djam 6 kondur, disowani Nj. Njo Sing Lie. Djam 6,45 tindak menjang Broederan karo R.P. Soma, dahar ana kono lan djam 9 kondur.

14 Sept. 1948. Selasa.

Djam 6 Mis ing gredja Purwardja. Soré djam 4,30-6,30 pisowanan para pemudi lan pemuda, djam 7,45 dahar - djam 8,30 - djam 10 pisowanan para ibu lan para Bapa.

15 Sept. 1948. Rebo.

Djam 6 nitih dokar didèrèkaké R.P. sumahardjana lan sardjuni tindak menjang Kuta-ardja, rawuhe djam 7,15. Djam 7,30 Mis mawa menjanjian nuli maringaké Sakr. Kasantosan marang \pm 20. Djam 10 mbaptis botjah Tiong Hwa loro, bakda dahar sarapan. Djam 10,45 dipahargja ana ing Susteran nganti djam 12,15. Bandjur dipanggih sedulur pengarep lan muder. Muder Amanda wadul, anggoné ora olèh ati saka penggedé, didakwa meksa suster lijané batir ? lestira makarja ana ing daerah Republik. Dirembagi supaja djèngkar mawa alasan menawa mung barang radja darbe kang naleni para Suster karo Kutaardja. R.K. sagah nulungi ing saragadé. Para suster sowan lan matur menawa saka pamilihe déwé terus makarja ing Kuta-ardja. Bakda dahar djam 3 kundur menjang Purworedjo lan rawuh djam 4 disowani sadulur sawatara nganti djam 7,45. Mireng menawa Menteri Kasima lan Sumitra dina tjandaké arep sowan metuk.

16 Sept. 1948. Kemis.

Mis djam 6 ing gredja Purwardja. Djam 9 tekan djam 12 nampi tamu. Djam 3 Menteri Kasima, R.D. Kunkels, R.D. Bawana, Sumitra rawuh metuk R.K. Sadulur pada merlokaké

sowan nguntapaké R.K. lan manggihi Menteri Kasima. Djam 515 R.K. kundur ngagem montor, didèrèkaké Menteri Kasimo, Sumitra, mampir Magelang nuweni R.D.hardjawasita, nilar welingan bab kendaraan kang arep diagem menjang Wanasaba, rawuh ing Bintaran Ngajogja djam 8 kliwat. R.P. Reksa tindak Sedaju, R.D. Harjadi tindak Presidenan.

17 Sept. Djumuwah 48.

Djam 6,30 Mis ing gredja Bintaran. Bakda dahar disowani Muder Coleta, bab S.M.K. Puteri; Pak Djajaatmadja saka Kementerian Agama bab tjoba rawuhe Rama-Rama 9 + Br. Kardis lan Gu; bab tekane kiriman sagerbong kanggo Panti Rapih. Muder Ursula lan Muder Cornelia; bab urunan R.I. kanggo Seminari agung lan tjilik, bab pengakuan Agama anjar. Wahjudi sowan bab ribede. Soréné familie C. Soegija sekalijan sowan.

18 Sept. Setu. 48.

Mis kaja wingi nganggo menjanjian. Sowan suwandi, Mutahar adjudant President. Nj. Sukadarijat, Suti, Sukarti, Christi astuti, Sunardi, R.P. Sumarna. Djam 11 tindak menjang Panti Rapih, rembagan karo Muder, nuweni R.D. Danuwidjaja. *(19 Sept. Ngahad. 48. Mis gedé djam 6 lan paring piwulang, ngebibi, mulang Mis djam 8, ngebibi. Kalimat ini dicoret)*

19 Sept. Ngahad. 48.

Mis gedé djam 6 lan paring piwulang, uga ing Mis djam 6, ngebibi uga. Bakda Mis: kang marak: Darman Soedjati, Ibu

Hoveria, guru Klaten, tentara loro kang wadul anane cou d'etat in Madiun, P.K.I. dipimpin Musa nguwasani peprentahan kota Madiun lan kiwa Madiun sisih lor. R.K. paring advies marang pradjurit 2 mau supaya sowan marang Pak Darma. Soréné undang-undang djam malam wiwit saka djam 10. Presiden, K.Sultan³¹³ lan Menteri dalam Negeri pidato.

Tg. 20 Sept. 48. Senèn.

mis djam 6,30 ing gredja Bintaran. Ngarep gredja ana tentara, gandeng karo lutjutan tentara kang manggon entjèng-entjèngan gredja. Wingi pondokan P.K.I. ngarep pamulangan ra'jat Bintaran uga dikotongake. Kang sowan R.P. Djajaatmadja, Sugiarti saka Madiun, Zr. Bernardia ngrembag bab chalwat ing Panti Rapih. Sukarti, Suti, Muljana, Sumitra. Sumardi Pengurus Amkri pusat kang njuwun priksa bab persiapan. R.K. dawuh kang perlu déwé iku ora keprijé anggoné anjlametaké para rama lan rochanine, nanging keprije bisane ngalahake mungsuh.

Tg. 21 Sept. 48. Selasa.

Mis kaja wingi. R.M. Danawinata sowan bab Rama-Rama, Setijasa sowan bab tindaké R.K. menjang Wonosobo. R.D. Harjadi rawuh.

Tg. 22 Sept. 48. Rebo.

Mis kaja wingi. Kang sowan: Jan Ton, Mudjilan, Munadjad, Moeder Coleta. Soenardi njuwun ngampil Dr. de Jong Djilid II.

23 Sept. 48. Kemis.

Mis sutji kaja wingi. Sowan: R.D. Sandiwan Brata, njaosake serat saka Moeder Amanda, lan Moeder Salvestra. Soré Frans, R.P.A. Djajaatmadja, ngrembag koran Djokja kang diasta K. Sultan arep ngetjapake korane ing ing Canisius. Ésuké pamit: R.P.G. Schoenhoff kang uga ngrembag kaslametan fm. Sonke.

24 Sept. 48. Djumuwah.

Mis sutji kaja wingi. Sowan R.P. Schoenhoff, Subijat njaosake serat saka R.p.v. Thiel R.P. Martawerdaja bab kahanan. Soré R.P. Koersen, Jo poetrane R.M. Sukra.

25 Sept. 48. Setu.

Mis djam 6,30 mawa siniwakan. Lajang saka Moeder Solo, kabar slamet. Kodrat saka Solo uga bali wadul bab Melani. R.P. Schoenhoff.

26 Sept. 48. Ngahad.

R.K. ngebihi lan Mis djam 8. Kang sowan Ngadijah, putrane Pini sekalijan, Rie saka Klaten, Zr. Immaculata + Clara.

27 Sept. 48. Senèn.

Mis ing gredja Bintaran djam 6,30. Sowan R.P. Schoenhoff. R.A. Sumaasmara.

28 Sept. 48. Selasa.

Mis kaja wingi. Njonjah dokter Trenggana + Soekarti lan putran marak. R.P. Schoenhoff sowan lan matur, menawa sesuk

bisa mangkat mawa pal(t)lahe. K.M.K. Frater Djawa loro wis ndisiki R.p.v. Kalken.

29 Sept. 48. Rebo.

R.K. Mis djam 5,30 nggentosi R.P. Reksa, kang Mis mawa menjanjian, djam 6,30 marga pinudju ajahane. Luci saka panti rapih sowan. Soemarjana Klaten Noes, R.D. Bratawiratma ngaturi R.K. supaya Ngahad ngarep ndjènengi sarasean Congr. ing Dagen Kumetiran.

30 sept. 48. Kemis.

Mis kaja wingi. soré kang sowan Al.Harimawan, sumi, Niniek, njaosake angsal-angsal.

1 Oct. 48. Djumuwah.

Djumuwah kang kapisan. Mis mawa sinewakan lan menjanjian djam 6,30. Akèh kang ndèrèk. Ing sadjroné Mis djam 5,30 kang tanpa Kumini ± 150 . Mis djam 6,30 ± 300 . Djam 8 soré President pidato gandeng karo djatuhe Madiun. Tentara terus ngresikake pemberontak. Akèh penggedé *civil* kang dipetjat. R.P. Reksa gerah.

2 Oct. 48. Setu.

Mis djam 6,30 nganggo menjanjian. Thien, djuru rawat 2 saka panti rapih, warga M.S. Kemetiran loro, Singgih saka magelang, njangking sajukan.

3 Oct. 48. Ngahad.

R.K. ngebihi lan Mis gedé djam 6 mawa sinewakan. Djam 10 tindak Dagen perlu ndjènengi pertemuan M.C. pemuda dipetuk andong R.D. Brata didèrèkaké R.D. Harjadi. R.K. paring pangandikan, djam 1 kundur. Soré ndèrèk astuti.

4 Oct. 48. Senèn.

Riaja st. Franciscus Assisi. Djam 630 Mis ing gredja Bintaran. Sowan Noes, Suti, karti, Soetjipta Peni sekaligus.

5 Oct. 48. Selasa.

Hari Angkatan Perang. Mis djam 6,30. sowan Traratini, Albertine Kwik, al. Soegijarta ngrembag bab kepanduan. R.P. Koersen, Menteri Kasima, Mr. Smits + Zuster Mariska sowan.

6 Oct. 48. Rebo.

Mis kaja wingi. Atma Nawu lan anaké sowan. Piet Brata sekaligus sowan. Kabar saka R.P. Djajaseputra menawa R.P. Schoenhoff sakantja Djumuwah tg. 1 Oct. wis ngliwati status quo. (*Marak: Bea. Menteri Kasima diutus Perdana Menteri bade ngiguhake supaya harian P.N.I. ditjap ing Canisius, R.K. mangsuli tjotjok nanging nganggo djandjean tertulis. Soewandi bab tindaké wakil P.K.R.I. ing M.P.D. lan Hidup.* Kalimat-kalimat tersebut dicoret)

7 Oct. 48. Kemis.

Mis kaja wingi. Marak Bea. Menteri I kasima njuwun saka Wakil Presiden supaya harian P.N.I.³¹⁴ ditjap ing Canisius, ngiras

dienggo nduwa Patriot. R.K. marengake menawa nganggo djènggelan tinulis, adja nganti harian P.N.I. ngemot prekara kang tjongkah karo kebatinan Kath. Bandjur diaturi rembagan karo Rama Djaja. Suwandi sowan nglantarake djawilan gandeng karo sikape wakil P.K.R.I. kang mentas lunga saka D.P.D.³¹⁵ lan isine Hidup. Awan sowan fam. Kambali, Bu Marta. Pauline Brata.

8 Oct. 48. Djumuwah.

Mis kaja wingi. Bu Paulin sowan, matur prakara *misbruik onder de Kath*³¹⁶. Je Tan sowan perlu maras: Summarti sowan bab retraite.

9 Oct. 48. Setu.

Mis djam 6,30 ing gredja Bintaran mawa menjanjian. Djam 4,30 dipetuk kréta tindak menjang Panti Rapih. R.P. Djajaseputra sowan njaosake serat saka Mgr. de Jonghe, R.P. de Quay, Ong Cheng Guan. R.P. Sumarna arep tindak Negara Landa ngleboni trapist³¹⁷. Djam 6,30 astuti ing kapel, miwiti chalwat kanggo 28 djuru rawat (golongan I).

10 Oct. 48. Ngahad.

Dina chalwat i. Mis djam 6,30 mawa menjanjian. Djam 7 astuti. Ngrawuh R.P. Vendel, Br. Parta. R.D. Danu. Sutarta.

11 Oct. 48. Senèn.

Dina chalwat ping 2. Mis djam 6,30 mawa menjanjian. Djam 4 ngebihi. R.P. Puspo teka karo sowan, ndèrèk dahar, rembagan. Djam 5 soré R.P. Vendel sowan. Djam 7 astuti.

12 Oct. 48. Selasa.

Mis djam 6,30 mawa menjanjian dina chalwat ping 3. Kunkels sowan njuwun keterangan. Djam 7 astuti.

13 Oct. 48. Rebo.

Dina chalwat I tutupan kang ndèrèk 28. Mis djam 6,30 mawa menjanjian lan wulangan. Bakda Mis sinewakan, nganjarake prasetya Baptis Te Deum lsp. Warsinah, Prapti, Wurjati marak. R.P. Dwidjasusanto sakan Muntilan marak. awané djam 5 tekan djam 6,30 mertamu ing fm. Kasima. Kondur didèrèkaké Utara. Djam 6,30 astuti lan mbukak retreat kang kapindo, kang ndèrèk 36. Djam 9 tindak menjang kamar dahar manggihi botjah-botjah kang mungkasi retreat.

14 Oct. Kemis 48.

Dina chalwat kang kapisan golongan 2. Mis sutji djam 6,30 mawa menjanjian R.P. Djajaseputra rawuh ngrembag bab pindahan gandeng karo tindaké R.P. Sumarna. Soré djam 7 astuti.

15 Oct. 48. Djumuwah.

Dina retreat kang kapindo. Djam 6,30 mis mawa menjanjian. Djam 4 ngebihi. Djam 5 Sumitra sowan. Djam 7 astuti.

16 Oct 48. Setu.

Dina retreat kang katelu. djam 6,30 Mis mawa sinewakan. Djam 9 Slamet lan kantjane saka Muntilan sowan. Pak Menteri

Kasima sowan ngabari slamet bab Rama Madiun. Soréné Rusman sowan uga ngabari bab Madiun. Soré djam 7 astuti.

17 Oct. 48. Ngahad.

Mungkasi retret golongan 2. Djam 6,30 Mis mawa menjanjian lan wulangan. Bakda Mis sinewakan, nganjarkake predjandjian baptis, Te Deum, etc. Djam 8,30 maringi slamet marang kang pada mentas retret. Djam 10 kundur menjang Bintaran nitih kréta. R.P. Djajaatmadja djam 6 rawuh ngendikake sedane R.P. Nij v.der Borgh. Sumitera sowan Summarti matur nuwun. Maria Oei njuwun gambar, Ninik saadiné Muljana ngabari menawa wis babaran barep lair lanang.

18 Oct. 48. Senèn.

Mis sutji ing gredja Bintaran djam 6,30. Lantaran Sumitra Kementerian Penerangan mitulungi R.K. ngirimake tilgram bab rama Madiun marang Delegatio Apostolique lantaran Secretariaat Negara.

19 oct. 48. Selasa.

Mis kaja wingi. Soré Menteri Kasima sowan: rembagan bab sikap Kementerian Agama bab rundingan - bab luput-lupute tindaké sadulur.

20 Oct. 48. Rebo.

Mis kaja wingi. R.D. Kiswana sowan bab tindaké menjang Kutaardja. Soré R.P. Djajaseputra sowan bab Kunkels, Sumarna, pamulangan Klaten. Kodrat pamit mangkat menjang Djakarta.

21 Oct. 1948. Kemis.

Mis kaja wingi. R.A. Reksa lan Lastijah marak. R.K. njerat pirang-pirang gandeng karo benumane Rama Kiswana. R.P. Holtheuen sowan bab *lees bibliotheek*³¹⁸; R.P. Sumarna lan R.D.Kiswana pamit; Br. Aloysius sowan.

22 Oct. 1948. Djumuwah.

Mis kaja wingi. R.K. urus-urus. Guru putri loro saka klaten pamit, arep mangkat menjang Djakarta metu Gombong. Darma sudjadi puteri marak. R.P.Ruding, Koersen uga pada ngrasi Hidup. R.K. meling Sumitra supaja nglumpukake Commisaris Penerbit ngrembug bab Hidup lan prakara lijané.

23 Oct. 1948. Setu.

Mis djam 6,30 mawa menjanjian. bakda dahar Bu Djaja marak bab Sudewi. Soré Sumitra. Dr. Sentral, Sin Gou, Djupri, Kasima, ngrembag bab Unitas lan Hidup. R.K. nampi suntikan kalk.

24 Oct. 1948. Ngahad.

R.K. Mis lan paring piwulang djam 6,30, ngebihi sadurunge lan sawise. Soréné ndèrèk lof. Munadjad sowan, tjaos *verslag*: bebaja Comm.³¹⁹ wis prasasat menda, sadulur Kath wis njlundup ing ngendi-endi, saiki pada ngudi ngalang-alangi adja nganti ana partij sajab kanan kang arep meradja lela. R.K. diaturi njerat ing Hidup kaja kang uwis-uwis, perlu paring sesuluh. R.P. Bratawiratma sowan.

25 Oct. 1948. Senèn.

Mis djam 6,30 ing gredja. Nampi pundjungan berat saka Tophove. Suti lan adiné sowan.

26 Oct. 1948. selasa.

Mis kaja wingi. Singgih saka Magelang sowan. Bu Suratral wadul bab N.al.R. kang kapusan rong atus seket ewu. Kondangan saka Presiden bab perajaan 20 tahun Indonesia Raja.

27 Oct. 1948. Rebo.

Mis kaja wingi. Soré paring conferentie marang M.C.³²⁰

28 Oct. 1948. Kemis.

Mis kaja wingi. Dr. Sentral tuwi R.p. Reksa. Nj. mangunsubrata sowan. Bl. Hardjawardaja. sunandhy sowan ngrembag bab pusat perekonomian. Djam 6 Menteri kasima metuk R.K. terus tindak terus ndèrèkaké tindak menjang Presidenan, ndjènengi pègetan 20 tahun lagu Indonesia Merdeka. Kundur djam 9,15. Suti + adiné sowan.

29 Oct. 1948. Djumuwah.

Mis kaja wingi. Bu Suratral sowan. Bu Budiman sowan bab ngurus botjah Pred.³²¹ Djana sudjati marak.

30 Oct. 1948. Setu.

Mis djam 6,30. Bakda Mis R.P. Sandiwan sowan. R.D. Harjadi rawuh. R.D. Bratawiratma metuk R.K. Djam 10 R.K. rawuh ing Kumetiran, djagongan karo Br. Endra lan R. Brata.

Soré djam 5 paring wulangan bab kuwadjibane buruh Kath. nuli *lof*. Djam 6,30 Munadjad sowan, omong-omong.

31 Oct. 1948. Ngahad.

Djam 5,30 R.K. ngebihi nganti djam 6,30. Djam 8,30 Mis gedé lan paring piwulang bab buruh. Djam 10 tindak menjang pamulangan Dagen, ndjènengi kepjakan persatuan buruh Kath. R.K. uga paring pangandikan. Soré ndèrèk *lof* nuli disowani: Djaswadi Exelcior, Dr. Sentral + Njonjah + Pak Kasimo, njaosake sesupe-sesupe didawuhi ngowahi lan njaosake besuk tg. 15 Nov.

1 Nov. 1948. Senèn.

Mis gedé djam 6 ing gredja Kemetiran. Ésuké disowani sadulur sawatara. soréné uga disowani sadulur sawatara.

2 Nov. 1948. Selasa.

Mis gedé djam 6 nuli Mis lumrah loro. Bakda Mis manggih botjah kang pada sowan, dahar. Mriksani kebon, kondur didèrèkaké R.D. Brata + Winarta kang uga njaosi dokar. Djam 10 tekan Bintaran. R.P Reksa tirah ing Panti Rapih Rana lan Thien sowan. Soréné tanpa lajang saka Delegatus Apostolique.

3 Nov. 1948. Rebo.

Mis djam 6,30 ing gredja Bintaran³²². Sowan R.D. Danuwidjaja, R.P. Sontobudaja; soré bandjur kondur karo putrane. Sumitra, Sumarta, Djetis. Lajang wiludjèng Panti Rapih.

4 Nov. 1948. Kemis.

Mis kaja wingi. Marak fm. Dirdja Gempol, P.A.W.K.³²³ Suti, Tini kang klebu anggoné udjian kang wekasaning S.M.T.

5 Nov. 1948. Djumuwah kang kapisan.

Soré ndèrèk astuti.

6 Nov. 1948. Setu.

Wijdijsdag. Mis djam 6,30 mawa menjanjian. Soré ngebihi sadela, kang sowan Munadjad, R.P.v. Kalken.

7 Nov. 1948. Ngahad.

R.K. Mis gedé djam 6, ngebihi sadurunge lan sawise. Sukirma Sara-gedoeg sowan uslu bukak kapel ing Matjan mati. R.K. paring piwulang ing sadjroné astuti. Bakda lof marak: Toan as adi-adiné, susila-Marjati Anneke, Aloysius Rosijan lan bodjone perlu njaosi pisungsung.

8 Nov. 1948. senèn.

Mis djam 6,30 ing gredja Bintaran. Soréné sowan: Suti Suharti, Bea, Atmadarsana, Sunarti, Sumitra.

9 Nov. 1948. Selasa.

Mis kaja wingi. Atma penewu tjarik kabupaten Bantul sowan. Christiadi lan adiné marak. Merah putih Sumilah sowan.

10 Nov. 1948. Rebo.

Mis kaja wingi. R.P.v.Thiel sowan, Nj. Surjaprawata lan

Hardjasoewita sowan + botjah-botjah. Soen Sumaatmadja, Nj. Sumaatmadja + putra-putra.

11 Nov. 1948. Kemis.

Djam 7 R.K. dipetuk montor, tindak menjang Panti rapih, Mis semua djam 8 ana ing kapel Panti Rapih; diladosi R.P.v. Kalken lan R.P. Martawerdaja: Bakda upatjara dahar, njaosi sugeng marang kang mbeneri 25 taoene, nuweni Panglima Besar Djèndral Sudirman, kang gerah ing Panti Rapih, mberkahi Sutanta lan Rama Reksa. Bodjone Jac. Darsa marak. Soré pak Suratall sowan ngrembag bab dina riaja pangajoman.

12 Nov. 1948. Djoemuat.

Djam 6,30 Mis ing gredja Bintaran. Suster Bernardia lan Mariska marak bab Gandjuran. R.M. Surjaprawata bab pisowanan tg. 15 Nov. Suparna njuwun pamit; Sumaatmadja Gandjuran verslag, R.P.A. Djajseputra sowan, Broeder Rasul Muntilan dioetoes mundut *toneelstukje*³²⁴ lan tjaos *verslag* Dukun; ndèrèk dahar, Sundari Temanggung, Ambar marak, Sumitra, Muljana Hadi sowan. Brata samiran uga sowan.

13 Nov. 1948. Setu.

Djam 6,30 Mis mawa menjanjian. Sundari sakantjane 6 kang mentas klebu udjian S.K.P. marak, tunggale 11 saka S.K.P. Gandjuran lan kabèh nerusake sinau ing S.G.A.³²⁵

14 Nov. 1948. Ngahad.

Djam 8. Mis lumrah, ngebihi sadurunge Mis lan nampèkaké Kom. Sutji. Warsinah marak matur bab timbalan, Djoei sowan njuwun keterangan. Soré Sundari lan Ambar marak. Djam 5,30 astuti, bakda astuti ing kebon pasturan Bintaran kebak sadulur kang nonton film, pisungsi Menteri Laoh marang R.K. Djam 830 film rampung.

15 Nov. 1948. Senèn.

Djam 6,30 R.K. ngundjukake Mis gedé, kang menjanji misdeenaar Bintaran. Gredja kebak botjah lan wong tuwa saka saindenging kuta lan kiwa tengene. kang tanpa Kumini akèh banget. bakda Mis pahargjan para murid S.M.A.K. S.M.K. Bruderan lan Susteran, ra'jat Bruderan lan Susteran, Bumidja, wakil Dagen. Bakda botjah-botjah para Rama pada sowan, Pangrèh Kongregasi, lan W.K. Mataram. akèh pisungsi tandane pakurmatan awudjud sembahjangan, daharan, ses, sekar, ll. Djam 5,30 - 7 pisowanané para pangrèhe organisatie Kath. Unitas lan Hidup. Dina regeng banget. Lajang akèh kang katampa Sentral sabrajat marak.

16 Nov. 1948. Selasa.

Mis lumrah djam 6,30. Hardja Nut sabrajat marak. R.P.v. Kalken bab R.P. Reksa, Sardjan lan tanah Danukusuman. Redactie Hidup sowan. Soré kang marak marak fm. G. Sumarta. Tama lan Thien. Nardi, Kabar Pangeran Purbanegara seda.

17 Nov. 1948. Rebo.

Mis kaja wingi. R.K. kintun tilgram marang Kulaarga Pangeran Purbanegara solo. Kang Hardja Nuk sabrajat; R.D. Danuwidjaja; Noh Darma sudjadi, Bea, Florentine, Kessy, Pak Laurent, R.M. Sastrasudira Major Solo; Phien lan Tama; Ibune Pardi. Darsa.

18 Nov. 1948. Kemis.

Mis kaja wingi. Esuk njerat lajang wangsulan. Soré kang sowan: Narti, Suti, Tana, Phien, Narsih lan bu-lik-e, Tuwan van Garten *hoogleeraar botanicus*³²⁶ saka Sarangan. R.M. Danawinata, Mr. Kahin sesuk djam 10 sowan.

19 Nov. 1948. Djumuwah.

Mis kaja wingi. Wahjudi sowan. Djam 10 Mr. Kahin sowan rembugan bab *stroomingen in de Republik*.³²⁷ Nj. Ir. Supardi marak. Awan: Suti, Karti, S.Sumaatmadja sekalian sowan. Bardi sowan.

20. Nov. 48. Setu.

Mis djam 5,45 ing gredja Bintaran, Bakda Mis ngebihi. Djam 5 soré R.K. nunut montor Menteri Kasima tindak menjang Solo. Djam 7 lagi rawuh ing Pasturan Purbajan dibagèkaké Rama Puspasuparta, Daruwenda, Hadisudjana Broeder Timotheus lan pisungsung saka Susteran.

21 Nov. 48. Ngahad.

Djam 7,30 R.K. ngundjukake Mis lumrah ana ing gredja Purbajan, djam 11 tindak menjang Susteran terus nggarap

pertalan Idjab Murni. Ngahad soré wiwit chalwati.

22 Nov. 48. Senèn.

Djam 5,45 ngundjukake Mis ing Susteran Kusumajudan.
Dina chalwat kapisan.

23 Nov. 48. Selasa.

Djam 5,45 Mis ing Susteran. Dina chalwat X2.

24 Nov. 48. Rebo.

Mis kaja wingi. Dina chalwat X3.

25 Nov. 48. Kemis.

Mis „ „ „ „ X4.

26 Nov. 48. Djumuwah.

„ „ „ „ X5.

27 Nov. 48. Setu.

„ „ „ „ X6.

28 Nov. 48. Ngahad.

„ „ „ „ X7.

29 Nov. 48. Senèn.

„ „ „ „ X8. R.P. Martawerdaja sowan rembagan bab guru Canisius. R.K. ngersakake supaya bajaran diundaki.

30 Nov. 48. Selasa.

Pungkasan chalwat. Mis gedé djam 515 ing Susteran. Nampi

stofjas saka para Suster. Suratmi sowan. R.Djana sowan. Suparmi. Soréné Hardjasubrata. Brajat guru-guru Susteran, I. Soedina, Joesup Sukarja sowan, keluarga Pradja marak.

1 Dec. 1948. Rebo.

Mis djam 6 ing gredja Purbajan. Bakda dahar Huvell Abraham marak. Ibu kasni marak. Awan djam 4 dipetuk andong R.P. Djana + Parmaka lan didèrèkaké R. Daruweda. Tekan Purwasari disowani Parochie Purwosari nem sepuh, djagongan nganti djam 8. Soré menteri Kasima lappor menawa delegasi Landa budal menjang Djakarta, ewa semana ésuké R.K. meksa nunut kondur.

2 Dec. 1948. Kemis.

Djam 6 Mis ing gredja Purwasari. Bakda sarapan kondur menjang Ngajogja nunut Menteri Kasima. Rawuh Ngajogja djam 10. Setijasa sagarwa putera sowan, ramé. Soréné Sabinah marak. Sri Alex sowan.

3 Dec. 48. Djumuwah.

R.K. Djam 5,30 wiwit ngebihi. Djam 6,30 ngundjukake Mis gedé (St. Franc.Xav.³²⁸) mawa sinewakan. Bakda sarapan Nj. Djonet sowan ngrembug bab adiné kang lagi bingung. Djam 9 Tuti Purwadadi marak. R.P. Koersen sowan. Djam 5 R.P. Sukarta sowan ngrembag bab lajang saka *Superior Congregatie Oefici*³²⁹.

4 Dec. Setu. 1948.

R.K. njerat utusan menjang Purworedjo. Tw. suratal sowan

bab besok Ngahad tg. 12 Dec. P.A.W.K. + P.K.R.I.

5 Dec. 48 Ngahad.

R.K. Mis djam 6, mawa sinewakan. Ngebihi sadurunge lan sawise. Br. Kismadi sowan. R.A. Sumaasmara lan R.A. Sudarusalam marak matur bab P.A.W.K. besok Ngahad. R.P.Zoetmulder sowan. R.P. Djajaatmadja sowan. Marcus, Djonet lan rajine pada sowan.

6 Dec. 48. Senèn.

R.K. Mis djam 6 ing gredja Bintaran. Wahjudi sowan bab benumam major *almuseneer*; Sukatja sowan bab garwane kang mentas babaran, nanging putrane terus kapundut, kabaptis Johanes. R.P. Sukarta, Br. Parta, R.D. Danuwidjaja, Parti + Warsinah, Sukarto, Suti. N. Tan tjidak kohinoer sowan njaosi dana sewu rupijah minangka urun tuku kembang besok Kerstmis. Olèh kiriman salak saka Hadiprajitna ing Medari.

7 Dec. 48. Selasa.

Mis kaja wingi. Br. Suwadi sowan bab *lof* besok.

8 Dec. 48. Rebo.

Djam 6,30 R.K. Mis gedé. bakda Mis tindak menjang Bruderan darat didèrèkaké R.D. Harjadi. Kundur mampir Kampemenstr. Rawuh ing Bintaran disowani Joz. Siswasubrata. Soréné ndèrèk astuti. Bakda ndèrèk astuti maringaké dana sewu rupijah kanggo tuku kembang mbesuk Desemberan marang Bu Muradji.

9 Des. 48. Kemis.

Djam 6,30 Mis lumrah. R.P. Djajaatmadja sowan rembagan bab berkahan tg. 21 Des. Marta lan Sunjata sowan bab seminari gedé. Lajang saka Djakarta.

10 Des. 48. Djumuwah.

Mis kaja wingi. Thien, Tama marak. Djupri, Budiman, Sumitra sowan sakedap.

11 Des. 48. setu.

Djam 6,30 Mis mawa menjanjian. Tw. Marta lan Suratall sowan bab metuk R.K. sesuk djam 10, perlu diaturi sesorah ana ing Dagen. Setu soré djam 5 R.K. ngundjukake astuti kanggo para warga W.K. nanging udan deres. Djam 6,30 sesorah ana ing rapat W.K. , kang ngirim wakil 14 afd.

12 Des. 48. Ngahad.

Djam 6 R.K. Mis gedé, kang menjanji koor wanita Kota baru, paring piwulang bab Ibu Kath. Djam 8 paring piwulang bab serate Rasul Paulus III *Dan Adv.*³³⁰ Djam 9 ndjènengi rapat W.K. paring dawuh dapuk panitija dienggo nganjarake anggaran dasar. Djam 10 dipetuk motor dr. Sentral lan Pak Surathal tindak Dagen, ndjènengi 3 tahunane P.K.R.I. lan paring pangandikan. Djam 12,15 kundur Bintaran. Djam 5,30 ndèrèk astuti; djam 7 ndjènengi sarasejan W.K. paring pangandikan kang pungkasan lan berkah.

13 Des. 48. senèn.

Nampi njonjah Si lan Leo, wadul bab kelangan peniti regani soewidak lima ewu. Bandjur nampi pisowané Prawira Siten Gandjuran. Hardjasusana + Djanti sowan ngrembug Maria Hoeve, Sudardja sowan. Suhadmat + sadulur saka Taru Martani marak. Br. Muntilan (Rasul), Br. Kleermaker, R.P. Djajaseputra sowan.

14-12-48. Selasa.

Mis kaja wingi. Sutjiati + Subandijah marak. R.K. njerat menjang ngendi-endi bab *dispensatie* besuk *Vigili Kerstmis*. Ratna sowan. Kanti Suti marak. Menteri Kasima sowan.

15-12-48. Rebo.

Mis kaja wingi. R.P.v. Thiel sowan bab karangane, kang wis dirembug karo Ruding: *Doctrinarie juris in orde*³³¹. Rama Danu rembugan bap setoran Hidup. Danawinata sowan bab Hidup. Botjah Panti Rapih Ken lan bakjune, Djagawikarsa marak.

16-12-48. kemis.

Mis kaja wingi. Broeder Wurja sowan bab pertundjukan besuk tg. 29. Suwandi sowan ngrembug bab bebaja saka gerakan Machiavelis - serangan Landa.

17-12-48. Djumuwah.

Mis kaja wingi. W.K. Pangrèh Chang We Hui R.P. Djajaseputra, Bea, Riki, B. Sumadi, Padma, sowan.

18-12-48. Setu.

Mis djam 6,30 nganggo menjanjian. Soré rapat karo Suwandi lan Suratall + R.D. Harjadi, Kerstmis ora bengi, nanging esuk gandeng karo gentinge swasana.

19 Dec.48. Ngahad.

R.K. ngebihi, nampekaké lan Mis lumrah djam 8. Djam 6 wiwit gumuruh swarané kapal terbang. Koster³³² sowan R.K. ana ing pangebihan, njuwun priksa Mis gedhe apa Mis lumrah. R.K. dawuh mis gedé kaja adat, jer menggalih menawa latihan. Bakda Mis djam 9 mireng menawa Londo wiwit ngebjuhake: *ja'gers*³³³, *bom werpens*³³⁴. Djam 10 pes(aw)at terbang lunga, nanging ora let suwe ana *bombers*³³⁵ 3 idji teka, sawise kalangan kira-kira djam 11 wiwit ngebom kuta sisih tengah. Bom-boman terus ora ana mendané. Ing ngendi-endi wis krungu swarane pesawat, bedil, bedil mesin lan mrijem. Pangungsi sawetara pada ndjaluk mondok ing pastoran Bintaran. Upatjara Gredja afgelast³³⁶. Pastor v. Thiel lan Kunkels tindak Bintaran, gandeng karo bom-boman ing Beteng. Bakda dahar R.P. v. Thiel didawuhi terus lenggah ing Bintaran, R.D. Kunkels kondur menjang Setjadiningratan. Bom-boman terus sedina muput, djam 12 wiwit tembak-tembakan, djam 2 ana kabar jèn Djokdja didjegi tentara K.N.I.L.³³⁷ Sadulur sawetara ngungsi ing Pastoran Bintaran. Bengine gentenan melek. Sumitra sowan njuwun instructie.

20 Dec. 48. Senèn.

R.K. Mis djam 6.30 lawang-lawang Gredja ditutup kedjaba sakristi. Bakda Mis paring instructie marang umat Kath. Ora ngungsi manggon ing papane déwé-déwé, ora kena ngrewangi kang tatu, nanging melu ndjaga slameting ra'jat. Ora kena njimpen gaman. Suti lan mbakjune marak. R.D. Harjadi mberkahi lajone Subardi, kang wingi soré ditembak marga arep ngungsi. Tartiarada tatu, dilenga sutji R.D. Harjadi lan diangkut karo R.P. v.Thiel menjang R.S. pusat. Ing ko(no) dituturi *veld-praediker*³³⁸ supaja, jèn wis peteng aja metu dalan gedé, menawi diendeg kudu terus mandeg. Blaas, Radjak, Danusubrata sowan. R.P. Djajaseputra, Santabudaja, Danu sowan uga.

21 Dec. 48. Selasa.

Florentini saka Panti Rapih. Djam 6.30 Mis kaja wingi. R.P. v. Kalken sowan, Pak Djakarsa sowan njuwun idin mondok ing sakristi Kidul Lodji lan njuwun gori. R.P. v. Kalken njurasa kabar saka Locomotief menawa panggedé Republik ditawan miturut pangkat dradjate. Mulane Presiden, Wakil Presiden Pak Dirmana ing Istana, Menteri-menteri ana ing dalemé déwé-déwé. Ana kabar menawa U.N.O. maleri ngebom saka nduwur. Ana ing Istana R.I. lan Londo pada rembugan + wakil-wakil K.N.I.P. R. Sandiwan sowan *repo(r)t*: Pugeran daerah militer, ora kena diambah. Kabèh omah kudu kotong kadjaba pastoran: ing kono ana pengungsi bangsa telung puluhan. R. Sandiwan olèh lajang saka Comm.³³⁹ kena mlebu metu. Akèh sadulur pada sowan

marga bingung. R.K. paring iguh Frater 2 saka Kota-Baru dawuh R.P. v. Thiel kudu bali menjang Kidul Lodji. R.K. njereg Chiong Hwa-Chiong Weng gandeng karo grombolan Tiong Hwa kang ngrampok.

22 Dec. 48. Rebo.

Djam 6.30. Mis kaja wingi. Sing ndèrèk akèh. R.P. v.Thiel kondur menjang Setjadiningratan. Adi lan anaké Marta sowan, ngabari menawa bajèn. Bardja sowan, Marjana lan Koh Ong, Tjien Liong, Christu Astuti sakantja. Serangan besar-besaran ing *zector* Pugeran, wiwit djam 4 soré nganti djam 5. Djam 5 tekan djam 6 kurang. Serangan ing *zector* Tungkak. Kabar polisi Djawa saka Semarang wis teka ing Ngajogja.

23 Dec. 48. Kemis.

Mis kaja wingi. Kang ndèrèk satusan. Bakda Mis paring dawuh bab vigili. R.D. Sandiwanbrata, Danoerwindo, Santa budaja sowan. Nj. Djupri, Ibune Harti sowan. Pak Radjak, Danuwinata,

Antonia, Sripalupi marak. Kapiten *aalmoezenier* Groenendijk sowan rembagan karo R.K.

24 Dec. 48. Djumuwah.

Vigili Kersmis. Mis kaja wingi kang ndèrèk luwih saka rong atusan. Bakda Mis ngebihi. Partanta sowan usul arep mbukak sekolahan, R.K. ora nglilani. Sabisa-bisa ngemong negara lan lija-lijané, supaja adja katon enggone njelé, ora merduli kiwa-

tengen. Déné menawa Negara wis arep miwiti awake déwé terus tumandang, djer wis tjumawis. R.D. Danu sowan matur menawa manut Kapt. Bakku dalam menjang Wates isih njamari, mulane R.K. ora nglilani R. Danu tindak menjang Wates. Kang sowan Sadarusalam sekalijan, Darsana, Wong Menado, Dr. Sentral bab subsidi kanggo Panti Rapih ngganggo djanggalan ngopeni wong miskin lelahanan. Rm. Marta ana ing Plaosan, arep kondur menjang Ngajogja. Damel Gredja Bara, Sergent Ruol. K.K. ngrantjang medjane. Serangan daerah Karang Kajèn wiwit djam 1.30-2.30. R.P. Ruding rawuh *assisteeren*³⁴⁰.

25 Dec. 48. Setu.

Djam 6.30 R.K. Mis gedé terus mis kang 2 lan kang ke 3. Bakda Mis nampi tamu sawetara: Suwadi, Subardja, Darsana, Kambali lan adi-adiné, Sukana, Bardi+istri, R.D. Danu, R.P. v. Thiel, Tathone, Goddin, Mudjilan, ngabari menawa kabèh pada slamet. Koersen ana ing Susteran, ngreksa para suster lan botjah-botjah *internaat*³⁴¹. Commissaris Boschuard njuwun nganggo Broederan Kidul Lodji. Kabar, Journalist Voets vermond ing Kaliurang, teka tg. 19.12.48. Djam 4.30 lof + wulangan. R.K. ndèrèk lof. Bakda lof R.P. Djajaseputra *willen uit*³⁴² Solo tjao kabar: R.D. Sandjaja + fr. Bouwens disedani, seminari dirajah, college dirusak, sekolah ngarep susteran dirusak. Soréné Amkri. Jusup nuntun wedus kang arep diedum.

26 Dec. 48. Ngahad.

R.K. Mis djam 6.30 lan paring piwulang uga ing sadjroné Mis djam 8.30. akèh sadulur kang pada sowan lan njuwun rembug.

R.P. v. Kalken: menawa pasturan lan gredja Somoitan dirusak sadulur Kath. Saka dawuhe lurahe. Rm. Sonto rawuh, kedjot, kersa njaré lan ésuké mis ing pamulangan kang derek sad(ulur) 300. Soréné akèh kang sowan uga. Amkri njuwun palilah arep golek pangan saka ndjaba lan njlidiki kaha(na)ne kesatuan kang kongkonan mbutuhake djuru-rawat.

27 Dec. 48. Senèn.

R.K. Mis djam 6.30. kang derek lumajan. Isih akèh sadulur kang pada sowan. Br. Prudentius, Muder Consolata marak. Sunardi mulih saka Mlati digawani kambil, sukun kagem R.K pantjène arep digawani akèh nanging ora kuwat nggawa.

28 Dec. 48. Selasa.

Mis kaja wingi. R.K maringi lajang marang botjah 3 murid menengah peralihan kang pada arep mulih menjang Malang. R.v. Kalken rawuh, ngabari menawa R.P. Superior rawuh nitih jeep. Akèh kang pada sowan. R.P. de Quay sowan uga. R.D. Bratawiratma. Kap. Groenendijk, *sergeant* + pengawal.

29 Dec. 48. Rebo.

Mis kaja wingi. Tamu sawatara. Wardaja, Oei, Tikna, etc. Kapiten *aalmoezenier* Lamers, Major *aalmoezenier* Weemaas saka semarang sowan. Major Weemaas ngabari menawa *missie personeel*⁸⁴³ lan *missie gebouwen*³⁴⁴ ing Solo slamet. Mau bengi terus serangan nganti djam 2.30.

30 Dec. 48. Kemis.

Mis kaja wingi. Sarehne mau bengi ing ngendi-endi ana penjerbuan, pemuda lan sadulur kurang, dielungake politie lan diantjam, menawa melu melu mengatjau arep diukum keras. Wusanane pada bingung kabèh, tintrim, akèh kang arep lunga. R.K. disuwuni pramajoga lan ngendika dipada resik atine lan ngestokna dawuhe militer, ja wis sing pasrah. Jèn tanpa luput meksa dadi kurban, mestine uga ana gandjarane. R.D. Purwadihardja Klaten rawuh: tjaos kabar, menawa sadulur ing Katholik slamet, kang akèh ngungsi. Pastoran lan Gredja ditutup, ditilar, didjaga pemuda, Rama pindah ing désa lor kulon Klaten, nanging kerep ngundjukake Mis ing Klaten lan ing ngendi-endi, olèh palilah saka Rep. lan mil.³⁴⁵ Landa tindak nuweni sadulur. Ing Wedi uga wis didjegi tentara Landa. Kabare para sadulur slamet. Amkri ndjaga pasturan lan nulungi wong tatu lan ngungsi. Danu sowan, ngabari Bara pada slamet, ora ana apa-apa. R.D. Sandiwan terus ana ing Pugeran, asung tetulung marang para kang disengker ana ing kamp: pasturan lan lija-lijané diurmati lan disujuti ngalor-ngidul. Harjadi sabrajat lan brajate rajine Rama Harjadi ngungsi ing pasturan Bintaran.

31 Dec. 1948. Djumuwah.

Mis kaja wingi. Sadina akèh kang sowan. Uga R.P. Superior ngrembag bab guru missie Muntilan lan lija-lijané.

CATATAN HARIAN MGR. A.
SOEGIJAPRANATA, SJ
1 JANUARI 1949 - 17 AGUSTUS 1949

1-1-49. Setu.

Djam 6.20. Mis mawa sinewakan. Sadina akèh kang sowan. R.P. Superior bab *distributie voor de werkers*³⁴⁶, R.P. Martawerdaja kang mentas kondur saka nglindungi Ngidjon sakiwatengene matur menawa Gredja Nanggulan dirampas lan dirusak ra'jat; R.K. rada kuwatos bab Bara lan Gandjuran, kang saprene slamet ora ana apa-apa. R.P Santabudaja tjaos *verslaag* bab pasturan lan Gredja Somohitan.

2-1-49. Ngahad.

R.K. ngebihhi, nampèkaké lan ngundjukake Mis lumrah djam 8.30. Bakda Mis sadina muput akèh kang pada sowan njuwun rembag. Rm.³⁴⁷ Danu bab Mutadjin kang ditangkep. Djaja Ripin tewas kabare arep ngungsi, brajate isih slamet ing Salam.

3-1-49. Senèn.

Mis djam 6.15 ing gredja Bintaran. Sumitra ngabari manawa Pak Kasimo kasengker ana ing dalemé. Sekolah S.M.K.P. dibukak kang teka muride mung saprapate. Botjah-botjah wedi ditjurigani, nuli sawetara diparingi penerangan R.K. Hardaja njuwun palilah ndèrèk R.P. Superior menjang Semarang. R.K. njuwunake palilah lantaran aalmuzenier Groenendijk. Tilgram saka fam. Schmutzer ing Salatiga, njuwun priksa bab Gandjuran. Sesuk, R.K. paring wangsulan. Groenendijk njuwun *advies*³⁴⁸.

4-1-49. Selasa.

Mis kaja wingi. Bakda Mis murid Seminari Muntilan sawetara sowan lan *verslag*. Seminari tjilik nalika *convict* arep dibumi angus saparo ngungsi menjang Dukun, Maria Hoeve. Seminari Broederan, dirampas lan dirusak. Botjah Seminari, Maria Hoeve nuli dipetuk lan diirid Landa medal menjang Muntilan. Wiwit iku umat Katholik, luwih-luwih Seminari ditjurigani. Malah Hardjasusena, Harun Prawira, Djagalan kang gandeng karo Seminari ditjulik. Maria Hoeve samana wis kelangan sapi loro. Kang ana ing kono keluarga Hardjasusena kaputren. Pak Besoet sowan miterang bab Muntilan. Anggoné Rama Sandjaja lan frater Bouwens (disedani) sadurunge botjah pada ngungsi lan dipetuk Landa. Dadakane bisa uga marga nalika geni kang ngobong *convict* no. 3 arep mremen *convict* 4, dialang-alangi, soréné tentara Hisb. teka merdjaja sakarone. Munadjad Tel. lan uga njuwun iguh. Soréné Budiman njuwun *advies* bab ngersa

dalem Kandjèng Sultan. Tilgram menjang Salatiga durung bisa tumindak.

5-1-49. Rebo.

Mis kaja wingi, kang derek akèh. Akèh sadulur Kathulik kang rumangsa wedi marga Canisius boekak sekolah menengah menurut dawuh. Soetudjin putri Kartadipura, R.P. Vendel, Suwandi, sowan. Rectificatie³⁴⁹ bab Muntilan. Senèn soré pemuda kauman, ngaturi Rama supaja melu rapat. Sawise rembugan suwe Sandjaja mangkat, Bouwens ndèrèk mengkono uga Br. Kismadi kang mengagem preman, unine menjang kauman, wusanane diubeng-ubengake ana ing lor plaosan. Wusanane Br. Kismadi dikon bali, didjaga pemuda, api-api loro, ditekokake ngomah, wusana dipurih mulih menjang Seminari, tekane ± djam 10.30 bengi. Nuli ana swarane bedil muni ping pindo. Rm. Sandjaja semajan menawa arep bali jèn Rama lijané uga perlu ndjènengi rapat. Nalika dina tjandake pemuda teka ngaturi R. Presiden, Rama v.d. Putten puguh ora kersa mangkat jèn Rama Sandjaja durung kondur. Tekane Pak Willem bengi teka ngubur putrane lan fr.³⁵⁰ Bouwens ana ing pasarejan kang luwih betjik, mapan, ndéwé. (Enggone njedani lan dawuh udjub lungane ? kurang tjeta.)

R.K. weling Suwandi kagem Kandjèng Sultan, supaja ngendika lan mersani ra'jat. R.K ora rudjuk manawa K.S.³⁵¹ tindak medal, mesti ana tindak kekerasan saka Tentara Pendudukan lan bisa gawe petjahing kraton, ngelingi kang wis-wis djaman wingi (*mede-dingen*³⁵², etc.)

6-1-49. Kemis.

Mis gedé djam 6.15 kang derek akèh, kang tanpa luwih saka patang atusan. Botjah asrama 4 mangkat menjang Djakarta, mlaku liwat Muntilan, Magelang, Ambarawa, Semarang disangoni lan diparingi lajang keterangan saka R.K. Lijané rasane arep pindah Bintaran lor, ana omah kotong. Bruder Kardis mampir. Kiriman saka moeder Hovenie.

7-1-49. Djumuwah.

Djam 6.15 Mis kanti siniwakan kang tanpa koemini luwih saka telung atus. R.P. v.d. Putten, Suwandi, Munadjad, Sumitra pada sowan, ngrembug bab Seminari. Lajang akèh saka Semarang. Br. Kardis njangking lajang lan duwit saka Semarang nggawa bahan makanan. Ana ing Karta-sura mandeg bangsa rolas djaman, marga ana serangan; nginep ing Surakarta ana ing dalan. Djajaatmadja Kementerian agama sowan.

8-1-49. Setu.

Djam 6.15 Mis mawa menjanjian. Sudjana ibu lan putrane, embokne Mudji kuwat, pemuda 2 mulih menjang Purwokerto pada njuwun dana. Panti Rapih Warsinah sowan, R.P. Superior bab Soerakarta, kang pada slamet; H.C.S.³⁵³ hantjur; susteran lawas kobong setitik; lajang saka Moeder Solo lor. Kasimo *was mandaag avond 20 Dec. de stad uit en volgens de Locomotief te samen met drie anderen ministers R.I. als leider optreedt van onze guerilla.*³⁵⁴

9-1-49. Ngahad.

Djam 6.30 Mis gedé lan woelangan, djam 8.30 paring piwulang, apa manèh ngebihi. Bakda Mis akèh kang pada sowan. Ngarepaké lof Moeder Coleta sowan, njuwun palilah arep tuwi Muntilan, nunut *colonne (convooi)*³⁵⁵, R.K. ora nglilani, djer ora ana kabar, menawa susteran bingung. Mongko melu *convooi* bisa gawe tjurigane sadulur. Bakda lof Bodjone Sakir sowan, matur menawa wonosobo diserang pesawat terbang lima, kang 4 dihantjurkan pilote wong Nippon, ngrutug bom lan *mitrailleur*³⁵⁶. Pastoran kena *voltreffer*³⁵⁷, gredja kari separo, susteran *doofstomme Instituut*³⁵⁸ kena separo. Wong Kath. Pribumi ngungsi kabèh. Wong Tjong Hwa Kath. Isih panggah. R.P. Padmawidjaja M.S.C. slamet; sing dadi kagungane mung pangageman sing diagem. Zuster lan botjah-botjah pada slamet.

10-1-49. Senèn.

Mis djam 6.30. Mau bengi wiwit djam 10 nganti djam 2 serangan terus, kang ditempuh Susteran Setjadiningratan utawa Saidan. Ésuké botjah S.M.K. prasasat ora ana kang teka. Kabar menawa putra Marta-dirdjan gugur ana ing pertempuran Kaliurang. Kang nggenteni rajine. R.P. Superior pamit kondur, uga Br. Kismadi. Panti Rapih dienggo serangan. Tuti Kasimo lan Florentine, Tarti sowan. Dokter Sentral sowan prekara *onverkwikkelijhen geschiedenis*³⁵⁹. Jozef Wahjudi njuwun serat. Rama Dwidjasoesanta Muntilan sowan lan verslag menawa Maria Hoeve entek diobong lan dirampas sadoeloer Kath. *tijdelijk*³⁶⁰

